Рон	Рон, pl. рæдтæ s. ‘пояс’ [II, 1016]	**ron** | **ronæ** ‘пояс’ <…> ~ Восходит к иран. **rāna-* ‘поясница’, ‘бедро’. Слово широко представлено в иранских языках: **перс**. *rān*, **пехл**. *rān* ‘бедро’, *rānpān* ‘набедренный панцирь’, **парф**. *rān* ‘бедро’, **арм**. (из иран.) *eran* <…> **тадж**. *rōn*, **курд**. *rān* ‘бедро’ <…> Перенос значения ‘часть тела’ → ‘одежда’ (‘бедро’ → ‘пояс’), общий для осетинского, согдийского и сакского [II, 419–420]	**пояс** *м* рон кожаный ~гæрзон [397]	**ронæ** (мн. рæнттæ) 1) пояс, кушак [439]	**рон** (мн. рæттæ) 1) пояс, кушак [359]
Къуту	*К’уту s. ‘колобок (?)’ [II, 748]	**k’ūtū** | **k’utu, k’urtu** ‘корзина для хранения зерна и пр.’ <…> ~ Вероятно, из **тюрк**. *qutu* ‘коробка’ (Радлов II 992. – Zenker 712); ср. **перс**. *qūtī*, **груз**. *quti* ‘коробка’, ‘шкатулка’. Для объяснения дигорской формы *k’urtu* следует допускать контаминацию с каким-то унаследованным иранским словом, имеющим соответствия в **гр**. *χύρτος, χύρτοζη* ‘рыболовная корзина’, ‘вершина’, **др.инд.** *kata-* (из **karta-*), **лат**. *cratis* ‘плетенка’ и пр. (Boisack 416). На контаминацию указывает и семантика: значение ‘корзина’ ближе к приведенным индоевропейским словам, чем к тюрк. *qutu* ‘коробка’, ‘шкатулка’ [I, 643]	**корзина** *ж* къалати (маленькая); диг. цетенæ; къуту; куыф (большая); тæскъ (для ношения на спине) [220]	**цетенæ** корзина, шкатулка (для хранения ниток, иголок, наперстков, и пр.) [624]	**къуту** I амбар (из хвороста или досок для хранения зерна) **къуту** II колобок

Фынг	Фvнг, pl. °тæ s. ‘столик’ д. фінгæ [II, 1473]	**fyng | fingæ** ‘стол’; это название применяется к небольшим, невысоким, круглым треногим столикам, входившим в инвентарь староосетинской сакли; современные большие столы носят название *st’ol*. Тип осетинского *fyng* следует считать весьма древним <…> *Fyng* значит также ‘угощение’; *tuğy fung* буквально «стол крови», так называлось угощение, сопровождавшие примирение кровников <…> ~ Hübschmann считает заимствованием из кавказских языков: **груз**. *p’inaki* ‘блюдо’, **удин**. *p’inak*, **арм**. *p’nak’* (← **гр**. πίναξ ‘доска’, ‘блюдо’). Вс. Миллер думал сперва о родстве с индоевропейской группой слов: **др.инд**. *pināka-* ‘палка’, **гр**. πίναξ ‘доска’, ‘блюдо’ (ОЭ II 86). Позднее он присоединился к мнению Hübschmann’a (Gr.10). Штакельберг сопоставляет *fyng* и *fæjnæg* ‘доска’ (MSt.71). Начальный *f*, а также отсутствие второго гласного заставляет думать скорее, что перед нами или старое осетинское (иранское) слово, родственное **ст.слав**. *пьнь*, **русск**. *пень* и приведенным выше древнеиндийскому и греческому словам, или заимствование из греческого (*πίναξ*) еще в скифскую эпоху. К гр. *πίναξ* примыкает и **перс**. *ping, pingān* ‘чаша’ [497–498]	**треножник** *м* (подставка, столик) фынг, æртæкъахыг фынг [525]	**фингæ** 1) столтреножник, низкий стол на трех ножках; 2) угощение [563]	**фынг** 1) круглый низкий столик на трёх ножках; 2) угощение	**Чибиров Л.А. Древнейшие пласты духовной культуры осетин**
						Нарты владели чудесным медным котлом, столиком – фынгом (стоило повернуть его ножку и появлялись еда и напитки) [23]

Сынтæг/ хуыссæн	Cынтæг, pl. cынтæджытæ s. ‘кровать’; ср. cынт; ср. хӳссǽн, диг. урундуq [II, 1166]	**syntæg** и.‘кровать’; д. *urunduq* id.; у анатолийских осетин *šyntæg* ‘sofa’, ‘couch’ <…> Из *synt* + формант –*æg*; см. [2]*synt.* – **Балк., карач**. *šindik* ‘скамейка’ следует отделять от тюрк. *sunduq* ‘ящик’ и сближать с ос. *syntæg*. Контаминацией тюркского и осетинского слова является, возможно, и **адыг**. *šandak*, **шапс**. *śändaq* ‘высокое кресло в виде трона, с которого князь (княгиня) наблюдал за народными торжествами’ (см.: Керашева. Особенности шапсугского диалекта. Майкоп, 1957, стр. 139) [III, 204–205]; **x̱yssæn|xussæn** 1. ‘ложе’, ‘постель’ <…> ~ Образовано от *x̱yssyn* ‘спать’, ‘лежать’ с помощью форманта –æn, указывающего в одном случае на место действия (ГО § 170 $_{12}$), в другом – на орудие (ГО § 170 $_{11}$) [271–272]	**кровать** *ж* сынтæг; диг. урундухъ [226]	**хуссæн 1.** ложе, постель, кровать [602]; **урундухъ** деревянная кровать [521]	**сынтæг** (*мн.* **сынтæджытæ**) кровать [398]; **хуыссæн 1.** место, где спят; ложе, постель, кровать [491]

Стъол	*Ст’ол (русск.) s. ‘стол’ [II, 1133]	**st’ol | æst’ol(æ)** ‘стол’ <…> ~ Из **русск**. *стол*. О смычно-гортанных (глоттализованных) согласных после *s* в заимствованиях см.: ОЯФ I 524 (В фонетической позиции особенно после s смычно-гортанные обычны не только в неиранских словах, но и в иранских. В И.Абаев объясняет это явление тем, что в s как спирант требует значительного расхода воздуха и тем вызывает дезаспирацию следующего за ним смычного, что и приводит либо к появлению смычного «4-го ряда», либо в виде дальнейшей ступени того же процесса, к появлению смычно-гортанного) [III, 164]	**стол** *м* в разн. знач. фынг, стъол [507]	**æстъолæ** стол [136]	**стъол** стол [388]
Бандон	Бандон s. c*стул, *скамья; ср. д. к’ела [289]	**bandon** и.‘стул’, ‘скамья’; д. *k’ela* <…> ~ Вероятно, стяжение из *badæn-don* «место для сидения» (ср. *хæræn-don* ‘столовая’=«место для еды»). См. *badyn* ‘сидеть’ и [2]*don* – суффикс, обозначающий вместилище [I, 234–235]	**стул** *м* бандон; *диг*. къела [510]	**къела** стул [341]	**бандон** (*мн*. **бандæттæ**) стул, табурет, скамья; даргъ бандон лавка [166]

Зæрдæвæрæн	Зæлдесун, *зæлдæвæрæн, *зæрдæвæрæн, зæлдгæрдæн д. s. ‘весенний праздник, когда показывается «зæлдæ», вырезают дерн и обкладывают могилы; ир. нæўæвæрæн’ [I, 553]	**зæрдæвæрæн | зæлдæвæрæн, зæлдгæрдæн** один из цикла поминальных дней, приуроченный к христианскому празднику Вознесения <…> ~ Собственно «(день) укладки (*æвæрæн*) дерна (*зæлдæ*) на могилах». Иронская форма *зæрдæвæрæн* – вторичная: утраченное *зæлдæ* ‘дерн’ было заменено словом *зæрдæ* ‘сердце’, и праздник стал пониматься не как день «дерноукладки», а как день «обещания», от *зæрдæ æвæryn* ‘обещать’, ‘обнадеживать’. Формант *-æн* указывает здесь на время (ГО §170_3). Benveniste. Etudes 141 [IV, 302]	**Чибиров Л.А. Древнейшие пласты духовной культуры осетин** …широко распространенный обычай (в том числе и у осетин) – высаживать деревья на могилах. В поминальный день *зæрдæвæрæн* осетины обсаживали их цветами и молодыми деревьями, которые, по всей видимости, рассматривались как обиталища души умершего [44]	**зæлдесун, зæлдæвæрæн, зæрдæвæрæн, зæлдгæрдæн** *<u>этн</u>*. праздник Вознесения, весенний праздник, когда показывается трава (мурава, дерн), вырезают дерн и обкладывают могилы [274]	**зæрдæвæрæн 2**. вознесение [231]	**Чибиров Л.А. Осетинские народные праздники** **Зæрдæвæрæн** (дыг. Зæлдкæрдæн, зæлдæвæрæн) ирон адæммæ нымад у мæрдты боныл. Зæрдæвæрæны ног мæрдты ингæнтæ ныссыгъдæг кæнынц, цыртытæ ныссыдзынц ног мæрдтæн, ингæныл нывæрынц нæудзарм. Уыцы бон мæрдты номыл цы кусарт акæнынц (фыс, уæрыкк æмæ а.д.), уый зæрдæ марды ингæны баныгæнынц [128]

Sælдæ	Sælдæ д. s. ‘дерн, низкая трава’; ср. ир. hæ̈ў [I, 553];	**zældæ** д. ‘молодая трава’, ‘мурава’, ‘дерн’; ср. и. *næw, taw* <…> ~ Восходит к иран. **zarita-* от базы **zar-* ‘желтый’, ‘зеленый’, ‘зелень’. Ударение на первом слоге (*zárita-) привело к редукции и исчезновению гласного *i* во втором. Но, прежде чем исчезнуть, *i* произвел свое обычное действие: превратил *r* в *l*. Ср. **перс**. *zard*, **пехл**. *zart* ‘желтый’, *zartgōn* ‘желтого цвета’, **арм**. (из иран.) *zartagoyn* ‘желтый цветок, используемый для окрашивания’ <…> Иранскую базу **zar-* ‘желтый’, ‘зеленый’, и.е. **ǵhel-* мы находим еще в ряде осетинских слов: *zæræston, zærīdaw, mæzæræw.* Эта же база – в *zærīn* ‘золото’, ‘золотой’. По значению *zældæ* ближе к славо-балтийскому («зелье», «зеленый»), чем к иранскому («желтый»). Этимологически и по значению, но с иным словообразование, ср. **русск**. (диал.) *зелок* ‘молодая трава’ (Трубачев. Славянские этимологии 29–30. Этимологические исследования по русскому языку, М., 1962, стр. 36–37). – **Венг**. *zöld* ‘зеленый’ усвоено из аланского (Munkácsi, KSz. II 43, IV 380, V 321). – См. **zær.*	**дёрн** *м* нæуу; диг. sældæ [127]	**sældæ** мурава, молодая трава, дерн, газонная трава [274];	**sældæ** дёрн [230];

Hæуу	Hæў, pl. *hæўўvтæ s. ‘дерн, *целина; д. hæўæ’ [II, 847]; *Hæўævвæрæн см. д. sælдесун, sælдævвæрæн [II, 847]	[1]**næw	næwæ** ‘молодая трава’, ‘мурава’, ‘целина’; в дигорском в этом значении более обычно *zældæ* <…> ~ Восходит к иран. *nava-* ‘новый’, ‘молодой’; см. *nævæg* ‘новый’. Для развития значения ср. **пам. ш.** *nawčā* ‘поросль’, ‘молодые побеги, ростки’ (от *naw* ‘новый’), **русск**. *новь, новина́* ‘целина’, ‘земля, никогда еще не паханная или снова задерневшая’ **гр**. *νεός* ‘целина’, ‘новина’ (Ксенофонт) при *νέος* ‘молодой’. Для выражения *næw sæddyn* ср. **русск**. ломать нови, новину ‘пахать целину’ (Даль II 549) [173–174]	**дёрн** *м* hæуу; диг. sældæ [127]	**hæуæ** целина; поле, оставшееся под паром, не вспаханное [383]	**hæуу** (*мн*. **hæууытæ**) 1) целина; 2) дёрн [308]
Kæсаг	Kæсаг, pl. kæсægтæ s. ‘рыба’; д. kæсалгæ ср. kæф [II, 682]	**kæsag	kæsalgæ** ‘рыба’; в отличие от *kæf* не применяется к засоленной рыбе; крупная рыба также охотнее зовется *kæf* <…> ~ Сопоставлялось с **венг**. *keszeg* ‘*leuciscus’*, ‘лещ’, **ханты** (остяц.) *kaśeu*, **манси** (вогул.) *kāsen* ‘лещ’, с другой стороны – с **груз**. *kašaqi* ‘сельдь’. Эти соответствия говорят в пользу того, что *l* в дигорском – вторичное, как *n* в *ğarængæ*, *wasængæ*, *æxsinængæ*. Но откуда идет слово? Имеются опыты иранской этимологии. Peterson (LUÅ XIX 7) возводит к иран. **kasāka*, опираясь на **др. инд**. *kaśaku-* ‘*Coix barbata’* и *kaśa-* ‘плеть’ (и.е. **k$_{\circ}$oḱ-* ‘острый’). Beiley (Asica 23) сопоставляет встречающееся в одном **афганском** диалекте *ḳəžə* ‘рыба’. Уверенности нет. Схождение с угорскими языками свидетельствует во всяком случае о том, что в осетинском слово следует возводить по меньшей мере к сарматской эпохе [I, 588]	**рыба** *ж* kæсаг; kæф (крупная) [465]	**kæсалгæ** (*мн*. **kæсælгитæ**) рыба [321]	**kæсаг** (*мн*. **kæсægтæ**) рыба [256]

Кæф	Кæф, pl. кæфтæ s. ‘рыба *(большая)’; д. id. ср. кæсаг [II, 686]	**кæf** ‘рыба’; обычно о крупной рыбе (ср. кæsag) <…> ~ Общее восточноиранское слово; одна из характернейших лексических изоглосс, противоставляющих эту группу западноиранской, где находим для рыбы другое слово – *masya-*. Ср. **пам**. **и**. *kap*, **пам**. **м**. *kåp*, **пам**. **в**. *kūp*, **афг**. *kab*, **согд**. **kap-(kp-)*, **сак**. *kava* ‘рыба’. С уверенностью восстанавливается **скиф**. **kappa* ‘рыба’. Оно наличествует в названии *Panti-kapa-*, что значит «рыбный (*kappa-*) путь (*panti-*)» – сложное слово с «инверсией». – Происхождение слова **kapa-* не ясно. Может быть, его следует сопоставлять с **др.инд**. *kapanā-*, **латыш**. *kāpe* ‘гусеница’. Для развития значения ср. ст.слав. *рыба*, которое сближается с герм. *rūb-* (нем. *Raupe*) ‘гусеница’, герм. *Robbe* ‘тюлень’. Ср. *kæfoj*, *kæfq*, *yndar*, *jæwgæf* [I, 575–576]	**рыба** *ж* кæсаг; кæф (крупная) [465]	**кæф** крупная рыба [322]	**кæф** крупная рыба [258]
Туг	Туг s. ‘кровь’; д. тог [III, 1221]	**tug**	**tog** ‘кровь’ <…> ~ Возводится к ар. **tauka-* и сближается с **др.инд**. *toka-* ‘потомство’ (← ‘семя’; ср. ос. *mæ tug, mæ ‘stæg* «моя кровь, моя кость» в смысле «мое кровное дитя»), **ст. слав.** *tukъ*, **русск**. *тук* ‘жир’, **лит**. *taukaī* ‘жир’, ‘костный мозг’, *taukùs* ‘жирный’, ‘сочный’. Сюда же **др.инд**. *tokman-* ‘побег растения’, **ав**. *taoxman-*, **перс**. *tuxm* ‘семя’ (по образованию *toka-* относится к *tokman-*, как, скажем, *śaka-* к *śakman-* и т.п.). Имеем, стало быть, семантический ряд ‘семя’ – ‘кровь’ – ‘жир’, объединяемый понятием ‘жизненная сила’ (и.е. **tewə-, *tu-*)… [III, 309–310]	**кровь** *ж* туг [227]	**тог** кровь[485]	**туг** кровь [410]

Дур	Дур, pl. дуртæ s. ‘камень’; д. дор [I, 509]	**dūr	dor** ‘камень’ <…> ~ По всей видимости – старое отложение из кавказских языков, родственное груз. *t’ali* ‘кремень’. В соответствии с **груз**. *t’ali* мы должны иметь закономерно в **мегр., чан**. **t’or-*, что, с озвончением начального *t’*, и дало ос. *dor*. В современном мегело-чанском слово **t’or* не засвидетельствовано, но груз. *t’al-* и ос. *dor* дают право на его восстановление. Ср. другие «мегрелизмы» в осетинском: *sk’e* ‘серна’, *k’ela* ‘скамья’. Старая форма **tūr	*t’or* отложилась, возможно, в *dæl-t’ūr* ‘камень очага’, буквально «нижний камень». Из других кавказских языков сюда же относится **чеч**. *t’ul-g* ‘камень’… [I, 375]	**камень** *м* дур [204]	**дор** камень [248]	**дур** камень [217]

ПРИЛОЖЕНИЕ 2

ТЕКСТЫ ИНФОРМАТОРОВ

Текст №1

Бацоева Зикка, 1923 г.р., г. Алагир. Текст записан 14 марта 2009 г.

– Зазхæссæн кæцæй равзæрд? Цæмæн æй фæкæнынц?

Марды тыххæй уыдис. Мард зынаргъдæр уыдис æгасæй. Уый раздæры заман. Адæм хъал уыдысты раздæр. Мæ ныййарджытæн сывæллон амард, æмæ-иу ацыдыстæм, нæуу-иу ын сæвæрдтам. Уый-иу кадджындæр уыди. Уæд ахæм памятниктæ нæ арæзтой.

Адæм хъал уыдысты. Мард зынаргъдæр уыдис æгасæй.

– Заз та цæмæн байдыдтой кæнын?

Афтæ фæзæгъынц, заз кæмæн уа, уый мæрдты йæ аууоны баддзæн, кæмæн нæ уа, уый та – хурмæ. Аууон ын нæ уыдзæн. Цырагъ та – цæмæй йын рухс уа, уый тыххæй.

– Киимиицæй цытæ саразынц, уыдонæн та цы нысан ис?

Æппындæр ницы. Рæсугъд уа стъол, æрмæстдæр уымæн. Зæронд лæгæн фæкæнынц худ, лæдзæг, рон. Æрыгонæн та фæаразынц чиныг. Æрыгон чызгæн-иу кодтой гауыз, стыр гауыз. Уый-иу хъæздыгдæр чи уыд, уый кодта гауыз. Ælæм дæр-иу арæзтой, æмæ-иу æй барджынтæ хастой.

– Ælæм нæлгоймагæн кодтой?

О, нæлгоймагæн. Иу хатт нæ мæнæ Реуазты ус нæ уæрджытыл куы фæлæууын кодта. Гауыз арæзтам. Æмæ-иу æй уый зæххыл кодта, стъолыл нæ. Цæмæн афтæ, нæ зонын. Фæткъуытæ, къафеттæ – алцыта. Иу сæ хуынчъытæ кодта, иннæ та сæ æндахыл кодта кæрæдзи ’хсæнты.

– Ног дзабыртæ, ног дзаумæттæ та цæмæн æрцæттæ кæнынц?

Ома кæй фæдардта, уый йын фаг уыдис нырмæ. Дарддæр та дын ног æнæконд дзабыртæ.

Текст №2

Марзоева Зоя, 1932 г.р., г. Алагир. Текст записан 14 марта 2009 г.

Раджы бынтон æндæр цыдæртæ кодтой, ныртæккæ та – æндæр. Раздæр-иу ælæм дæр кодтой, ныр та ма йæ кæддæр исчи скæны. Кодтой гауыз дæр. Гауыз зындæр кæнæн у. Къафеттæ, кишмиш, фæткъуытæ аласынц æндахыл. Фæкæнынц ма кæлмæрзæн, корзинкæ, раздарæн… Пирæн дæр ма-иу кодтой, ныр – нал. Нæлгоймагæн – машинæ, бутылкæ æмæ стакан, сывæллонæн – пъартфел. Молодойæн − фылдæр заз. Заз обязательно. Йæ быны, дам, фæбады, хур куы фæкæсы, уæд. Уый ма цы нæ рабаддзæн!.. Нæлгоймагæн ма – лæдзæг, чисмисæй худ. Мæнæ Хаджуйæн та шахматны доска скодтой, уарзта шахмæттæй хъазын.

Цырагъдарæн − се ‘ппæтæн дæр, ногæй, зæрондæй. Фæткъуытæ, апельсинтæ йыл сæвæрынц рæсугъдæн, свечкæтæ аргъуанæй.

Стъол æмæ бандон-иу ногтæ ælхæдтой, стæй ног дзаума – хæдон, дзабыртæ, сылгоймагæн – халат, къаба. Цæмæй мæрдты бæсты ма йын хай уа хæдзарæй. Ирон адæммæ афтæ баззад рагæй.

Æхсæв фæбадынц, свечкæтæ фæсудзынц. Раздæр-иу бадтысты, ныр дæр ма хъуамæ бадой. Райсомæй сæ уæлмæрдтæм ахæссынц. Свечкæтæ фæсудзынц, хъуамæ æхсæвæй-бонæй йæ разы рухс уа.

– Мæнæу дæр куы разайын кæнынц зазхæссæнмæ?

Мæнæу та махмæ никуы кодтой, æз æй ам федтон. Гъе ныр-иу нæ мад афтæ дзырдта: джыджына къахынмæ, дам, цæуынц. Кæд уымæ гæсгæ…

– Джыджына та цы у?

Æмæ нæ зонын. Афтæ-иу дзырдта. Лауызгæнæнты та-иу дзырдта: «Джыджына къахæнæй æрцæудзысты æмæ фæллад уыдзысты». Æмæ-иу лауызтæ скодта…

– Зойæ, зазхæссæн æнæуый кæцæй фæзынд, кæцæй равзæрд?

Йæ фыны-иу, æвæццæгæн, чи цы федта, уый-иу радзырдта, æмæ та-иу æй кæнын байдыдтой. Мæ мад та-иу ууыл ныллæууыд: заз кæнын хъæуы, йæ быны фæбады. Зæрæдтæн ныр заз нал

кænынц. Стæй ма сывæллæттæ цы бахæрой, уый, дам-иу, сын удыбæстæ у мæрдтæн. Цы ма-иу дзы баззад, уый та сылгоймæгтæ кæрæдзийæн байуæрстой.

Æмæ сæ уадзгæ дæр нæ кæнынц, кæнынæн дæр зын сты. Се ‘мбис сын куадзæнмæ ныууадзынц, мæрдты куадзæнмæ. Ныр æй аргъуанмæ гæсгæ кæнынц, уæд та йæ ирон адæм къуыригай нымадтой. Мæрдты куадзæн та уыдис къуыри фæстæ. Зæронд адæм рæстытæ дзырдтой. Тынг бирæ цыдæртæ зыдтой. Мæ фыды фыдиу изæры аргъау кæнын куы райдыдта, уæд-иу æй æртæ сахаты ахаста уыцы аргъау. Кæцæй-иу сæ иста?!. Ныр æз уыдæттæ куы хъуыды кæнин, уæд кæуылты уаин!

Текст №3

Еналдиева-Цгоева Езета Темболатовна, 1930 г.р., пос. Мизур. Текст записан 19 марта 2009 г.

– Зазхæссæн кæд вæййы?

Иу аз даргъдæр вæййы, иу бон даргъдæр, иннæ аз та цыбырдæр. Æмæ уымæ гæсгæ, алы аз дæр алыхуызон бонмæ æрхауы. Куадзæны размæ вæййы. Чи къалиу фæкæны, ёлкæйы хуызæн, æмæ йыл уæле сау тырыса бакæн, гыццыл тырыса, кæнæ та йыл сау хæцъил дæр абæтт. Уæлмæрдтæм æй ахæссынц тилгæ, сывæллæттæ йæ фæдыл фæцæуынц æмæ къафеттæ фæуидзынц, взрослытæ дæр сæ фæтонынц.

– Æмæ уый цы хуыйны?

Заз бæлас. Иннæтæ та фæкæнынц ас лæгтæн, мæнæ ацы ковер цæйас у, уыйас… Æндæхтæ иуырдæм-иннæрдæм аласынц, къафеттæ, печенитæ, пряниктæ, фæткъуытæ, алцытæ йыл бакæнынц. Стæй йæ дыууæ ставд лæдзæгыл бакæнынц, уырдæм æндæхтæ бабæттынц. Уый дæр тилгæ фæхæссынц, уæлмæрдты йæ равдæлон кæнынц æмæ йæ уым решëткæйы мидæг ныууадзынц. Уый та лæм хуыйны, лæм. Сылгоймæгтæ дзы рахæссынц, æмæ дзы чи уынгты байуары сывæллæттæн, чи сæхимæ рахæссы. Молодойæн та зазы къалиу вæййы, æмæ йæ решеткæйы мидæг ныууадзынц.

– Зазхæссæн цæмæн кæнынц?

Зæрдæйы рыст фæцæуа – гъе уыдæтты тыххæй. Фыдæлтæй нырмæ дæр æй афтæ кодтой. Раджы та-иу цæй памятниктæ уыд, цытæ? Стыр къæйтæ ‘фтыдтой æмæ сæ ингæнтыл сагътой памятникты бæсты.

– Цырагъдарæн та фæкæнынц?

Цырагъдарæн дæр зазхæссæны фæкæнынц. Телæй мæнæ афтæ фондз скæнынц, свечкæтæ алыг кæнынц æмæ сæ телтыл ныссадзынц. Свечкæтæ ма аргъуаны дæр судзынц, цæмæй адæймаг тыхсгæ мацæмæй кæна, рынчын ма кæна.

– Цæмæн фæкæнынц цырагъдарæн?

Баззади фыдæлтæй афтæ. Ныртæккæ йæ бирæтæ нал кæнынц, раздæр та йæ алчидæр кодта. Мæнæ ма чисмисæй дæр цырагъдарæн кæнынц, ёлкæйыл дæр дзы ауындзынц. Фылдæр цырагъдарæны телтæ чисмисæй æхгæнынц, стухынц сæ. Стæй йыл æрцауындзынц печенитæ, пряниктæ, мандаринтæ, фæткъуытæ.

– Адджинагæй цæмæн кæнынц?

Уыдон фыдæлтæй баззадысты æмæ сæ мах дæр афтæ кæнæм.

– Ды кæцæй дæ, уым дæр кæнынц зазхæссæн?

Кæнынц. Рассветы дæр кæнынц, Æрыдоны дæр, Нартыхъæуы дæр, Фыййаджыбылы дæр, алы ран дæр. Мæнæ ме ‘фсымæрæн дыууиссæдзæм бон нæма скодтам, афтæмæй йæ мæ фыны федтон. Цыма иууылдæр дыууæрдæм кæнынц. Æмæ мын афтæ зæгъы, се ’ппæтмæ дæр, дам, тæбæгътæ ис. Æз дзы тæбæгъимæ никæй федтон, фæлæ… Æмæ йæ фæрсын: «Дæуæн тæбæгъ нæй, æви?». «Нæй, стæй æнхъæлмæ дæр нæ кæсын», – афтæ мын. Æмæ уæд райхъал дæн æмæ мæхицæн афтæ зæгъын, цыдæр кæнд ын не скодтон, æвæццæгæн. Гогыз балхæдтон, ныссыгъдæг æй кодтон, пирогтæ, кæрдзынтæ скодтон, дыргътæ балхæдтон, къафеттæ, сæнтæ, алы нозтытæ. Стæй йын скодтон къалиу. Гъе ныр дæр ма мæ мад æмæ ме ‘фсымæр æдде сты: решеткæ сын æвæрд нæй.

Ноджы ма афтæ фæзæгъынц, марды бон, дам, лæдзæгимæ тæфæрфæс нæ фæкæнынц, газетты йæ бакастæн. Бацæуынц, дам, лæгтæ, разæй хистæртæ, сæ фæстæ – кæстæртæ. Æмæ куы фæхæццæ кæнынц, уæд сæ лæдзджытæ кæстæртæм аваерынц,

тæфæрфæс ракæнынц, æмæ куы раздæхынц, уæд сæ фæстæмæ райсынц. Хистæртæ бадгæ фæкæнынц, кæстæртæ – лæугæ.

Текст №4

Джатиаты Фузæ Владимиры чызг, 78 азы, сел. Ногир, ул. Джатиева, 30. Текст из фольклорного архива кафедры русской литературы СОГУ. Записала Э.З. Танделова. 1 июля 2008 г.

Зазхæссæн вæййы Комахсæны фæстаг сабат – æвдæм сабаты. Уæлмæрдмæ заз хæссын баззад нæ фыдæлтæй. Заз æвæрынц уый тыххæй, æмæ ирон уырнынадмæ гæсгæ адæмæй алкæмæн дæр уæларвы ис номыл стъалы, зæххыл – номыл заз. Адæймаг куы амæлы, уæд ахуыссы йе стъалыйы хай, ракалы йæ заз. Стъалыйы бæсты йын ссудзынц мыдадзын цырæгътæ, зазбæласы бæсты йæ уæлмæрдты ныссадзынц зазы къалиу.

Зазыл зианы хæдзары ауындзынц дыргътæ, адджинæгтæ, садзынц æй марды ингæныл дæлфæдтæй. Уый сагъдæй лæууыди зæрдæвæрæнмæ, стæй йæ бынаты æвæрд æрцæуы бæстон дурын (хъæдын) цырт.

Заз-иу уæлмæрдмæ куы схастой, уæд-иу загътой ахæм хæлары ныхæстæ фыццаджы дæр: «Хуыцауы сфæлдыст адæм стæм, æмæ нæ йæ хорзæх уæд! Чи йæм кувы, уыдон кæй ном арынц, æмæ не ‘хсæн чи нал ис, уыдоны æрцыдмæ кувæг адæм Хуыцауы ном арæнт! Сæ номыл сын цы скæнæм, сæ ном сын цæмæй арæм, уыдон сæм фых хойрагæй (хæццæ кæнæнт – Д.М.), дарддæр сæ хъус куыд ницæмæ дарой. Сæ ном сын цæмæй арæм, уыцы хойраг сæм сыгъдæгæй хæццæ кæнæд. Уæлæуыл цы нæ бахордтой, уый сæ кæстæртæн куыд бантыса! Ацы зазбæласыл цы адджинæгтæ ис, уыдонæй хайджын уæд, уый дзы цы нæ бахæра, уый йæ кæстæртæ хæрæнт, цалынмæ уыдон здæхой, уæдмæ! Хуыцаумæ хъуысæнт нæ ныхæстæ! Хæлар дын уæд! Мæрдты рухсаг у! Кæимæ дын бæззынц, уыдонимæ дын хæлар уæнт, æмæ дæ кæстæртæ де ‘рцыдмæ дзæбæхæй цæрæнт!».

Раздæры рæстæджы заз уæлмæрдмæ хастой нæлгоймæгтæ, ныры рæстæджы та йæ фæхæссынц сылгоймæгтæ. Хæлары ныхæсты фæстæ-иу стæй дыргътæ æмæ адджинæгтæ сывæллæттыл æмæ, уæлмæрдты цы адæм уыд, уыдоныл байуæрстой.

Зазхæссæны марды номыл арæзтой ног зазбæласæй къæлætджын бандон, ууыл бадын кодтой марды æнгæстæ конд хуыз æхсæвæрты размæ, æмæ йæ алыварс бадтысты сылгоймæгтæ хъарджытæгæнгæ.

– Цæмæн саразынц заз уæлмæрдты?

Ирон адæмы уырнынадмæ гæсгæ, адæймаг куы амæлы, уæд йæ уд атæхы уæларвмæ, йæ буар та свæййы сыджыт. Стæй уыцы сыджытыл æрзайы алыхуызон бæлæстæ, бæлæстыл та вæййы дыргътæ. Ирон адæммæ гæсгæ, уыцы дыргътæ æрзайынц адæймаджы буарæй æмæ адæймаг куы амæлы, уæд ын ныссадзынц зазбæлас, цæмæй йæ амарды рæстæджы дæр хæлар кæна сывæллæттæн æмæ уарзон адæмæн адджын цард.

Текст №5

Ныхæстæ фыст сты Магкæты Верæйæ, 60-аздзыд, Змейкæйы. Записан 1 июля 2008 г. Текст из фольклорного архива кафедры русской литературы СОГУ.

Дыууиссæдзæм боныл дыууæ къуырийы куы рацæуы, уæд скæнынц лауызгæнæн. Скæнынц дыууæ кæрдзыны, лауызтæ, хуыссæйæ скæнынц асин. Алцыдæр вæййы фынгыл. Æрцæуынц хиуæттæ æмæ сыхæгтæ. Хæдзары куы ныххæлар кæнынц, уæд сылгоймæгтæ ацæуынц уæлмæрдмæ.

Куадзæны размæ скæнынц зазхæссæн. Ирон уырнынадмæ гæсгæ адæмæй алкæмæн дæр уæларвы ис номыл стъалы, зæххыл – номыл заз. Адæймаг куы амæлы, уæд ахуыссы йе стъалыйы хай, ракалы йæ заз. Стъалыйы бæсты йын ссудзынц мыдадзын цырæгътæ, зазбæласы бæсты йæ уæлмæрдты ныссадзынц зазы къалиу. Нæлгоймагæн скæнынц æлæм – гыццыл гауыз къафеттæй, дыргътæй, чисмисæй, срæсугъд æй кæнынц. Зæронд лæгæн скæнынц худ – хъæбæр гæххæттæй ралыг кæнынц

æмæ йæ чисмисæй срæсугъд кæнынц. Сылгоймагæн саразынц къафеттæй рæсугъд раздарæн, пирæн, уый дæр срæсугъд кæнынц. Хæстæджытæ дæр æрхæссынц цырагъдарæн æмæ алыхуызон хойрæгтæ. Уыдон иууылдæр ныххæлар кæнынц æмæ дзы иу цырагъдарæн ныууадзынц йæ фынгыл, иннæтæ ахæссынц уæлмæрдмæ. Раздæр-иу æлæм кæнæ зазбæлас хастой бæхыл æмæиу æй фæндагыл ныууыгътой, цæмæй дзы сывæллæттæ бахæрой.

Уыцы бон зианджынтæ æхсæв фæбадынц, хъæубæсты сылгоймæгтæ сыл фæзилынц цырæгътимæ æмæ алы ног мардæн дæр йæ хæдзары фæзæгъынц хæлар.

Зазхæссæны фæстæ фæкæнынц мæрдты куадзæн. Хиуæттæ, сыхæгтæ æрбацæуынц, хæдзары скæнынц дыууæ кæрдзыны, сахорынц æйчытæ, сцæттæ кæнынц адджинагæй, дыргъæй – алцыдæр. Хæдзары ныххæлар кæнынц æмæ, зазхæссæны бон цы цырагъдарæн баззад, уыимæ ацæуынц уæлмæрдмæ æмæ йын уым ныххæлар кæнынц, хæдзарæй цы хойрæгтæ рахастой, уыдон.

Куадзæнæй зæрдæвæрæнмæ фæнымайынц æхсæз къуырийы. Ацы бон æнæмæнгæй аргæвдынц фыс. Скæнынц фынджыдзаг. Хæдзары йын сæ ныххæлар кæнынц æмæ ацæуынц уæлмæрдмæ. Быдыры кæрдæг æд зæхх скъахынц æмæ йын йæ ингæныл сау зæхх чи вæййы, уый бамбæрзынц уыцы кæрдæгæй. Уæлмæрдтæм семæ ахæссынц зæрдæ, йæ къæхтæ (фысы къæхтæ – Д.М.) æмæ æгас кæсаг, баныгæнынц сæ йæ ингæны, уымæй уæлдай нæ мацы бацагур, зæгъгæ.

Дыргъ куы сцæттæ вæййы, уæд ын ныххæлар кæнынц алы хуызæй дæр, скæнынц чъиритæ, алыхуызон халсартæ æрцæттæ кæнынц. Уый хуыйны дыргъвæлдисæн.

Текст №6

Записано от Т. Агузарова, 1929 г.р. в сел. Рамоново Алагирского района 3 июля 2008 г. Текст из фольклорного архива кафедры русской литературы СОГУ.

Зазхæссæн фæкæнынц хуымгæнæны мæйы, куадзæнмæ ма къуыри куы баззайы, уæд, сабаты. Зазбæлас фæкæнынц уый

тыххæй, æмæ æнусон цъæх бæлас царды, фидæны нысан кæй кæны, уый тыххæй.

Усæн фæкæнынц зазбæлас, лæгæн та – гауыз. Стæй кæмæн куыд йæ бон у, афтæ сцæттæ кæны фынгтæ. Зæронд лæгæн йæ гауызыл бафидар кæнынц къафеттæ, дыргътæ, алыхуызон лыстæг дзауматæ. Стæй ма лæгæн фæкæнынц къæцæл, стухынц изюм, æмæ ма худ дæр.

Усæн та йæ зазбæласыл къафеттæ сауындзынц æмæ дыргътæ, стæй ма фæкæнынц цырагъдарæн, ууыл дæр стухынц изюм.

Ныххæлар кæнынц алцыдæр æмæ стæй бæхыл фезгъорынц, зазбæлас сæ къухты, афтæмæй, æмæ бæласæн та йæ къафеттæ фæхауынц, æмæ сæ сывæллæттæ фембырд кæнынц.

Лæгæн йæ гауыз фæхæссынц дыууæ бæхыл, æмæ уый дæр фæцæгъдынц, цæмæй сæ сывæллæттæ сæмбырд кодтаиккой, уый тыххæй.

Текст №7

Басиева Зинаида Леонидовна, 60 лет., г. Алагир. Текст записан 16 июля 2008 г.

Мæнæ чингуыты куы фыссынц, заманы дугъ йедтæ куы уагътой. Тогда очень бедно же жил народ, и вот такие столы они накрывать не в состоянии были. Вообще-то это раньше все-таки не делалось, а постепенно мир же меняется, естественно. Теперь вот, например, её брат умер, он через два дома живет, правда, они через две недели после нас сделали, из-за нас они отложили. Он всю жизнь проработал шофёром, последняя машина была, он сидел на автобусе, и старшая дочь живет в Црау, и сделали автобус. Сделали каркас и изюмом обработали. Все падали. Т.е., обычно чем человек занимается… Мы же верим в загробную жизнь, и если раньше в могилу клали все эти вещи с ним, начиная от ножа и кончая чуть ли не женой и не конем… Они же всегда клали, особенно богатым. То теперь мы вот на стол стараемся те предметы, те инструменты, которыми она работала, чем она жила всю жизнь. А моя мама всю жизнь шила. Ножная машина, одна из

первых, кто на улице купил – это она купила. И вышивать первая научилась, хотя работала на заводе, нас четверо детей, они строились, папа был колхозником. И все равно, как только появилась вышивка, неделю буквально походила к кому-то и научилась. И шторы, и пододеяльники, и наволочки – все у нас было с вышивкой. И поэтому файнустка, которая в Мизуре живет, и ножницы поэтому сделала. Ну машину живую мы занесли туда, за кровать поставили. Æмæ йын æй афтæмæй ныххæлар кодтам. Æндæр девочки, сестры сказали, соседи попросили, кæд машинæ дæр, æмæ фæракæ-бакæ кодтам картонæй, фæлæ… Ей 80 лет уже было, она часто сидела на улице… Мæнæ ахæм къул йедтæм никуы кастаид… Вот мы весной побелили, но эта сырость все разъедает. Афонмæ йæ рацагътаид. Мамæ, сызгъæрин талатæ суадз!.. Вот это бы она не терпела. Но на улице она сиживала. Æмæ йын уæд Виктор каркас скодта проволокæйæ… вот такую скамеечку и еще столик маленький тоже из проволочки. И тогда они натянули изюмом, æмæ дзæбæх рауади. Порадовались все, особенно соседки, которые рядом с ней часто сиживали. Ну, а я для женщины фартук, косыночка – это обязательно. Тоже из сладостей. Мужчине, конечно, делают шапку. Да! И еще… палочка. Она же последние десять лет почти о двух палках была – колени совсем не держали её. Моя сестра говорит, иу лæдзæг æз скæнон. И опять мизурская нам звонит, ну, родная файнустка. Æмæ загъта, иу лæдзæг та æз кæнын, кæд иу Зоя кæны, уæд иннæ та æз кæнын. И опять получились две палочки. Потому что обычно одну палочку делают, а у нас вот так. В общем, всё, что её непосредственно, как нашу маму, касается. Вот эта корзиночка тоже появилась, например, совсем недавно, буквально 3–4 года. У нас тут через дорогу жила… Мæнæ куырыхон лæг кæмæй фæзæгъынц, но это относится к мужчине. Это была женщина, но она была куырыхон! Редко какой урок осетинского языка я проводила без её помощи. Звонила, бегала, спрашивала, расспрашивала. Дзывылдары тыххæй… Дзывылдар уырыссагау, иронау… Когда-то будучи уже заочницей, я купили осетино-русский словарь. Гъе уым дæр раст нæу. И она вырастила племянника, Викторы æмгар уыди, они служили

вместе. Своих детей у неё не было, она замуж не выходила… И вот они вдвоем когда начинали говорить, разъяснять-объяснять, у меня глаза вылезали. Я до сих пор жалею, почему я каждую фразу не записала. По этому осетинскому календарю она мне никогда не разрешала никакой праздник справлять. Уымæн æмæ сæ нымайын хъæуы, уыдон сæ куыд нымайынц, афтæ нæ, фæлæ мæймæ гæсгæ, мæй гыццылдæр, дынджырдæр, рæзгæ мæй, цавæрдæр мæй… Никæцы бæрæгбон!.. Редко какой праздник по этому календарю справляли. И вся эта округа – Хъырупс иууылдæр… А работала она, всю жизнь проработала на почте и в основном разносила телеграммы, кого она только не знала! В районе! Калоты Феня. Кого она только не знала, и кто её только не знал! Æмæ-иу афтæ… цыфæнды бæрæгбон куы ‘рбахæццæ кодта, уæлдайдæр мæрдты кæндытæ, ей звонили, к ней приходили, у неё спрашивали, у неё консультировались и делали так, как сказала Феня. У меня же там æфсинкæ умерла, потом файнуст, потом из своих… Всё это я в основном запомнила от неё. Тут уже, конечно, соседки пошли… Æмæ ацы карзинкæтæ дæр нæ уыдысты. Вот они уже появились совсем недавно. Вот мужчине, конечно, корзинку не делают, на этот стол не поставят. А женщине опять же корзиночка как раз предмет её.

– Зазбæлас та?

Ну это называется зазхæссæн, так как этот новый год они уже не встречают, не встретят, вот кто в течение года умер, то для них зазхæссæн… Вообще-то раньше только делали… Вот когда я тебе говорю, в дореволюционные годы, когда бедно жили, уæд кодтой æрмæстдæр заз, вот такие столы не накрывали, не было у них ни средств, ни таких сладостей этих не было. Æмæ кодтой гъе уыцы заз, æрмæстдæр зазбæлас, и сейчас очень маленькие делают, веточки делают, а тогда настоящие большие деревца ставили, обвешивали какими можно только сладостями, начиная с ореха грецкого и кончая вот этими бубликами всякими и т.д. Æмæ-иу уæд дугъы куы уагътой сæ бæхтæ, вот тогда на лошадях мужчины держали вот эти ёлочки, или если это был старик 90, 100 лет и т.д. обязательно, я помню… гъе уыцы файнуст, Мызуры бын чи цæры,

мой отец, когда умер, ему 48 лет всего было, он после войны с ранениями пришел, бронхи у него еще... И в 48 он умер, это было где-то в 71-ом году. Æмæ йын уыцы файнуст, сæрæн сылгоймаг у – тут разговору нет, и к нам она относится исключительно… А их было только два брата, сестер было шесть, а тут только два брата, и жили они хорошо, по древним обычаям, не то, что сейчас – сразу начинают соревноваться, кто из них лучше, а кто из них… Æмæ йын скодтой ковёр. Ælæм хуыйны, ælæм. Ковры делали тоже из грецкого ореха, из этих кренделей, и опять же эти сладости. Кто красивее. И вот на этих лошадях обязательно увозили на кладбище. Вот если это ælæм, то на двух лошадях, если это вот эти ели, то каждый своё. И причём, бегом, говорят, надо было ехать, чтобы все это тряслось, все это осыпалось, дети сзади всё подбирают, всё очищают. Гъе ныр дыууæ хатты дæр ацыдыстæм, иу хатт мæ мады ‘фсымæры тыххæй, иннæ хатт дæр… Одни собаки там лазили… Детей совершенно не было. Æмæ зæронд устытæй чи уыди уыцырдыгæй (афтид нæхи ‘рдыгæй цыппар ранæй ахастам), уыдон загътой, мацы ныууадзут, куыйтæ сæ пырх кæнынц. Сколько женщин там было все пошли, кулечки взяли с собой, всё раздирали и в кулечки сразу убирали. Ма ныууадзут – куыйтæ… Раньше ходили дети с такими пакетами и всё собирали, и говорят, чем больше людей это попробуют, тем, вроде, там лучше. И когда мне это Гориславa объяснила, мæнæн бирæ хæстæджытæ нал ис, и тогда я и своему третьему классу, и седьмому классу, уборщицам отдельно, начальной школе отдельно торт купила, сладости, и в учительскую принесла. Гориславa говорит, вот эти деньги собирают, мы, конечно, помочь надо, но любой человек сам выкрутится, тем более матери сделать стол, но эти деньги собираются для того, что чем больше людей хæлар скажут «хæлар дын уæд», зæгъгæ, тем, вроде, этой душе будет легче на том свете. Ну, Гориславa увлекается эзотерикой, мне нравится это дело…

– Ælæм та-иу куыд скодтой?

Там основа была тоже или из проволоки, кæнæ та синаг хуыйны, из твердой нити, из крепкой нити то есть. Нанизывали в основном, орехи, много орехов. Они их сверлом или чем-то ды-

рочки делали и пропускали вот эту нить. Цæмæн кодтой, уый дын нæ зæгъдзынæн. Мæнæ мæкъуыл – чисто символически сельскохозяйственный труд, а вот ковер… Æмæ чиныджы фыст нæй – «Ирон æгъдæутты»? У нас осталась еще одна знающая соседка кроме Фени. Алагирæгтæ не сты. Феня дæр алагираг нæ уыди, уый дæр хъæуæй уыди, Хъахъхъæдурæй кæцæйдæр. Æмæ ацы ус дæр уырдыгæй у. Уым дæр сыхæгтæ уыдысты дæлейы. И тут так получилось, что их родители приехали в горы, тогда же шахты открыли, а потом когда уже там смогли жить, стали закупать здесь земли, афтæмæй схаудысты ардæм, æндæр алагирæгтæ не сты. Тынг хорз ус у, аныхас кæн йемæ дæр.

Текст №8

Ревазова Аза Константиновна, 1927 г.р., г. Алагир. Текст записан 16 июля 2008 г.

Со дня похорон. Обычно у осетин считают со дня похорон, не знаю, почему. Моё мнение, со дня смерти. Амарди, нал и, цы уæлдай у, фæнды под землей ис, фæнды на поверхности, уже человека нет. Фактически, правильнее выходит со дня смерти, но почему-то у осетин справляют со дня похорон. Сыджытмæ, дам, куы ныххизы, уæдæй нымайынц. Это кто как, по-разному. Одни делают так, другие иначе. Сейчас же всё вот так вот. Вот считают или со дня похорон или со дня смерти отсчитывают 40 дней. И выходные, и все дни. А среди этих сорока дней первая пятница, вторая пятница, третья пятница. Причём, так. Раньше делали так. Вот в течение недели, зæгъæм, дыццæджы амарди, уæд в эту пятницу этой недели не делают, оставляют так. А вот со второй недели уже эта пятница второй недели считается первой пятницей. Потом следующая – второй, следующая – третьей, и тогда счёт дней как раз подходит к сорока дням. И вот наступает сорок дней. Афтæ фæзæгъынц, гъе уыцы сорок дней, дам, фале цæугæ фæкæны, на дороге, и вот к сорока дням прибывает на место, в рай, или в ад, Аллах его знает. Вот так.

Зазхæссæн бывает в апреле. У нас делают зазхæссæн, а вот в городе, в Ардоне делают в январе – бадæнтæ. Это одно и то же, одна и та же поминка, только в разные сроки делают. Вот почему, не могу сказать. Йер мæнмæ гæсгæ, бадæнтæ пысылмæттæ фæкæнынц.

– Кæцæй рацыди зазхæссæн?

Объясняют так, мол, когда доходит, уæд йемæ æрбахæссы уыцы дугмæ, уыцы дунемæ кæнæ хорздзинæдтæ, счастье, что ли? Кæнæ та неприятности. Æмæ заз куы ‘рбахæссы, заз дæр ын гъе уымæн скæнынц, значит, уыцы заз – это символ того, что человек прибыл на тот свет. Дорога закончилась, на место назначения он прибыл. Æмæ йын гъе уæд заз, ель, отсюда и название происходит – зазхæссæн.

– Почему ель именно?

Именно ель почему? Вот это я не скажу. Фæлæ гъе ныр молодойтæ куы амæлы, уæд вæййы вот как елку наряжают, афтæ скæнынц. Ну елку игрушками наряжают, а здесь – хæринæгтæй, печенья, конфеты, фрукты – алцы.

– Почему именно сладости?

А именно сладости и фрукты. Видишь как, уыдонæн дæр в течение года определенные праздники есть. Вот 27 августа уыдзæни майрæмтæ. Это значит, сбор урожая, æмæ уыцы урожайæ цыдæриддæр – фрукты, овощи – всё, что есть, уыдон ын ныххæлар кæнынц. Обычно на таком столе сладостей больше всего бывает, разного вида, но больше всего, вот почему так, это не могу тебе сказать.

– Зазæн та йæ нысан цы уыди, Азæ?

Зазæн… Гъе ныр æй æз афтæ æмбарын, афтæ йæ æрыхъуыстон: значит, зазы… ель же вечнозеленая – значит, не умирает, а переходит на тот свет. Душа не умирает, остается на том свете, вечнозеленое, вечноживущее.

– Цырагъдарæнтæ та?

Цырагъдарæнтæ зазхæссæны дæр вæййы. Это просто украшения. Фыццаг-иу афтæ кодтой, уыцы къалиу-иу скодтой, æмæ-иу æй ныууагътой мæрдты бонмæ, на две недели. Абон зазхæссæн у,

дыууæ къуырийы фæстæ вæййы мæрдты бон, мæнæ уæлмæрдтæм куы ацæуынц иууылдæр, уыцы бон. Æмæ уыцы къалиу уæдмæ ныууадзынц. А это как раз время выхода муравьёв, æмæ дзы къафеттæ нæ вæййы, æмæ дзы печенитæ нæ вæййы – и всё портится. Я не пойму, цæмæн-иу æй кодтой. Æнæуый та-иу афтæ загътой, куы бахæццæ вæййы, уæд ын бирæ куы вæййы, уæд сæ уайтагъд нæ фæдæттынц. Чи дзы æрбаздæхт, нæ зонын. Фæлæ дзы ныууадзынц фæстæдæрмæ, æмæ йер къалиу уымæн ныууадзынц мæрдты бонмæ.

Фыццаг майрæмбоны æргæвдæн ницы вæййы, æрмæст кæрчытæ. Причём, парные. Æртыккаг майрæмбоны… Фыдæлтæ сорок дней нæ кодтой. У нас не было сорока дней. Это мы изъяли у русских, æндæр махмæ нæ уыди. Махмæ уыди сабатизæртæ. Æмæ-иу æртыккаг сабат скодтой, ныр сорок дней куыд у, афтæ. Кусарт фыс, накрывают стол. Ныртæккæ дæр афтæ, фæлæ-ма уый æдде ныр сорок дней дæр кæнынц, уæд та нæ кодтой. Это уже где-то в 50-х годах, в 40-х годах начали делать. Фыццаг æмæ дыккаг сылгоймæгтæн уыдысты, фæлæ æртыккагмæ та-иу сыхы лæгты хуыдтой. Алцæмæй дæр дыгæйттæ. Зæгъæм, чъиритæ кæнынц, уæд алы джынæй дæр хъуамæ уа кæнæ цыппар, кæнæ дыууæ. Парные. Æмæ скæнынц хъæдурджын, къабускъаджын, картоф… Нæ, картоф нæ æцæг. Уæлибых, цæхæраджын, насджын – алы джын дæр. Æцæг картофджын, дам, фале нæ принимат кæнынц (смеется), не делают. Нозт, кæрчытæ. Дæ бон куыд у, афтæ сræвдз кæн. Хиуæттæн алкæмæн дæр йæхи стъол, кæмæн йæ бон куыд у, афтæ. Цырæгътæ ссудзынц, алчидæр йæхи стъолыл цырагъ скæны. Дыууæмæ сræвдз кæнынц, дыууæйыл бацæуынц лæгтæ æмæ алы стъол дæр ныххæлар кæнынц. Куы ныххæлар кæнынц, уæд лæгтæн стъол æрæвæрынц алцæмæй дæр. Раздæр-иу зæронд устытæ цыдысты уыцы бон уæлмæрдтæм, ахастой-иу алцыдæр, æмæ-иу уым æрбадтысты. Ныр та зæронд дæр нал ис, стæй кæнгæ дæр нал кæнынц. Раздæр ма-иу стъол дæр аластой, ныр та алцæмæй дæр гыццыл. Куы сыстынц, уæд хиуæттæй кæмæдæрты тæбæгътæ дæр вæййы, æмæ сын сæ тæбæгъты исты авæрынц.

– Цæмæн?

Бинонтæ дæр рухсаг зæгъой. Цæмæй алкæй бинонтыл дæр ауда, уый тыххæй.

– Ног дзаумæттæ та цæмæн фелхæнынц зазхæссæнмæ?

Йæ амæлæты бонæй сорок днеймæ йæ сынтæг вæййы арæзт. Стæй куы ныххæлар кæнынц, уæд сынтæг сисынц, дзаумæттæ сисынц æмæ сæ байуарынц хиуæттæн, хæстæджытæн, сыхæгтæн. Кæмæн дзы цы бæззы, уый. Хуыссæнæн йæ иу фарс бадыдагъ кæнынц, ома, бахæццæ ис. На этом церемония сорока дней заканчивается. Но кровать стоит до года. До года никто там не спит. Вот так убирается просто, ничего уже там нет, ни вещей – ничего, просто стоит до года.

Зазхæссæнмæ зианы номыл балхæнынц бандон, ног бандон, йæ дзаумæттæ йын кæуыл сæвæрой, ахæм, балхæнынц ног дзаума, халат, кæд сылгоймаг вæййы, нæлгоймаг куы уа, уæд та нæлгоймаджы дзаума: хæдон, дзабыртæ. Комнатнытæ, кæнæ та туфлитæ, сæрбæттæн, кæлмæрзæн. Не совсем много, но вот эти вещи. Æмæ уыдон сæвæрынц бандоныл, цы бандон ын балхæдтой, ууыл сæ сæвæрынц. Куы сæ ныххæлар кæнынц, уæд уыдон дæр байуарынц, или же можно носить их, бинонтæй искæмæн куы бæзза, уæд æй дар йæ номыл. Мæнæ цырагъдарæныл куыд вæййы… Гъе ныр сылгоймаг куы уа, уæд зазхæссæнмæ скæнынц… гъе ныр зæронд ус, допустим, я, уæд скæнынц… зæронд ус дары раздарæн. Уыцы раздарæныл нашивают печенья, конфеты разные, и заполняется. Цырагъдарæн та изюм æндахыл акæнынц, æмæ йæ уымæй батухынц, æнæуый æфсæйнагæй вæййы.

– Цал къалиуы дзы вæййы?

Цыппар. Цæмæй йе'фсæйнаг ма зына, уый тыххæй йæ афтæ стухынц. И на кончиках наверху яблоки втыкают или свечки. Астæуæй – фæткъуы, цыппар кæроны – свечкæтæ. Кæнæ та свечкæ астæуæй, цыппарыл та – фæткъуытæ. Твоя фантазия, как можешь красивее. Гъе ныр уыдон кæй скæнынц, ныууадзынц зазхæссæны фæстæ къуыри, дыккаг къуыри… Зазхæссæн скодтат сабаты, дыццæджы нæ, фæлæ иннæ дыццæджы уый къуыри уыдзæни. Стæй та æртыккаг дыццæджы, уый та дыккаг къуыри,

уæд алчи ног мардæн уа, зæронд мардæн уа, алчи ацæуы æмæ уæлмæрдты бафснайынц. Зазхæссæн та æрмæстдæр ног мардæн кæнынц, афæдз кæуыл нæма рацыд, уымæн. Ног мæрдтæн-иу фыццаг къалиутæ нæ кодтой, цырагъдарæнтæ цыдæртæ, бæхыл-иу сæ сæвæрдтой, лæппутæ-иу бæхыл ацыдысты уæлмæрдмæ, æмæ-иу къалиу бæхыл сæвæрдтой, æмæ бæх тилгæ нæ кæны, æмæ-иу дунейы сывæллæттæ, с собой детей туда забирали. Æмæ-иу згъæлди афтæ, и дети бегут и собирают.

– *Цæмæн афтæ?*

Ома, дам, адон уый хай сты, æмæ дзы хъуамæ алы сывæллон дæр сахода, цардаудæн ыл фæкæна, зæгъгæ. Уыцы къалиу чи у, уый æрызгъæлы, сæмбырд æй кæнынц, къалиу ын сæвæрынц йæ уæлмæрдты. Уæд-иу афтæ кодтой, фæлæ ма ныр бæхтæ кæм и? Ныр ма мæгуыр йеддæмæ кæцы сывæллон хæссы йæ сæрмæ ацæуын?

– *Чисмисæй кæддæриддæр кодтой?*

Изюмтæй кæддæриддæр кодтой.

– *Цымæ цæмæн афтæ?*

Именно изюмæй уымæн, æмæ, дам, изюм тынг кадджын у фале. Пырындз æмæ изюм. Пырындз æмæ изюм, дам, тынг кадджын сты. Стæй, дам, марды хæринагæй куы хæрай, уæд дзы уæлдай ма уадз. Гъе ныр пырындз дыууæ гыццыл тæбæгъы не скæнынц изюмимæ, æмæ гъе уымæй хъуамæ алчидæр сахода. Стæй дын кæй радтой, уый хъуамæ æнæхъæнæй бахæрай, науæд, дам, æй уидзгæ фæкæны. Ему или ей приходится собирать по зёрнышкам рис.

– *Мæнæ ма-иу цыдæр гауыз дæр куы кодтой.*

Уый та молодойтæн кодтой. Йер-иу къалиу куы нæ кодтой, уæд та-иу гауыз, ælæм æй хонынц иронау. Гауызыл афтæ алыхуызон къафетт, печени, кърендели, алцытæ-иу æндахыл кодтой æмæ-иу сæ афтæ гауызыл бакодтой. Æмæ-иу уыцы гауыз-ælæм ахастой уæлмæрдмæ, æмæ-иу æй куы ныххæлар кодтой, уæд-иу æй ракодтой, иу ранмæ-иу æй æрæмбырд кодтой, стæй-иу сæ байуæрстой. Йер, зæгъæм, раздарæн дæр афтæ. Ныссыгъдæг æй кодтой, фæлæ йæ раздарæн чи у, уый та зæронд устытæй искæмæн радтой.

– *Уæд гауыз та-иу цы фæкодтой?*

Гауыз дæр афтæ: йæ хиуæттæй хæстæгдæр чи у, уымæн-иу æй радтой – йæ номыл æй дар.

– Кодтой ма-иу æнгузтæ, æхсæртæ. Уыдонæн дæр исты нысан уыдис?

Ницы, просто как ёлку разукрашивали, всё, что можно было отдать. Уый дæр йæ бон алкæмæн нæ уыди гауыз кæнын. Ныр дæр афтæ у: дæ бон, дæ ахæцæнтæ куыд сты, афтæ. Гъе ныр æз мæхи Айлартимæ куы абарон, иу тигъæй иннæ тигъмæ резиденцитæ кæмæн и, йер гъе уый ахæцæн æмæ мæ ахæцæн иу сты? Уаллон йæхи калмыл куыд барста, уыйау. Что смогу, от души это сделаю.

– Æлæм кодтой нæлгоймагæн?

Æрмæстдæр нæлгоймагæн. Обязательно.

– Мæнæ ма-иу изюмæй цыдæртæ кодтой… Уыдон цæмæн арæзтой?

Æниу цæмæн фæкæнынц судзин, цæмæн февæрынц æндах? Йæ хуыссæны уыдон дæр æвæрд вæййынц. В жизни женщине что положено, то и делают. Вроде там тоже это есть. А почему из изюма? Фартук же голяком не поставишь на стол или на кровать? Ты же разукрашиваешь. Æмæ йæ цас рæсугъддæр скæнай, уыйас хуыздæр. Сылгоймагæн скæнынц хæсгард, раздарæн, кæлмæрзæн; нæлгоймагæн – худ. Уæд-иу бухархудтæ нæ дардтой, æмæ-иу картонæй худы хуызæн скæрд, æмæ уыцы картоныл изюмтæ æндахыл бакæн, æмæ йæ æндахæй байдзаг кæн худ. Рон, худ – уыдон лæгтæн кодтой-иу, лæдзæг. Сылгоймагæн ма вот за последние годы стали делать, я не пойму с какой это целью… вроде башни… ахæм къафеттæй. Картонæй афтæ скæн конусы хуызæн, æмæ йыл бакæнынц изюм, къафеттæ. Там, значит, обшивают – ряда два изюма, потом конфеты, твоя фантазия. Рæсугъддæр куыд уа, афтæ.

– Раздæр æй нæ кодтой?

Раздæр æй нæ кодтой. А сейчас вместо… Цырагъдарæн дæр бирæтæ нал кæнынц. Я, например, для своего сына не сделала, иу дæр не скодтон. Цыдæриддæр мæ бон уыди, уый свежийæ æрæвæрдтон, æмæ йæ афтæмæй бахордтой. Скажи на милость, гъе уыдон дыууæ къуырийы куы фæлæууой, уыцы изюм дыууæ къуырийы æфсæйнагыл æндзæвгæйæ куы фæлæууа æмæ йæ

мæлдзыджытæ куы бахæрой, уæд уый цы у? Просто обычай остался и всё. Церемония большая.

– Æхсæв дæр фæбадынц зазхæссæны?

Правильно. Хиуæттæ, чи куыд хæстæгдæр у хæдзармæ, афтæ-иу раздæр æрцыди. Æмæ-иу уæд мæй иу зиан куы уыди, уæд-иу стыр диссаг уыди, а сейчас по сколько их! Иу сыхы мидæг цал вæййы. Æмæ-иу афтæ раивта дыууæ, иу сыхы мидæг, хиуæттæ. Уæд-иу æхсæв бонмæ хуысгæ нæ кодтой, цырагъ демæ айс, гъе ныр, зæгъыс, цæуыс ардыгæй иннæ мæрдджынмæ зазхæссæны ‘хсæв æмæ цырагъ демæ айс, ацу мæрдджынмæ, цырагъ ссудз æмæ йæ йе стъолыл æрæвæр, рухсаг зæгъ. Абад, стæй та иннæмæ, æмæ-иу æхсæв-бонмæ афтæ, нæ хуыссыдысты æхсæв. Уый мæнæ ныр фæллад сты адæм. Уæд дæр куыд нæ уыдысты фæллад, фæлæ сæ хъару æндæр уыди, сæ хъару. А сейчас молодежь очень слабая.

Текст №9

Цогоева Хадиза (Гадизæт) Казбековна, 1928 г.р., г. Алагир. Текст записан 16 июля 2008 г.

– Зазхæссæн цæмæн фæкæнынц æмæ йæ куыд фæкæнынц?

Æмæ гъе ныр… Æз дæр сæ афтæмæй æрæййæфтон, фæлæ цæй тыххæй сæ кодтой æмæ кæнынц, уый абон дæр нæ зонын…

– Кæд вæййы зазхæссæн?

Кæддæр куадзæны размæ… Зæронд ницыуал фæхъуыды кæны, гъе ныр мæ байрох сты иууылдæр (смеется). Бадæнæхсæв кæд вæййы?

– Ног азы фæстæ.

Ног азы фæстæ. Гъе ныр зазхæссæн та… Кæцы бон вæййы, уый нæ зонын. Алы аз алыхуызон вæййы. Райсут-ма йæ мæнæ ныр цы бæрæгбæттæ уыдзысты, уыдонмæ гæсгæ. Гъе уыдонæй иу афтæ фæзæгъы, раздæр уыди, ныр æй адон æртындæсæм числомæ аргъæвтой. Июлы мæй фыццаг хуыцаубон-иу куы уыдис, гъе уæд æй кодтой. Ныр та йæ цал хуыцаубоны фæфæстæдæр кодтой? Æмæ ма сæ ныртæккæ чи бамбардзæн, куыдтæтæ сæ кæнынц, уый?

– Кæнгæ та цы фæкæнынц?

Зазбæлас фæкæнынц.

– Цæмæн?

Гъе ныр мæнæ йæ дыргъты хай, йæ адджинæгты хай… Ælæм дæр афтæ. Ирон адæм чи сты, уыдон сæхицæн бирæ цыдæртæ æрхъуыды кодтой, æндæр гъе ныр уырысы мæрдтæ ælæмтæ нæ зонынц, æмæ кæцы дзы рацыди, гъе ныр ма мын æй зæгъут. Мах та йæ тæккæ бынтæм фæкæнæм карзæй. Фælæ, æвæццæгæн, дзы исты ис мæрдты дæр, исты. Уый йеддæмæ…

– Ирыстоны се 'ппæт дæр фæкæнынц зазхæссæн?

Иутæ бадæнтæ фæкæнынц, иннæтæ та – зазхæссæн. Уый алцыдæр адæмы хаттмæ гæсгæ, гъе ныр мæнæ алагираг адæм – уыдон зазхæссæнтæ кæнынц, иннæтæ та… мæнæ дыгур, уыдон та – бадæнтæ. Афтæ, чи цы комæй рацыди… Гъе ныр зазхæссæны 'хсæв махмæ куыд вæййы, уыдонмæ та бадæн æхсæв афтæ вæййы.

– Зазхæссæны дæр æхсæв-бонмæ фæбадынц?

О, æхсæв-бонмæ фæбадынц, цырæгътæ фæсудзынц.

– Цæмæ фæсудзынц цырæгътæ?

Ævæццæгæн мæрдты исты ис, æмæ гъе уый тыххæй. Ницы йын зонын æз дæр (*худы*). Æз дæр дзы нæ рацыдтæн æмæ йын ницы зонын. Царды йæ æрæййæфтон æз дæр æмæ йæ кæнын.

– Цырагъдарæн та куыд фæкæнынц?

Цырагъдарæн йеды бæсты… мæнæ зазкъалиу чи у, гъе уый бæсты цырагъдарæн фæкæнынц. Ныр ма йæ бæсты кулёктæ дæр кæнынц. Мæнæ афтæ кулёк скæн æмæ йæ кругом къафеттæ æмæ печенитæй сæхгæ.

– Цырагъдарæны цал къалиуы вæййы?

Цыппар. Чисмис халыл бакæнынц æмæ йæ афтæ стухынц, стæй йыл уый фæстæ бакæнынц къафеттæ.

– Ælæм та кæмæн кодтой?

Ælæм та-иу кодтой гъе ныр, зæгъæм, кар… молодой-иу чи амарди. Гъе ныр мæнæн мæ лæппу амарди, 40 лет дæр ыл нæма цыди, афтæмæй, æмæ ме 'фсымæрæн афтæ зæгъын, йед ма мын скæн… хъил мын, зæгъын, скæн ælæмæн. Æмæ, дам, дзы цы кæныс? Зæгъын, ælæм скæнон, мæ лæппу куы амарди. Æмæ ме

‘фсымæр фæкасти, фæкасти æмæ афтæ зæгъы: æз, дам, дын сæ ныххуынчъытæ кæндзынæн гъе уыцы æнгузтæ, уыцы æхсæртæ æмæ, дам-иу, сæ уый фæстæ дæхæдæг бахæр. Бахæрдзынæ, дам, сæ? Мæнæ, дам, ма сæ афтæ стъолыл дзæбæх сæвæр, æмæ, дам, уой.

– Æмæ йæ нысан та цы уыди уыцы æлæмæн?

Карз… Гъе ныр молодой куы амæла, сæ фыр диссагæй гъе уыцы йед кодтой. Сæ зæрдæйы рыст гъе уымæй истой. Уый стыр вæййы, мæнæ гауыз куыд уа, гауыз… Гъе ныр къалиу та молодойтæ куы амæлынц, молодой, цæрынхъуагæй, уæд та йын къалиу фæкæнынц, уый та мæнæ ног азы нæ фæкæнынц ёлкæ, æмæ ахæм. Гъе уый ныхмæ-иу æй кодтой.

– Дзургæ та цы фæкæнынц?

Æхсæв-бонмæ фæбадынц, æз æй хорз хъуыды кæнын гъе афтæ. Мæ фыд хæсты уыди, æмæ хæстæй куы ссыди, уæд цæфтæй ссыди æмæ амарди. Æмæ йын уæд скодтам ахæм ælæм. Æмæ æхсæв-бонмæ лæгтæ фæбадтысты, сылгоймаг дзы нæ бадти, сылгоймагæн сылгоймаг бадти, нæлгоймагæн та нæлгоймæгтæ бадтысты. Æхсæв-бонмæ фæбадтысты, фæныхас кодтой, рухсаг загътой, хæлар дын уæд, мах раз куыд ис, дæ разы дæр гъе афтæ уæд. Стæй йæ уæд райсомæй уæлмæрдтæм ахастой, æмæ йæ ныттыдтой уым æмæ йæ гъе уæд байуæрстой, цы дзы уыдис, гъе уыдон.

Текст №10

Тамаева Тамара Гавриловна, 1934 г.р., г. Алагир. Текст записан 16 июля 2008 г.

– Зазхæссæн цæмæн фæкæнынц? Куыд кæнгæ у? Цытæ дзы фæкæнынц?

Цытæ фæкæнынц, уый зонын, фæлæ… Если правду сказать, я вот такие подробности не знаю. Цытæ фæкæнынц, уый зонын. Но вот почему так принято… Кæд вæййы зазхæссæн? (задумывается). Куадзæны размæ? Йæ фæстæ?.. Вот когда я здесь начала жить… В городе я таким подробностям никогда… Вот ты сейчас… вынуж-

денно это хочешь узнать. В смысле, как вынужденно – интересно тебе. А мне такой интерес он не составляет. Стæй мæм хаугæ дæр нæ кодта: хистæртæ мын уыди. Фæлæ йер ам, куы ‘рцыдтæн, уæд сæ федтон. Вот раньше зазхæссæны, зазхæссæнты-иу къалиу скодтой, мæнæ ёлкæйæ − къалиу хуынди. Такая… молодая ёлочка. Æмæ-иу ыл алцыдæр, съестное, конечно, – конфеты, орехи, бирæ цыдæртæ-иу ыл сауæгътой æмæ-иу æй уынгты, йер-иу куы ныххæлар кодтой хæдзары, уæд-иу æй уынгты бæхыл мæнæ афтæ хастой. И я сама очевидец: дважды мæнæ ам цæргæйæ… Æмæ уый фæстæ… я ж тогда не знала, кого я знала. Æмæ-иу уый фæстæ нæ бабу загъта: уый мæнæ уый номыл уыди, æмæ дæлæ уый куы амарди, уæд гъе уый, зæгъгæ. Æмæ-иу æй хаста… йед…. бæхыл æмæ… трясет… это падает, и детвора бежит, собирает – там сладости были. Æнæуый та хæдзары мидæг ныртæккæ почти ничи кæны ёлочку, къалиу ничиуал кæны. Хæдзары та фæкæнынц зазхæссæнтæм цырагъдарæнтæ, нæлгоймаг куы уа, уæд ын худ дæр скæнынц, лæдзæг ын скæнынц, сылгоймагæн – фартук æмæ сæрбæттæн скæнынц изюмæй. Цырагъдарæнтæ та, ты сама знаешь, къафеттæй, изюмæй, орехтæй, и яблоки… яблоки туда втыкают… Стæй цы ‘мбæлы… В то время что появляется уже… Кæд дзы цыдæртæ фæзынди, уæд… Ног цыдæртæ… Æмæ-иу афтæ загътой, фæззæджы бæркадæй, дам, ома. Йæ фæззæджы бæркадæй йын йæ хай. Но вот с чего все начинается, почему такой был обряд, я не знаю. Уый дын нæ зæгъдзынæн.

– Мæнæ бандон, стъол та цæмæн фæкæнынц?

Бандон, уый та зазхæссæнтæм обязательно кодтой зианы номыл, что-то шили – къаба уа, æндæр дарæс… Вот что-то обязательно было. Æмæ уымæн ма кæцæй йæхи аккаг, нæ? Фæлæ-иу æй бинонтæй кæйдæр аккаг скодтой. Фæлæ-иу æй ныххæлар кодтой, æмæ-иу æй йер уыдон… йæ чызг уыди, æмæ йæ чындз уыди – уый-иу æй дардта уыцы къаба. Стæй обязательно хъуыди стъол, стъол æмæ бандон. Ælхæдтой.

– Æмæ сæ нысан цы уыди?

Вот это я не знаю, потому что наша бабушка тоже… Вот моя бабушка по папе, уый ахæм йедтæ хорз зыдта. Но я с ней не вос-

питывалась. Мах сидзæртæ уыдыстæм æмæ нæ нæ мады ‘фсымæр схаста…

Текст №11

Андиева Кати (Екатерина) Каникоевна, 1930 г.р., г. Алагир. Текст записан 16 июля 2008 г.

Гъе ныр зазхæссæнтæ æрбаййæфтон æз дыууæ хуызы: мæнæ ам æмæ махмæ. Ам нæ кæнынц бадæнтæ. Махмæ та бадæнтæ кæнынц, зазхæссæн та ам цы федтон, æндæр махмæ бадæнтæ кæнынц. Æмæ махмæ бадæнтæ вæййынц Ног азы. 14-æм куы вæййы, зазхæссæн та вæййы зæронд ног азы фæстæ. Хуыцаубоны куы баизæр вæййы, гъе уæд нæм кæнынц − 13 æмæ 14 ‘хсæн. Зазхæссæнтæ та ам æрæййæфтон. Хуызæнæй иухуызон сты, фæлæ сæ истори та… Æмæ дын æй æргом куы зæгъон, уæд æй радзур бæлвырдæй, куыд у, цы у, гъе уый дын нæ зæгъдзынæн, цы нæ зонын, уымæй мæхи не сдæсны кæндзынæн. Ам æй æрбаййæфтон æз зазхæссæн.

– Æмæ уæддæр цы фæкæнынц?

Зазхæссæнты ам цы федтон – цырагъ кæнынц, цырагъ кæны хæдзары хицау дæр, стæй хæдзары хицауы бинонтæй, хорз кæндтæ кæнæнт, чызг моймæ кæм ис… Мæнæн мæнæ мæ диссаджы каис Казбег куы амарди, Маринæйы фыд, уæд скодтам тынг стыр цырагъ, уымæн хъæуы цыппар фарсы хъуамæ йын уа, æмæ йæ цыппар фарсы вæййы фæткъуытæ. Гъе уымæй фæстæмæ йæ рæсугъд куыд аразыс, гъе афтæ йæ хъуамæ бацæттæ кæнай адджинагæй. Æмæ гъе уый. Хæдзары бинонтæ дæр скæнынц, сæхи стъол хицæнæй, æмæ гъе уыцы стъолыл уыдонæн сæ фынгыл цы æвæрой, гъе уыцы цырагъдарæн гъе уым вæййы æвæрд, æмæ гъе уый хъуамæ æрцæттæ кæной. Фæлдисгæ… Афтæ куы арвитынц, уæд зазхæссæны гъе уыцы рæстæгмæ, зæгъгæ, нæ фæзæгъынц. Фæлæ хъуыддаг цæуы фæссихорæй фæстæмæ. Æмæ ма хур куы фæкæсы, гъе уæд ныккæнынц хæлар, фæлæ уыцы цырагъдарæнтæ судзынц æхсæвы, хъуамæ судзой, гъе уæдмæ чидæртæ фæбады, фæлæггад кæнынц, цыдæртæ æхсынынц,

чи æнгуз æхсыны, чи цы, афтæмæй фæбадынц. Æмæ райсом куы вæййы, гъе уæд уæлмæрдтæм ацæуынц, æмæ йæ ахæссынц уæлмæрдтæм. Иу дзы хæдзары ныффæлдисынц æмæ йæ байуарынц, стæй йæ уæлмæрдтæм ахæссынц иннæ. Гъе ныр ма чидæр дæр не ‘рхæссы? Иу дзы вæййы, дыууæ, æмæ уæд уыйон байуарынц, уым æфсин йедтæ чи уа, уыдонæн, йæ дыргъ ын æртонынц æмæ сæ байуарынц, уæлмæрдтæм чи ацæуы рухсаг кæнынмæ, уыдонæн.

– Цытæ фæдзурынц?

Рухсаг у! Дзæнæты бад. Дæ афæдзы хай мæнæ дыргъæй дæр, адджинагæй – цыдæриддæр и, уыдон дын хæлар кæнынц. (Хойраг кæй скæной, фых хойрагæй.) Æнæбары хай дзы макæмæн кæн, чи дын и уым, æмæ дзы дæ бон кæмæн у, гъе уыдонæн дзы хай кæн. Афтæтæ фæхæлар кæнынц, уæлмæрдтæм куы ацæуынц, уæд. Дзæбæхæй дæм хæццæ кæнæнт, сæрд дын ма æмбийæнт, зымæг дын ма сæлæнт. Дæ раз дзагæй дзагдæр кæнæд, ногæй ногдæр кæнæд. Мæхæдæг цы зонын, цы федтон, уый.

– Цырагъдарæнæй фæстæмæ ма цы фæкæнынц?

Цырагъдарæнæй фæстæмæ æнæуый хойраг. Хойраг кæнынц: чъиритæ алыхуызонæй, цæхæраджынтæ дæр, гъе ныр зымæджы та къабускаджынтæ, уæлибæхтæ. Гъе ныр картофджынæй афтæ фæзæгъынц нæ фыдæлтæ, æз æй афтæ æрæййæфтон, картофджын тагъд æмбийы æмæ хæлар кæнынмæ нæ бæззы. Æмæ, зæгъын, æй лæг кæд хæргæ нæ кæны. Фæлæ ахæм мæрдджынтæ вæййы æмæ фыдджынтæ дæр скæнынц, дыууæ фыдджыны дæр скæнынц, цыппар дæр скæнынц, бирæ-бирæтæ нæ, мæнæ чындзæхсæвы куыд вæййы, афтæ, фæлæ иуæй-иу, хæлары тыххæй. Æз мæ чындзæн фæзæгъын, æз, зæгъын, фыдджын уарзын, æмæ, зæгъын, мыниу дыууæ фыдджыны алы хатт дæр скæн (*худы*). Гъе уый дын зазхæссæн.

– Зазбæлас та фæкæнынц?

Зазбæлас кæнынц æрыгонæн. Хуыцау нæ уымæй бахизæд, фæлæ. Æмæ зазбæлас кæнынц, мæнæ ёлкæ куыд фæкæнынц, афтæ. Фанарь йедтæ йыл не ссудздзынæ, фæлæ дыргътæ, къафеттæ, – ауындзгæ чи уа – носкитæ, тамакотæ – гъе уыдæттæ сауындзынц

зазбæласыл. Тамако йедтæ, носкитæ гъе ныр йæ боны чи лæггад кодта, уыдонæн байуарынц. Зазбæлас кæнынц, фæсивæдæй чи амæла, гъе уыдонæн кæнынц зазбæлас. Зæрæдтæн нæ кæнынц зазбæлас.

– Ælæm dæp ma-иу куы кодтой?

Æмæ гъе уый ælæм хуыйны. Æмæ нæ фыдæлтæ куы уыдысты, уæд æй æз мæнæ… мæхицæн æфсымæр йедтæ бирæ амард, уæд-иу æй хастой бæхыл, æмæ-иу уæлмæрдтæм цы хæдзарæй рацыд, уырдыгæй-иу æй цæгъдгæ цыдысты, цалынмæ уæлмæрдтæм бахæццæ уой, гъе уæдмæ. Æмæ-иу æй афтæмæй хастой зазбæлас дæр. Куатæ дæр кæнынц. Иу бон мæнæ мæ чызджы ‘фсин амарди, æмæ кæсын, æмæ йæ хотæ дæр, сæхæдæг дæр, мæ чызг дæр стыр цырагъдарæн скодта, æмæ уæд æз куатæ скодтон.

– Куатæ та цы у?

Фартук, ног фартук, æмæ йæ æрæвæр, æмæ гъе ныр æрдæгæй дæлæмæ цы ‘мбæлы, рæсугъд къафеттæй, гъе уый афтæ æндахыл скæн, æмæ йæ фæфидар кæн. Мæнæ афтæ фартук куы æрæвæрай… Æмæ йæ дзæбæх йæ сынтæгыл æрæвæрдтон. Тынг арфæтæ кодтой, куыд, дам, ма дæ зæрдыл æрлæууыди, зæгъгæ, йæ хо мын афтæ. Уый дæр кæнынц зазхæссæнты.

– Фылдæр дзы адджинаг вæййы. Цымæ цæмæн?

Фылдæр адджинаг. Гъе афтæ баззад. Гъе ныр дзы мæнæ хойраг дæр кæнынц. Афтæтæ. Гъе ныр уый фæстæ вæййы зæрдæвæрæн. Зæрдæвæрæнты та гъе афтæ баззади, гыццыл чызг куы уыдтæн, уæд дæр æй афтæмæй федтон, гъе ныр дæр афтæмæй: акæнынц кусарт фыс исты, къаддæр, исты ахæм. Æмæ гъе уæд уымæн йæ галиу хъус, стæй уæд… гъе ныр кæсаг та ам федтон, махмæ кæсаг никуы æвæрдтой, ам кæнынц æгас кæсаг, махмæ нæ кæнынц. Зæрдæвæрæнты зæрдæ, къах æмæ йæ хъус – уыдон ныгæнынц уæлмæрдты. Гъе ныр дын йæ истори – уæд æй нæ зонын, раст зæгъгæйæ. Цы æрæййæфтон, уый зонын, фæлæ йæ цæмæн кæнынц, гъе ныр цыдæр хъуамæ хабар уа, ныхас.

– Кæсаг уæдæ зæрдæвæрæны вæййы?

Æгас кæсаг гъе уыцы зæрдæимæ ныгæнынц. Уый та ам федтон. Æмæ иу бон æз Толпартæм ныдздзырдтон, дæлæ Бокойтæ рарвы-

стой, æмæ дын бавдæлдысты мæнæ сывæллæттæ, мæнæ гъе ныр дынджырдæртæ чи сты, уыдон, æмæ дын Хърупсы ‘рдæм агургæ куы ацыдаиккой. Уыдон цæй кæсагахсджытæ сты? Æмæ ахæм дугъы фæдæн, ахæм дугъы, æмæ изæры хур куы фæцæйныгуылд, уæд ма сæ ссардтон, мæнæ ай (показывает на внука), адоны уон, дынджыр, æмæ гъе афтæ æрдæгæй дæлæмæ ныххуылыдз сты, тыххæй ма сæ изæры ссардтон. Æмæ, зæгъын, цæмæ? Æмæ, дам, нын Блу загъта. Зæгъын, фæлтау бауай, базары фæуæй кæнынц свежитæ. Гъе уый та афтæ зæрдæвæрæны. Æнæуый зæрдæвæрæны уыйбæрц адæм нæ вæййы, стæй бирæ зæрдæвæрæнтæ вæййы. Æмæ гъе уый дæр афтæ, уым дæр дыккаг бон фæцæуынц уæлмæрдтæм, йæ боны нæ, фæлæ дыккаг бон, йæ боны райсомæй уыдон арвитынц æмæ сæ баныгæнынц læппутæ, лæгтæ – чи уыд, уый, æмæ гъе уыдон рухсаг уым фæзæгъынц. Хæдзары та дыууæ, цалдæр кæрдзыны скæнынц æмæ рухсаг фæзæгъынц.

Текст №12

Калоева-Халлаева Валентина Андреевна, 1925 г.р., г. Дигора. Текст записан в июне 2008 г. З.А. Халлаевой.

Комахсæни хист комахсæн уомæн хуннуй, æма феврали мæйæ æй комахсæни мæйæ. Иннæ номæй комахсæн æма йæ хист дæр хуннуй комахсæни хист. Æй иморац кадгин хист, хуннуй ма бадæнтæ, косарт дзи фæууй. Бадæнтæ ба уомæн хуннуй æма хеонтæ æндæртæ æхсæвæ бадгæ фæккæнунцæ. Еци бон уæлмæрдтæмæ нæ фæццæунцæ, фалæ сæумæ фæццæуæнцæ. Æма æхсæви ба таурæгъ кæнунцæ, бадунцæ, æхсæрæ, æнгозæ сæттунцæ, æ цъарæ ба ин зæнхæмæ калунцæ. ‘Ма сæ бæл хæтунцæ ‘ма уони къæрцкъæрц кай, е мæрдтæмæ игъусуй. Гъе уой тухкæн. Хуæрунмæ ба дзи фæууй али хуæруйнаги æгъдау дæр еци хисти цæхгун фид… еу мæнкъæй – еу фондз кили бæрцæ. Муд, гъос муд. Мæнæ биндзити цъæстæ – цъæстæ ками фæууй, уæхæн муд. Гъос муд ку нæбал уидæ, уæдта æнæуой тагъд муд. Уæдта си фæууй нантихуари кæрдзин ‘ма æ сæрбæл ба цæхгун цихт, сæ фарсмæ – муд, сæ фарсмæ – цæхгун фид.

– Цæмæн?

Мæ-а, гъе уотæ æрæййафтон, гъе уотæ æй кондтонцæ. Мæрдти ‘гъдауи дууæ гъæуй: еу кæрдзин æма еу цихт… един – дууæ. Нæуæг… хъæпбæл ести кæуæгау ести дæр, аллихузи хуаруйнаг дæр си фæууй.

– Адгийнаг берæ фæууй, нæ?

Адгийнаг берæ фæууй.

– Цæмæн?

Мæрдтæмæ алке дæр стараться фæккæнуй фулдæр ин уа, хуæздæр ин уа… Дзикка æй, пириндзæй кадгиндæр сæмæ неци ес. Цæмæн, ой ба нæ зонун. Раздæр пириндз исахуадунцæ, гъе уæд та райдайунцæ рохсаг кæнун.

– Рагæй дæр бæласæ тахтонцæ?

Мæн заманæй ардæмæ о. Бæлас тахтонцæ, хъæбæрдæр ба... лæхъуæнæн, например, нимæт, цохъатæ, истахионцæ. Алцидæр ибæл уидæ. Æма бæхбæл рабадидæ уæлмæрдтæмæ ку цæуионцæ, ‘ма сабур цо сувæллæнттæ кæми уидæ, уоми ба сабурдæр æркæнидæ, æма сувæллæнттæ лæдзгутæй къурццитæ кодтонцæ, цæмæй æрхауа. Уотемæй рахъæртидæ уæлмæрдтæмæ. Силгоймагæн, молодоййæн – ласкъæрдттæ, кисæ, сумкæ – еони тахтонцæ. Лæхъуæнæн ба гъе куд загътон, гъе уотæ. Каргундæр нæлгоймагæн, например, уæдта ходæ истахионцæ, ронæ, лæдзæг. Каргундæр силгоймагæн бараздарæн, цетенæ, ælхуйнæ стохионцæ æма гъе уони уæлмæрдтæмæ фæхæссионцæ, æма сæ уоми ба кæрдæнæй къуппитæ...

– Адæмæн сæ байуарынц?

Басæиуарионцæ уотæ, ниссæхæйттæ кæнионцæ.

– Кисмусæй ба цæмæ?

Кисмус уæздан продукт бæл нимад адтæй мæрдти ‘гъдауæй дæр. ‘Ма халæбæл æй кодтонцæ цирагъдарæн, али зианæн дæр цирагъдарæн кодтонцæ. Цирагъдарæн е ба ин мæрдти рохс уа, цирагъ. Как обычно, ами, уæлæбæл ци цирагъ йе. Æма и бæл уидæ цуппар тегъи, цуппар тегъебæл еститæ бунмæ ауигъд, сæрæй ба ести продукт – фæткъу, лимон, ести ибæл рæсугъддзийнадæн. Еотæ уидæ. Гъе дин комахсени хист.

– Дзоргæ дзи фæккæнунцæ?

Еци еу хузи æй ниххæлар кæндзинон. Нæуæг... Æ хæццæ ба ма ин фæккæнунцæ, къуæре фæстæдæр уидæ, назуйи хист. ‘Ма æй удта кæнун байдæдтонцæ еумæ. ‘Ма си фæууй нæуæг стъолæ, нæуæг къела, ‘ма ин е стъолæбæл, ниввæрунцæ, ке ин скæнонцæ, уой. Иннæ стъолæ дæр уæд фале е дæр ма обязательно. Уорсаги æгъдау ибæл нæ уидæ, карки, уорсаг дæр ибæл нæ уидæ. Не ‘нгъистæй, нæ фæтки адтæй уой тухххæй, æма комбасти хурфи адтæй, пахси рæстæги, уидæ, ма уоци замани ба, уоци продукттæ нæ хуардтонцæ, не ‘нгъистæй. Зиани дæр еци рæстæги кодтонцæ кæсалги хист, фидæй нæ, фалæ кæсалгæй хист. Адтæй уохæн заман дæр æма – мард æхе æвæрун нæ бауагъта. Куд ома? Айдæнæ има бадардтонцæ ‘ма хед фестидæ, рахед уидæ, ратулфæ уидæ. ‘Ма син загъта саугин гъæуй кæсалгæй хист кæнун.

– Æнæуой ба рамардæй?

Æнæуой ба мард аттæй, кили хурфи адтæй. Ема саугин имæ ку æрбацудæй, уæд бамбæлдтитæ кодта, æримæ кастæй, ма æ зæрдæ фæдзурдта, æгас ма æй, йæ уод ма æхемæй. ‘Ма син загъта: хист гъæуй кæнун кæсалгæй. ‘Ма гъеуой агоруй йе ой хезуй. ‘Ма еци фæдбæл Даргъкъохмæ рандæнцæ, ма ордигки сластонцæ бричкæй кæсалгæ, кæдзос кæнунмæ февналдтонцæ, ‘ма кæсалгæй хист искодтонцæ, ма æхе ‘руагъта зиан ‘ма æвæрд æрцудæй. Гъе адтæй æцæг хабар. Æвæргæ ба ибæл кодтонцæ насгунтæ. Ма... ибæл уидæ æрмæстдæр сойни фунх хъæдоргунтæ, мудæй гъæст, уæд та къæлæуа.

– Кæлæуа ба ци æй?

Кæлæуа ба æй нантихуари цæкутæй скæнионцæ ‘ма сæ баинсионца, ма удта уой ба ниттегъионцæ. Инсадæй искæнионцæ, муди хæццæ адгин, ма дзи искæнионцæ мæнæ амæй стурдæр (показывает чашку), уæхæн гултæ, атæ тумбул мициги хузæн... Мæнæ гъе уомæй устурдæр. Ма сæ дууæ тефсегеми... еуеми дæр цуппар иннеми дæр цуппар. Рæстæг æййевуй, ‘ма нур ба сæ неке бал кæнуй, мæ къæлуай бæсти æвæрунцæ халва. Халва балхæнунцæ æмæ æй атæ цуппар къæртти ракæнунцæ æма уой ниввæрунцæ.

– Къæлæуа ба цæмæн, цæй бæрæггæнæн адтæй?

Нæ зонун. Гъе уотæ æрбаййафтон æма гъе уой зонун. Фид æндæртæ дзи не ‘нгъистæй... айкæ нæ, уорсаг нæ – неци. Æма ци цудæй хуæздæр, гъе уони кодтонцæ: къабускагунтæ, уонæбæл дæр маслæй кодтонцæ жарит, фæткъугунтæ, сæкæр ибал кодтонцæ.

– Ку ниххæлар кæнунцæ, уæд уæлмæрдтæмæ есть хæсгæ фæууй?

Ку ниххæлар кæнунцæ, уæд та исесунцæ алцæмæйдæр, æмæ сæ фæхæссионцæ. Нур ба заман куд кæнуй... Уæд кодтонцæ авд сабати, уой фæсте кæнун байдæдтонцæ æртæ сабати. Æртæ сабати дæр искæнунцæ хæдзари фулдæретæ ‘ма сæ хæдзари ниххæлар кæнунцæ, ескæмæти радзорунцæ, уолмæрдтæмæ ба къохæвæрунмæ рацæунцæ уотемæй. Рæзи хæццæ сувæллæнттæн иуаргæ бацæунцæ.

Кæсалгæ си фæууй, ма кæсалгæ кай уой ба растительный масли жарит искæнунцæ, уæд та дони фунх, цæхгун дони фунх. Ма еу тефсеги еу хузи, иннеми баиннæ хузи. Карк нæ, цихт нæ, фид нæ – мæгур стъолæ фæххуннуй назуй хисти стъолæ.

– Гъе нур мæнæ иннæ хисти кæркитæ ку февæрунцæ, уæд сæ куд æвæрунцæ?

Сæ хъуртæ хор искæсæнирдæмæ, галеу фарсмæ зианæн...

– Цæмæ?

Хуцау æрдæмæ уотæ æвæрд фæуунцæ мæрдти ‘гъдауæн, кувдæн бабæй наоборот, рахесфарсбæл. Гъе уой фæсте ба рацæуидæ рæстæг фондз къуæрей дæр, мæйæ дæр уотæ зæлдгæрдæни хист. ‘Ма йе дæр дзæбæх хист. Устур косарт дзи нæ фæууй, фалæ дзи далис фус... Рæзæй алцидæр уидæ. Фус ку равгæрдионцæ, уæд ин æ тогæй еу минкъий сесионцæ йестæми, уæд та ин æ къах рахецæн кæнионцæ, æ зæрдæ ин рахецæн кæнионцæ ‘ма сæ æрæвæрионцæ. Расæхецæн кæнионцæ къах, зæрдæ, тогæй еу минкъæй. Ма сæ еуварс æрæвæрионцæ хист ку сцæттæ уидæ, уæд. Ниссæхæлар кæнионцæ, ‘ма еуварс лæууионцæ, уæд сæ хæццæ рахæссионцæ. Цæмæн? Цæй бæрæггæнæн адтæй? Тог аттæй цæмæй тогæй хъаурæгин, тухгин зæрдæй, къахæй ба – къах ба æй гъудæй æртæх цæгъдунмæ. Рахес къах ба ин гъе уотæ...

– Нигæнгæ сæ бакæнунцæ?

Уæдта ма уидæ гъе уони хæццæ цуппæрæймагæн ма еу мæнкъæй кæсалгæ. Ма сæ хисти ба уидæ сдобный пирог, хъæбæр устур гул нæ, фалæ пирог обыкновенный къерей асæ, æма уой хæццæ сæ кæстæртæ уæлмæрдтæмæ фæххæссионцæ. Кæстæртæй цуппар адæймаги рартасионцæ. Ма зæнхи гæппæли мард кæми нæ адтайдæ, кæдзос дзæбæх рауæн пирог æрæвæрионцæ, ма ибæл исзелионцæ зæнхæй гæппæл. Ма æй æрбахæссионцæ цирт бæл æй æрæвæрионцæ. Зæлдгæрдæн гъе уой туххæй хундтæй. Мæрдти æ зæлди хай æхе уа.

– Кæсалгæ ба цæмæ?

Кæсалгæ ба дон ин дондзау фæууй, дон ин фæххæссуй мæрдти ма йе æ дондзау фæууй, цæмæй дон бæл ма тухса, гъе уой туххæй.

– Кæцæй рацудæнцæ еци æгъдæуттæ?

Фидæлтæй рацудæнцæ, фидæлтæй байзадæнцæ, ма уой ба æз дæр нæ зонун. Нæ фидæлтæ, нæ зæрæндтæ кæддæрæй ардæмæ уони кæнунцæ. Хæлар ба уотæ кæниончæ... Хæлар ку кæниончæ, уæд та гъе уотæ дзорионцæ хæларгæнгæй: «Рохсаг о, рамæлæг – æ ном ин зæгъидæ. Хæларæй дин сæ дæттунцæ æма дин хæлар уæнтæ. Ке дин исцæттæ кодтонцæ арти комæй, карди комæй, аги комæй кадæр рацудæй, æма рацæуа дæ номбæл етæ дин хуарз, æхцæуæн уæнтæ. Хуæруни барæ дæттуни барæ дæ уæд. Æнæбари хай макæмæн бакæнæ. Ке хæццæ дæ фæндуй, уони хæццæ æмхуæрдæ æмбадинæ уо, дæ фæрдзеу дин дзенети хуаллаг адæ кæнæд. Тухæ уæлазар дæбæл маке кæнæд, маке фæуæд. Рæститæ, циткинти хæццæ уæд дæ бадæн, дæ бунат, цъæх зæлдæ дæ бадæн, æхсири цадæ дæ найæн... Сæ дзенети фæткъу хуæрдæй дæр дæ хуæруни барæ уæд. Цалинмæ будури цалх зела, хонхæй дор тола, уæдмæ дæ раз идзагæй идзагдæр кæнæд, сæрдæ дин симæр ма кæнæнтæ, зумæг ба дин сæлгæ ма кæнæнтæ, гъе уотемæй цал «рохсаг о» загъонцæ, уал рохси бадæ, де ‘носи имисуйнаг уо. Дæ дони хай дæр дин хæлар уæд, дæ ком æвгъаст уæд, дæ къох æхснад уæд. Еуотемæй рохсаг уо... Дæ хеонтæ, дæ аулæн бæркад цардбæл баодæ. Рохсаг уо! Дæ ном бæл каддæр... адтæй, æма ка рацæуæ етæ дин хæлар уонтæ. Еуотемæй рохсаг уо!».

Уотæ фæзæгъунцæ, картоф цурдæй симар кæнунмæ. Картоф

суткæ ку райзайуй, уæддæр куд раливзæуй уоми дæр уотæй, мæ картоф мардæн нæ хæлар кодтонцæ раги дæр, гъе нур дæр. Картофгунтæ дæр нæ, ковунмæ дæр нæ. Гъе уой бæсти си цæнхæ дæр ракæнид мах нана...

– *Кæми ракæнгæ?*

Уæлвицгитæ ку кæнидæ, уæд си цæнхæ ракæнидæ æма сæ уотемæй бакъере кæнидæ ма ковгæ.

Текст №13

Хосроева Анелла Алексеевна, 1949 г.р., г. Алагир. Текст из фольклорного архива кафедры русской литературы СОГУ.

Зазхæссæн бывает за неделю до Пасхи. Заз – это ель. К этому дню пекут пироги с сыром, картошкой, фасолью, тыквой. Конфеты, печенья – разные сладости вешают на ёлку. Если покойник мужчина, то вешают носки, носовой платок. Помимо этого наподобие ёлки из дерева или из металлических прутьев делают подсвечник, который обвязывают изюмом, конфетами. Если усопший мужчина, то изюмом делают папаху, трость. Если женщина, то – платок, фартук.

В этот день собираются родственники, поминают усопшего. На следующий день идут на кладбище и раздают детям сладости, пироги и т.п. Через неделю на родительский день оставляют подсвечник и относят на кладбище, где раздают всё сладкое детям, подсвечник оставляют там.

Текст №14

Дарчиев Владимир Амурханович, 1946 г.р., г. Алагир. Текст записан в октябре 2007 г.

Ælæм-иу скодтой кæсагахсæн хызы хуызæн, дыууæрдыгæй-иу хъилтыл хæцыди. Къафеттæ æмæ-иу ыл дыргътæ истытæ æрцауæгътой æмæ-иу æй дыууæ лæгæй бæхтыл ахастой. Стæй-иу уæлмæрды (ам фарны кæйттæ цæуæд!) алыварс ахастой, цалдæр хатты-иу æй бауыгътой. Æмæ-иу мах – сывæллæттæ уыдыстæм –

сæ фæстæ згъордтам, кæм-иу æй бауыгътой, уым-иу адджинæгтæ ауыгътам. Уый фæстæ-иу ælæм бахастой уælмæрдтæм, цы маиу ыл баззад, уый-иу сылгоймæгтæ ракодтой æмæ-иу дзы махæн дæр авæрдтой…

Текст №15–15а

Марзоев Кирилл, 1919 г. р., Ботоев Хасан, 1938 г.р., г. Алагир. Текст записан 18 марта 2009 г.

– Кæд вæййы зæрдæвæрæн?

Ботъоты Хæсанæ: Зæрдæвæрæн майы мæйы вæййы, кæсаг дæр ма куы фæахсынц, нæ? Зæрдæвæрæны скæнынц, æмæ йæ зæрædæвæрæны сæвæрынц, уæрыкк аргæвдынц æмæ йын йæ зæрдæ сæвæрынц. Зæрдæйы уæрыкк, зæгъгæ, æмæ зæрдæвæрæн. Кæсаг дæр йемæ куыд уа, афтæ. Йæ нысан ын нæ зонын. Стод уæрыккæн йæ къабæзтæй, стджытæй зæрдæимæ иумæ. Уæрыччы къæхтæ зæрдæимæ æмæ кæсаг – гъе уыдон февæрынц нывæрзæны.

– Хæринагæй цы сцæттæ кæнынц?

Куыд вæййы зианы бонты, чъиритæ алы хуызтæ, нозт.

– Зазхæссæн та?

Зазхæссæн мæнæ куыд фæкæнынц, нæ йæ зонут? Зазбæлас скæнынц æмæ йыл хæринæгтæ бакæнынц, алы къафеттæ, печенитæ, адджинæгтæ.

– Ælæм та-иу цы уыди?

Гъе уый ælæм. Æмæ бæхыл сбаддзæни лæппу æмæ йæ цæугæцæуын уидздзысты кæстæртæ, афтæ. Кирилл, ды гъе уыдон нæ зоныс?

Мæрзойты Кирилл: Ды сæ мæнæй хуыздæр зоныс.

– Иу барæг æй хаста?

Ботъоты Хæсанæ: Æмæ йæ иу æрæййæфтон æз, фælæ, дам, группæйæ дæр уыди. Для почёта. Цавæр лæг уа, уымæ гæсгæ.

– Дзургæ та цы фæкæнынц, хæлар куы фæкæнынц, уæд?

Гъе уæд дæр афтæ: уыцы иу куывд цæуы. Рухсаг цæуы гъе афтæ. Рухсаг уæд. Кæм и, уым, хорз адæймаг уыд, æмæ сызгъæрин талатæ суадзæд. Афтæ рухсæгтæ фæкæнынц.

– Тырыса ма-иу кодтой сымах заманы?

Сау тырыса кодтой. Сау тырыса-иу ахастой гъе уæд.

– Зазхæссæны уыд?

Зазхæссæны. Уæдæ! Уæдæ йæ зианы бон цæмæн уыдаид? Зазхæссæны, о.

– Æрмæстдæр сау хæцъил уыд? Ницы йыл уыд æндæр?

Ницы. Афтæ гыццыл лæдзæг, мæнæ ахæм. Гъе уый-иу сфидар кодтой йæ цырты цур. Афтæтæ, гъе.

– Ног дзаумæттæ не сцæттæ кæнынц зазхæссæнмæ?

Æмæ ахæмæй ницы федтон æз. Йæ дзаумæттæ йын сæвæрынц æнæуый дыууиссæдзæм бонмæ, ныххæлар кæнынц гъе уыдон.

– Зæрдæвæрæны ма кæрдæг куы февæрынц ингæныл?

Нæуу ыл сæвæрынц, нæууытæ. Нæуу ыл сæвæрынц раздæр, уый фæстæ йæ скæнынц бетонæй хъуыддаг, уый фæстæ облицовкæ.

Мæрзойты Кирилл: Гъе уыдон куы нæ уой, уæд хуыздæр. Раздæр гъе афтæ кодтой, мæнæ куыд радзырдтой.

Текст №16

Бутаев Касполат Николаевич, 1928 г.р. г. Алагир. Текст записан 18 марта 2009 г.

Афæдзæн йæ райдайæнæй фæхъæуы уæд дзурын. Афæдзæн йæ райдайæны адæм скæнынц Ног аз. Ног азмæ фæкувынц, цæмæй сын æххуыс кæной, уый тыххæй. Стæй уый фæстæ вæййы æртгæнæнтæ. Фыццаг сабат куы ‘рцæуы, гъе уæд фæкæнынц æртгæнæнтæ. Иуæй-иу хатт дыккагмæ дæр æрцæуы.

– Цы фæкæнынц æртгæнæнты?

Æртгæнæнты арт скæнынц. Зианджынтæ фæкæнынц уый. Æмæ дуармæ арт скæнынц æмæ дзы рахæссынц карк, дыууæ чъирийы, арахъ, дон йедтæ. Æртгæнæнты гъе уыдон кæнынц. Арты размæ адæм фæлæууынц.

–Фынг арты раз скæнынц?

Афтæ йæ скæнынц, гъе уым. Стъол, фынг та гъе уым йæ цуры вæййы.

– Арт кæдмæ фæсудзы?

Арт цалынмæ æрбабон уа, райдайынц æй æхсæвы цыппар сахатæй. Арты цурмæ рахæссынц стъол, æмæ адæм куыд цæуынц, афтæ… Сугтæ чи ‘рбахæссы, уый дæр сугтæ нывæры иугыццыл, гъе афтæ уый бæрц, æмæ уый бацæуы стъолы цурмæ, агуывзæйы йын рауадзынц арахъ æмæ дзы артыл бакалы гыццыл.

– *Цæмæн?*

Хæлар ын фæкæнынц йæ арты хай. Йæ арты хай йын цæмæй хæлар уа, гъе уый тыххæй.

– *Дзургæ та цы фæкæнынц?*

Чи ‘рбацæуы, уый фæзæгъы… æрмæстдæр гъе уый фæзæгъы: дæ арты хай дын хæлар уæд, дæхи дзы дзæбæхæй… Æнустæм арт дын у. Уый ногмæрдджынтæ фæкæнынц. Æмæ æнусты арт дын у, æмæ дзы дæхи хъарм кæн æнустæм. Гъе афтæ хорз.

– *Æртгæнæнты фæстæ та цы вæййы?*

Æртгæнæнты фæстæ та вæййы Бынатæхсæв. Уый та вæййы къуыри фæстæдæр дыццæгæй æртыццæджы ‘хсæвмæ. Бынатæхсæв – хæйрæджыты ‘хсæв дæр æй хонынц. Бинонтæ карк аргæвдынц, æртæ чъирийы скæнынц, нозт, хæрд æрæвæрынц, æмæ куы бадай, нæма дзы саходынц, афтæмæй æддæмæ рацу, хæйрæджыты бар сæ ныууадз. Æмæ æдде иу-дыууæ минут алæуу, уæдмæ уыдон дæр сæхи куыст бакæнынц, хæйрæджытæ, æмæ дзы саходынц, сæ хай дзы бахæрынц. Æмæ дзы кæд ницы фæхъуыди, уæд уый хæйрæджджын хæдзар нæу, кæд фæхъуыди, уæд та дзы хæйрæг и, æмæ йæ хай ахаста.

– *Афтæ дæр æмбæлы, нæ?*

Æмбæлы. Уый фæстæ мидæмæ бацæуынц æмæ æртæ кæрдзыны скувынц, æмæ уæд бинонтæ æрбадынц, скувынц Хуыцаумæ æмæ Бынатæхсæвæн скувынц, æмæ гъе уый фæзæгъынц, æмæ уый фæстæ хæрын райдай, Бынатæхсæвæн куы скувай, уæд. Алы хæдзар дæр афтæ фæкæны.

– *Зазхæссæн та кæд фæкæнынц?*

Зазхæссæн та уый мæнæ апрелы вæййы. Куадзæн та майы, кæнæ апрелы, гъе афтæ.

– *Зазхæссæнмæ цы фæкæнынц?*

Фыццаг-иу заз дæр кодтой, зазы къалиу дæр-иу кодтой. Ныр

цырагъдарæнтæ скæнынц. Æмæ йыл чисмис йедтæ стухынц, къафеттæ дзы вæййы… Æмæ сæ мæрдтæн ныххæлар кæнынц.

– Цырагъдарæн зазбæласы бæсты фæкæнынц?

Цырагъдарæн дæр кæнынц, зазбæлас дæр кæнынц, иуæй-иутæ зазбæлас дæр скæнынц.

– Æлæм та цы у?

Уый та хъилыл скæнынц… Афтæ йыл стухынц алцы къафетт йедтæ, æмæ гъе уый. Æлæм дæр кæнынц иуæй-иутæ, иннæтæ тæбæгъты сæвæрынц, æмæ се ‘ппæтæй хуыздæр. Уый фыццаг-иу кодтой, фæлæ ныр тæбæгъты сæвæр æмæ ныххæлар ын кæн афтæ. Зæронд мæрдтæн гъе уый фæкæнынц. Фыдæлтæ алы хъуыддæгтæ дæр кодтой. Дыууæ кæрдзыны ныххæлар кодтой, алцытæ-иу къалиуыл скодтой – къафеттæй, печенийæ – иуылдæр-иу сæ сауыгътой, бæхыл сбадын кодтой, гъе уыцы къалиу уигъæ цыдысты. Æмæ-иу кæрæдзийы дæр ма-иу ныппырх кодтой. Æмæ гъе уый ничиуал кæны ныр. Уый фыццаг кодтой æлæм йедтæ, æмæ-иу æй бауыгътой афтæ, æмæ-иу сæ фæстæ тæх æмæ уидз къафетт йедтæ зæххæй. Æмæ гъе уый дæр цы уыди? Ницы…

– Хæлар та куыд фæкæнынц?

Зазхæссæн у, æмæ дын мæнæ кæй сцæттæ кодтам, уыдон дын хæлар уæнт, дзæбæхæй дæм хæццæ кæнæнт. Афæдзæй-афæдзмæ мæнæ гъе уыцы зазхæссæн у, æмæ дын мæнæ хæлар кæнынц бинонтæ. Бинонты фарсмæ исчи дæр æрбалæууы. Æмæ гъе уыдон фæзæгъынц, хæлар дын уæнт, дзæбæхæй дæм хæццæ кæнæнт.

– Æлæм-иу нæлгоймагæн кодтой, æви сылгоймагæн дæр?

Ауыстæн, гъе уый дын нæ зæгъдзынæн. Дыууæйæн дæр! Цы уæлдай у? Уæлдай нæу.

– Тырыса дæр ма-иу куы кодтой?

Тырыса мах рæстæджы ничиуал кодта.

– Кæд вæййы зæрдæвæрæн та?

Майы нæ вæййы? Майы, кæнæ июнмæ дæр рахæссы. Зæрдæвæрæн уый мæнæ ног мæрдтæн кæнынц, афæдз ыл куы нæма рацæуы, гъе уæд, æндæр иннæтæн – зæронд мæрдтæн – нал кæнынц, фæлæ ног мæрдджын чи уа, афæдз ыл куы нæма сæххæст уа, зæрдæвæрæн гъе уæд кæнынц.

– Кусарт фæкæнынц?

Фыс фæкæнынц. Кусарт фыс кæнынц, уый æнæмæнг хъæуы. Фыс аргæвдынц, йæ раззаг къах æмæ йын йæ зæрдæ ралыг кæнынц, уæлмæрдмæ ахæссынц æмæ сæ ингæны кæрон гъе уым баныгæнынц. Ингæн мæнæ афтæ нæу, æмæ кусарт куы акæнынц, уæд сæ фыцгæ нæма скæнынц, фæлæ дзы гъе уыдон – зæрдæ æмæ къах.

– Къах та цæмæн?

Раззаг къæхтæй иу. Йæ нысан гъе уый у, æмæ мæнæ дæ фæстæ чи и, уыдон къахджын уæнт, дæ ингæнмæ дын цæуой дзæбæхæй, æнæнизæй. Зæрдæ та дын æвæрынц æмæ дæ зæрдæ ма ‘хсайæд, мæнæ бинонтæ дын зæрдæ æвæрынц, æмæ дæ нæ ферох кæндзысты. Йæ нысан гъе уый у. Главный.

– Кæсаг та?

Иуæй-иутæ кæсаг дæр æвæрынц, æмæ ногахст кæсаг дæр сæвæрынц. Гъе уыдон ын ныххæлар кæнынц, йæ ингæныл сæвæрынц, баныгæнынц – къах, кæсаг æмæ зæрдæ.

– Нæуу куы сæвæрынц, нæ?

Ныртæккæ нæуу нал æвæрынц, фыццаг-иу нæуу æвæрдтой, мах дæр-иу ацыдыстæм æмæ-иу нæуу скъахтам, мæнæ афтæ цыппæрдигъæттæ-иу афтæ ралыг кæн, æмæ йæ тæнæг сис, æмæ йæ афтæ ингæныл æвæрдтам, ома мæнæ цæмæй пырх ма кæна йæ ингæн, гъе уый тыххæй йæ æвæрдтой. Нæууæвæрæн-иу æй хуыдтой.

Текст №17

Фардзинова-Басиева Ведя Ивановна, 87 лет, г. Алагир. Текст записан 18 марта 2009 г.

Зазхæссæн будет вот в марте, или в начале апреля, куыд æрцæуа, уымæ гæсгæ. Кæнæ мартъийы вæййы, кæнæ апрелы райдианы. Зæрдæвæрæн та вæййы июны фæстаг майрæмбоны.

– Цы фæкæнынц?

– Аргæвдынц уæрыкк, æмæ уæрыккæн йæ зæрдæ тæвдæй, стæй йæ иу къах – гъе уыдон ахæссынц уæлмæрдмæ æмæ сæ бавæрынц

мардæн йæ фарсмæ. Дыууæ кæрдзыны ахæссынц семæ, æмæ йын сæ ныххæлар кæнынц, æмæ сæ афтæмæй бавæрынц.

– *Кæсаг та?*

Кæсаг дæр. Кæсаг та стъолмæ дæр вæййы, уырдæм дæр фæхæссынц мæнæ гыццыл кæсæгтæ чи сты, уыдон. Живые рыбы. Æгасæй йæ баныгæнынц. Кæсаг æнæуый дæр, сыгъдæгдæр цы у алцæмæй дæр, гъе уый кæсаг у. Алцæмæйдæр сыгъдæгдæр у, æмæ гъе уый тыххæй, æвæццæгæн. Зазхæссæны та-иу кодтой нæзыйы къалиу, æмæ-иу гъе уый сарæзтой къафеттæй, печенийæ, цыдæриддæр адджинагæй и, гъе уыдон-иу ыл æрцауыгътой, æмæ-иу сæ ахастой хæдзарæй уæлмæрдтæм, æмæ сæ цагътой, æмæ-иу сæ сывæллæттæ уыгътой сæхицæн. Барæг уыди, бæхыл бадти, æмæ йæ уыгъта. Зæхмæ нæ хаудысты, цы йыл уыди ауыгъд, уыдон, æмæ-иу сæ сывæллæттæ уыгътой сæхицæн.

– *Уый фæстæ-иу цы фæци?*

Къалиу-иу уæлмæрдмæ ахастой, æмæ ма-иу ыл чи баззад, уый-иу уым сæвæрдтой. Гъе уым-иу æй сæвæрдтой, æмæ-иу уый фæстæ куы бахус, уæд-иу æй аппæрстой.

– *Цырагъдарæн та?*

До сорока дней… Вообще… Ирон адæммæ сорок дней нæ уыдис фыццаг заманы. Это переняли у русских. Махмæ уыдис æртæ сабатизæры. Фыццаг сабатизæр, дыккаг æмæ æртыккаг. Æмæ æртыккаг сабатизæр мæнæ дыууиссæдз боны куыд кæнынц, гъе афтæ йæ кодтой ирон адæм. Æндæр нæм дыууиссæдз боны нæ уыди махмæ раздæр. Фæлæ-иу æртыккаг сабаты скодтой цыдæриддæр æмбæлы, гъе уыдон, кусартæй, æндæрæй – цыдæриддæр æмбæлы, уыдон. Сейчас так говорят, а тогда так было. Мæнæ гъе ныр дæ бынатмæ бахæццæ дæ, æмæ дын дæ бынат фæлмæн уæд, хъарм уæд, рухс уæд, сыгъдæг уæд. Мæрдты Барастыры уазæг у, æмæ дын йæ цъæх нæуыл бадыны бар уæд, æмæ дын йæ суадонæй нуазыны бар уæд, йæ цъæх фæткъуыйæ дын тонымы æмæ хæрыны бар уæд. Наставляли вот так. Это на сорок дней сейчас делают, а раньше делали æртыккаг сабатизæр.

– *Зазхæссæны та хæларгæнгæйæ цы фæдзурынц?*

Цыдæриддæр загътон… Дæ зазхæссæны хай дын хæлар уæд, зæгъгæ, гъе афтæ фæзæгъынц.

– *Гъе ныр заз та кæцæй рацыд?*

Это делали наши предки, кæцæй йæ райстой, уый нæ зонын.

– *Тырыса нæ кодтой зазхæссæны?*

Тырыса-иу хастой сау. Сау тырыса, хæцъил. Гыццыл, небольшой. Ахæм-иу скодтой, æмæ-иу æй къалиуыл бакодтой. Стод-иу цырагъдарæнтæ дæр скодтой. Æмæ-иу гъе уыдон дæр адджинагæй сарæзтой, чисмисæй. Это изюм. Æфсæйнагæй-иу æй сарæзтой цырагъдарæн, цыппæрдигъон хъуамæ уыдаид, æмæ гъе уыдон-иу кæрæдзимæ бабастой, æмæ-иу сæ стыхтой изюмæй, стæй-иу ыл уæле сæвæрдтой фæткъуытæ: «Дæ фæткъуыйы хай дæр дын хæлар уæд, дæ дыргъы хай дæр дын хæлар уæд», – зæгъгæ, афтæ. Æмæ-иу сæ уæлмæрдтæм ахастой, æмæ-иу сæ уым байуæрстой. Фыццаг заманы-иу афтæ кодтой: сылгоймаг-иу куы фæзиан и, уæд-иу ын сорок днеймæ кодтой раздарæн. Æмæ-иу гъе уыцы раздарæн дæр иууылдæр бамбæрзтой адджинагæй, иууылдæр раздарæн хъуамæ æхгæд уа къафеттæй, суанг йæ босты онг дæр. Æмæ-иу ын æй йæ сынтæгыл сæвæрдтой, æмæ-иу ын æй ныххæлар кодтой, уæлмæрдтæм-иу æй ахастой, æмæ-иу ын уым йæ адджинæгтæ систой, æмæ-иу æй устытæй искæмæн балæвар кодтой. Кодтой-иу æй хионтæй исчи, сыхæгтæ, æрдхæрдтæ дæр-иу кодтой.

– *Цырагъдарæнтæ-иу цал уыдысты?*

Хæстæгдæр ын чи уыди, гъе уыдон-иу скодтой цырагъдарæн. Бинонтæ обязательно кæнынц цырагъдарæн. Уыдон вæййынц хæсгæ, гъе ныр зазхæссæн куы уа, гъе уæдæй дыууæ къуырийы куы рацæуа, уæд. Уæд вæййынц хæсгæ уæлмæрдтæм, мæрдты куадзæны.

– *Ælæм та цы у?*

Ælæм гъе уыцы зазы къалиу. Зæрдæрисгæдæр зиан чи уа, молодойдæр чи уа, уыдонæн кодтой ælæм.

– *Зæрдæвæрæны нæуу нæ февæрынц?*

Раздæр æвæрдтой, фæлæ ма ныр чи æвæры? Нал. Мæнæ-иу нæуу кæм уа, нæуу, хъамыл нæ, фæлæ æнæуый лæгъз нæуу кæм

уа, гъе уымæй-иу цъар систой, цъар белтæй, æмæ-иу æй афтæ кусокгай сæвæрдтой ингæныл кæрæй-кæронмæ. Йæ зæрдæ кæмæн фылдæр рысти, гъе уый-иу æй дзæбæхдæр сæхгæдта, цæмæй йæм бынмæ мацы йед цæуа, уый тыххæй.

– *Ног бандон, стъол.*

Бандон, стъол вæййы. Стъол æмæ бандон, стæй уæд ног дзаума, гъе ныр сылгоймагæн гъе сæрбæттæн, гъе исты ахæм. Стъол æмæ бандон нæуджытæ балхæнынц. Ныххæлар ын кæнынц ног стъол æмæ ног бандон, цæмæй йын уа уым йæхицæн стъол. Йæ хуыссæн дæр ын ныххæлар кæнынц, фæзæгъынц: «Мæнæ дæ хуыссæн дын хæлар уæд, æмæ дын дзы дæ къæхтæ адаргъ кæныны бар уæд, æмæ дын дзы дæ фæллад суадзыны бар уæд!». Афтæ радзурынц.

Текст №18–21

18. Хабалова Залина Хаджимуратовна, 1965 г.р.; 19. Гозюмова Нэля Алихановна, 1960 г.р.; 20. Хабалов Казбек Хаджимуратович, 1959 г.р.; 21. Абаева Людмила Асланбековна, 1964 г.р., г. Алагир. Текст записан 10 апреля 2009 г.

– *Куыд скодтат уæхæдæг абон зазхæссæн?*

Хабалова Залина: Гъе ныр æй æз мæхæдæг куыд скодтон. Нæ фыд æртæ азы размæ амарди, æмæ гъе уымæн куы кодтам зазхæссæн, уæд мæм хорз нæ касти куыддæр зазхæссæн. Гъе ныр, зæгъын, гъе уый цы у – къафеттæ балхæн, гъе уыдон ратил-батил кæн – куыддæр мæм касти… Мæ бон æй зæгъын дæр нæу… Æмæ-иу цытæ кодтон, æмæ та-иу мын нæ мад арфæтæ кæнын байдыдта – афтæ тынг æхсызгон ын уыд. Æмæ уый фæстæ ныр нæ мадæн куы кодтам зазхæссæн, афтæ тынг мæ фæндыди ай дæр ын скæнон, уый дæр ын скæнон. Уый мæ фыды кæндтыл куыд цин кодта, æз дæр ныр афтæ. Æмæ мын ныр æндæр ран æвæрд у зазхæссæн, ахæм цæстæй йæм нал кæсын, цыма куклатæй хъазынц, раппар-баппар кæнгæ, афтæ. Ныр та мын æндæрхуызон у. Æнкъарын æй мæхи мидæг.

– *Гъе ныр цытæ скодтай, уыдонæн та сæ нысан цы у?*

Мæнæ йын хуыйæн машинæ скодтон. Хуыйгæ кодта, йæхицæн

дæр уыди машинæ, гыццыл чызгæй нырмæ хуыйгæ кодта. Æмæ ам нæ сыхæгты ус фæзиан ис иу æртæ-цыппар азы размæ, æмæ йын ахæм машинæ уыди. Æмæ нæ мад зазхæссæнтæм куы ацыд æмæ йæ куы федта, уæд нæ сыхæгты усимæ куы ‘рцыди, уæд афтæтæ кодта: цы диссæгтæ уыд уым, цы машинæ дзы и! Æмæ йын æз афтæ бакодтон хынджылæгæй: æз дæр дын, зæгъын, скæндзынæн. Æмæ гъе уый мæ зæрдыл æрбалæууыди под самый конец. Мæ хъуыдыйы дæр нал уыди. Мæнæ мын æй нæ сыхæгты ус æрлæууын кодта мæ зæрдыл. Хъуыды, дам, ма йæ кæныс, дæ мад, дам, гъе уым куы уыдыстæм Бидетæм… Æмæ гъе уæд загътон, гъе уый, зæгъын, куы нæ скæнон… Æмæ нæхимæ ссыдтæн, æмæ йæ хуыйæн машинæ мамæйæн схъил кодтон, æмæ йæм ракæс-бакæс кæнын – гъе ай, зæгъын, куыд скæнон? Пластиковый ботъылатæ арты сæрмæ ратас-батас кæнын, æмæ мын нæ уади. Æмæ уæд уыдоны бафарстон, æмæ мын уый базыдта, Сындзыхъæуы, дам. Æмæ Сындзыхъæумæ ацыдтæн уыцы усмæ, æмæ мын æй уый бацамыдта, æмæ йæ уый фæстæ мæхæдæг скодтон. Сумкæ йын скодтон барбарис къафеттæй. Уый та йын цæмæн скодтон? Барбарис къафеттæ бирæ уарзта, æмæ куы амарди, уæд йæ сумкæйы дæр афтæ дзæбæх къухы дзаг барбарис къафеттæ баззади. Æмæ йын гъе уый тыххæй сумкæ та скодтон. Стæй уæд йæ сумкæйы æдзухдæр зонтик дардта, æнæ зонтиккæй никуы цыд, постоянно дæр ын дзы зонтик уыд. Æмæ йын зонтик дæр скодтон. Гъе ныр ма раздарæн æмæ сæрбæттæн – уый о. Æмæ цырагъдарæнтæ æмæ бандон.

– Цырагъдарæнтæ та цал скодтат?

Цырагъдарæн уый алчидæр, гъе ныр мах цыппар сывæллоны стæм, æмæ йын нæ цыппары номæй дæр алчидæр цырагъдарæн скодта, алчидæр ын хъуамæ цырагъдарæн кæна.

– Заз та?

Гъе ныр мæ зазы тыххæй иу ус бакъуылымпы кодта ам. Гъе ныр æз афтæ æнхъæл уыдтæн гыццылæй нырмæ дæр, заз алкæмæн дæр вæййы. Алчидæр ныр алыхуызон фæдзуры. Заз – йæ ном йæ уæлæ – зазхæссæн. Зазбæлас, зазхæссæнтæ – ома заз фæхæссынц. Æз мæнæ гыццыл куы уыдтæн, уæд Црауы цардтæн, æмæ йæ хъуыды кæнын, афтæ-иу æй хастой, æмæ-иу æй тылдтой, æмæ-

иу сывæллæттæ йæ фæстæ тахтысты уынгты, афтæ-иу цыдысты, æмæ-иу æй тылдтой.

– *Фистæгæй, æви барæг?*

Фистæгæй. Уый фæстæ та… Барæгыл дæр-иу æй, хæрæгуæрдоныл, уæрдоныл дæр æмæ-иу æй уæрдонæй дæр… Ныр та машинæтыл фæласынц, уæззау вæййы æмæ. Гъе ныр æрсабыр дæн: зазхæссæн – йæ ном йæ уæлæ! Æмæ, дам, афтид молодой лæгæн. Зæгъын, нæ фыдæн дæр мах скодтам. Гъе ныр цæмæн фæкæнынц зазбæлас, ууыл никуы ахъуыды кодтон. Гъе ныр ма мæнæ изæрæй куы бадтысты, уæд рудзынг байгом кодтой. Æз мæнæ æрæджиау æрбахызтæн, æмæ рудзынг гыццыл байгом кодтой.

– *Цæмæн?*

Æмæ мæгъа, æвæццæгæн, исты нысан ын уыд… Кæд мидæмæ æрбацæуы?..

– *Зазхæссæн цæмæн фæкæнынц?*

Гозюмова Нэля: Цæмæн фæкæнынц, уый нæ зонын, фæлæ æрдæбон кæсын, æмæ, дам, дыууæ сахатыл ныххæлар кодтам. Æмæ зазхæссæны дыууæйыл чи фæхæлар кæны? Хур куы аныгуылы, уæд фæхæлар кæнынц.

Хабалова Залина: Æз ма мæнæу дæр ныссагътон: уалдзæг æрцыди, æмæ заз чи у, уый дæр ног тау рауагъта – уый дæр йæ ног азы хай. Гъе ныр, дам, мах Ног азы бæрæгбоны кæнæм ёлкæ. Мæрдтæн та гъе уый – йæ зазхæссæн, æмæ йыл къафеттæ æмæ адджинæгтæ бакæн. Мæнæу дæр афтæ: уалдзæг нæу, æмæ кæрдæг гъе ныр не схæцыди? Æмæ йæ хай, йæ кæрдæджы хай, йæ цъæх нæууы хай.

Неизв.: Гъе ныр ацы зазхæссæн, дам, цæмæ хъæуы, зæгъгæ? Фæлæ æз мæхи цас хъуыды кæнын, æмæ раздæр адæм цы мæгуыр цардысты, уæддæр-иу зазхæссæнтæ кодтой. Алцыдæр-иу кодтой. Ælæм дæр-иу кодтой.

– *Ælæм та куыд кодтой?*

Гозюмова Нэля: Ælæм та лæгæн кодтой, молодой лæгæн. Гауыз, къафеттæй-иу æй бакодтой. Уый, дам-иу, ласгæ мардæн кодтой. Искуыцæй йæ куы æрластаиккой, кæмдæр амард, æмæ йæ æрластой ома.

– Хæлар куы фæкæнынц, уæд та цы фæдзурынц?

Хабалова Залина: Гъе ныр мæнæ абон дæр куыд кодтой: цы дын скодтой, уыдон дæм хъармæй, куыд дын сæ скодтой, афтæмæй дæм хæццæ кæнæнт. Сæрдыгон дын æмбийгæ, зымæгон дын сæлгæ ма кæнæнт. Дæ фæстæ чи баззад, уыдоныл цардаудæн кæн, уыдон дæ фæстæ дзæбæх куыд уой. Афтæтæ.

– Цæттæ кæнын та кæд байдыдтат?

Æз раджы байдыдтон цæттæ кæнын. Иу бон-иу иу скодтон, иннæ бон – иннæ. Мæхи сабыргай цæттæ кодтон.

– Цытæ сарæзтай къафеттæй, уыдон гъе ныр цы фæуыдзысты?

Уыдон райсом уæлмæрдтæм ахæсдзыстæм, иу-цалдæр дзы ныууадзынц мæрдты куадзæнмæ, иннæтæ… Æмæ гъе ныр афтæ бирæ нал цæуынц, гъе ныр махæн ам нæ сыхы æхсæз раны и, æмæ се'ппæт нæ ацæудзысты. Æнæуый та афтæ хъуамæ уа: устытæ ацæуынц уæлмæрдтæм æмæ сæ уым райхалынц. Æмæ чи ацæуы, уыдоныл сæ ныддих кæнынц. Сывæллæттæ фæцæуынц, мæгуыр сывæллæттæ, мæнæ Чикола-йедтæй ардæм сывæллæттæ фæцæуынц. Мæгуыр сывæллæттæ фæцæуынц дзæкъултимæ. Ныртæккæ сывæллæттæ иууылдæр фæцæуынц, æнæуый та мæгуыртæн уыдысты. Æмæ уæлмæрдты дæр вæййы бирæ сывæллæттæ, фæцæуынц, фембырд кæнынц, фæуарынц.

Гозюмова Нэля: Заз фæтилынц, æмæ йæ фæстæ фæтæхынц æмæ йæ фембырд кæнынц.

Хабалова Залина: Зазыл ма вæййы мæнæ къухмæрзæн æмæ дыууæ носкийы. Уыдон та заз чи фæхæссы, уымæн сæ раттынц. Гъе ныр раздарæн æмæ сæрбæттæн та афтæ: раздарæнæй цалдæр къафетты раппарынц, иу гыццыл сæрбæттæнæй дæр. Æмæ гъе ныр нæ мад хуыздæр кæимæ царди, гъе уымæн сæ ратдзыстæм, иу дзы иуæн ратдзыстæм, иннæ та – иннæмæн, хæстæгдæр ын чи уыди, уыдонæн. Хæстæджытæн нæ. Æмæ абон мæ хойы гыццыл чызг куыд загъта, сумкæ йæ зæрдæмæ фæцыд, æмæ нæ хъуыста, ай кæмæндæр дæтдзыстæм, зæгъгæ. Æмæ, дам, сумкæ та кæмæн дæтдзыстут? Мæнæн, дам-ма йæ раттут.

– Цырагъдарæнæн цал къалиуы вæййы?

Фондз. Цыппар æмæ астæуæй иу. Сæ кæрæттыл свечкæтæ хъуамæ уа, æмæ уыдон… раздæр æхсæв-бонмæ бадгæ, æмæ свечкæтæ гъе уæдмæ хъуамæ судзой. Фæлæ ныр ничиуал, иудыууадæсмæ фæбадынц, уый фæстæ – ничиуал.

Гозюмова Нэля: Зилгæ, дам, фæкæны уыцы æхсæв.

Хабалова Залина: Æнхъæлмæ мæм кæсынц, æви нæ…

Гозюмова Нэля: Мæнæ мамæйы мад бадт, æмæ йæ бамбæрста, афтæ, дам, ыл уазал куыд амбæлди…

Хабалова Залина: Æз уын радзурон. Сорок дней нæм куы нæма уыди, уæд… æвваст… Тамарæ нын æвваст нæ уыди, æмæ… Мæ хо чи у, уый гъе афтæ куыдта, йæ уаты бадти, сынтæг кæм уыди, гъе уым бадти æмæ куыдта. Æмæ афтæ кодта, кæд, дам, нæ хъусыс зæгъгæ, уæд, дам, ма нын æй искуыд бамбарын кæн, уыныс нæ, зæгъгæ. Æмæ афтæтæ æдылы ныхæстæ кодта, йæ зæрдæ рысти æмæ-иу куыдта. Æмæ гъе ууыл цасдæр рацыди, æмæ гъе уым куыд бадти йæ уаты, йæ сынтæг конд кæм уыд, афтæ йын йæ тæф почувствовать скодта. Æмæ-иу æм мах хыл кодтам: уæлмæрдтæм-иу куы ныццыд, уæд-иу нæ фыдæн дæр афтæтæ дзырдта: «Уый дæу аххос у, ды нын æй ахуыдтай», – зæгъгæ. Æмæ-иу ын загътон, афтæ ма дзур, уæддæр рынчын уыди Тамарæ, æмæ афтæ цæмæ дзурыс? Æмæ нæ мады тæф куы бамбæрста, уæд æй махæн нæ бауæндыди зæгъын, ныртæккæ та, дам, зæгъдзысты… нæ сæ бауырндзæн, зæгъгæ. Æмæ ницы загъта. Афтæ дын æз нæхимæ ацыдтæн, æмæ мæм мæ иннæ хо телефонæй дзуры, хистæр хо, æмæ дын кæуы, Тамарæйы тæф, дам, мыл скодта. Æмæ ацы хо куы фехъуыста, уæд ныккуыдта: «Æз уын æй нæ уæндыдтæн дзурын, æз дæр æй…». Æмæ æз фæстæмæ æрцыдтæн. Къомнæтмæ бацыдтæн, æмæ йæ æз не ‘мбарын. Æмæ-иу куыд кодта? Уат иууылдæр нæ тæф кодта, фæлæ æрмæст иу цыдæр ран. Æмæ-иу æй агурын байдыдтой, æмæ-иу æй куы ссардтой дыууæйæ дæр, уæд-иу мæнмæ фæдзырдтой. Фæлæ йæ æз уæддæр не ‘мбæрстон. Æмæ адон горæтмæ ацыдысты, æмæ дын æз ам иунæгæй Раяимæ уыдтæн. Æмæ сынтæгыл йæ разы æрхуыссыдтæн, æмæ дын мыл йæ тæф ракалди. Ахæм тарст фæкодтон, нæ! Æмæ йыл сахуыр стæм: цалынмæ сорок дней скодтам, уæдмæ-иу афтæ хаттæй-хатт

кæмдæр, кæнæ сынтæджы раз, кæнæ дуары раз, йæ тæф скалди. Æмæ-иу æй иу куыд бамбæрста, не ‘ппæт дæр-иу æй афтæ бамбæрстам. Æмæ сорок дней куыддæр скодтам æмæ хъæццул схъил кодтам, гъе афтæ нал стæф кодта. Æмæ-иу нын æй афтæ дзырдтой, уый, дам, æвæццæгæн, йæ дзаумæттæ тæф кæнынц. Мæнæ-иу духийы тæф бирæ уарзта. Æмæ йæ дзаумæттæ духийы тæф кодтой, уый та именно нæ мады тæф уыди. Уый фæстæ йæ ай дæр бамбæрста, мæ чызг. Ай дæр йæ нæ ахста. Гъе ныр, æвæццæгæн, исты и, нæ зонын… Уый фæстæ та мæнæ ам бадынц дыууæйæ. Æмæ та Альбинæ фæстæмæ афтæ загъта. Æмæ мæнæ ацы занавестæ чи сты, уыдон, дам, размæ ацыдысты æмæ та фæстæмæ. Æмæ адон фæтарстысты. Мах, дам, иунæгæй нæ уæндыдыстæм, рудзгуытæ, дам, æхгæд уыдысты… Æмæ, æвæццæгæн, зазхæссæн дæр…

Гозюмова Нэля: Мамæйы мадæн йæ лæппу, дам, куы амард, уæд, дам, баззади, æрфынæй, æмæ, дам, йæ къухтæ афтæ æрæвæрдта стъолыл, æмæ, дам, иу афон куы уыди, уæд ыл цыдæр уазал æрбамбæлди йæ къухтыл. Æмæ, дам, хæрдмæ фæхауди. Ныртæккæ зазхæссæн дæр афтæ…

Хабалова Залина: Бадынц мæм, æнхъæлмæ мæм кæсынц æви нæ? Æз не схуысдзынæн уæдæ.

Гозюмова Нэля: Зилгæ, дам, фæкæнынц, уый, дам, æцæгдæр афтæ у. Хъæуты сæ тынг уырны.

– Тырыса-иу нæ кодтой мыййаг?

Гозюмова Нэля: Тырыса – уый æлæмыл вæййы, конд вæййы æлæмыл. Уый вæййы гъе уымæн… ласгæ мардæн, молодой нæлгоймагæн.

– Æлæм цы хуызы вæййы?

Гауыз къафеттæй, алцæмæйтæй конд вæййы. Кæронæй ставд хъилыл конд вæййы. Иу 30 килограмм дзы цыди. Уæззау-иу уыди. Фæлæ гъе уый кодта иу сылгоймаг, се ‘ппæт æй нæ зонынц кæнын. Рæсугъд у афтæ. Æмæ-иу гъе уый кæрон уыдис тырыса, сау тырыса. Мæнæ æз мæ фыдымадæй, мæ мадымадæй цы фехъуыстон, уыдон ма хорз бахъуыды кодтон, ацы хабæрттæ: зазхæссæны æхсæвы фæцæуынц, изæрæй фæхæлар кæнынц.

– Мæкъуыл дæр не скодтай?

Хабалова Залина: Къафеттæй? Уый дæр гъе афтæ, зазбæласы бæсты. Корзинæ – уый та афтæ, рæсугъдæн, корзинæ æмæ йын йæ хуылфы къафеттæ. Свечкæтæ та уый тыххæй фæсудзынц, æмæ, дам, æхсæвы æрбацæуы, бадынц мæм, æнхъæлмæ мæм кæсынц æви нæ?

Гозюмова Нэля: Бадæнтæ, те же бадæнтæ – зазхæссæн.

– Ног дзаумæттæ не 'рцæттæ кæнынц?

Хабалова Залина: Ног дзаума дæр. Æнæуый фелхæнынц стъол, бандон, дзаума æмæ дзабыры дарæс, къæхтыл дарæс. Цæмæн, уый нæ зонын, фæлæ гъе ныр ын мах балхæдтам бандон, кофтæ æмæ комнатнытæ. Æмæ гъе ныр уыдонæй иу мæ хойæн ратдзынæн, иннæ – нæ иннæ хойæн, нæ бандон не 'фсымæрæн ратдзыстæм – цæмæй дзы алкæмæ дæр исты æрхауа æмæ сæ нæ мады номæй дардзыстæм уыцы дзаумæттæ. Гъе ныр цæмæн фелхæнынц, уый та нæ зонын…

– Ацы кæндты фæстæ та мæрдты куадзæн, нæ?

Мæрдты куадзæн, мæрдты куадзæны фæстæ – зæрдæвæрæн.

– Зæрдæвæрæны та цы фæкæнынц?

Зæрдæвæрæны та фыс аргæвдынц æмæ йын йæ зæрдæ баныгæнынц уæлмæрдты. Къæхтæ дæр ма.

Абаева Людмила: Вообще уый раст нæу. Зæлдæвæрæн у. Кæрдæг. Мæнæ-иу дзы кæрдæг афтæ пластами сæвæрдтой могилæйыл. Стæй уæд зæлд, зæгъгæ, æмæ зæрдæ, зæгъгæ, чидæр фæрæдыди, æмæ гъе афтæмæй зæрдæвæрæн ацыди.

– Зæрдæвæрæнты кæсаг вæййы?

Хабалов Казбек: Зæрдæвæрæнты вæййы. Æгас кæсаг.

Абаева Людмила: Æгас кæсаг дæр ма баныгæнынц.

Хабалов Казбек: Галиу къах, кæсаг… Фыс дзы аргæвдын фæхъæуы, æмæ фысæн йæ галиу къах, æгас кæсаг иу. Зæрдæ доны ныппарынц.

Хабалова Залина: Ракæс-ма, ды иухатт нæ ныгæдтай кæсаг? Мæнæ нæ фыдæн. Æмæ нæ сыхаг лæгимæ иу бон, ай раздæр амардди, дыккаг бон та нæ фыд. Æмæ сын Хъазбег кæсæгтæ ныгæдта. Æмæ махон уайтагъд нæ аныгæдтай, Чермæныон гæпп нæ кодта? Куыддæр куы уыд? Куы нæ дын куымдта?

Хабалов Казбек: О, нæ куымдта. Æгас кæсаг куыд вæййы уæдæ. Æмæ зæрдæ, фысы зæрдæ банкæйы доны сæвæр, æмæ йæ галиу къах. Араугæ йæ ма скæн, афтæ. Гъе ныр æнæуый сæр йедтæ нæ фæарауынц, къæхтæ дæр. Фæлæ нæй, ай та арауæн нæй. Къах куыд алыг кæнынц, афтæмæй. Æмæ сæ ахæсс, кæсаг дæр. Æмæ йæ сæры ‘рдыгæй баныгæн.

Хабалова Залина: Афтæ дæр ма дзырдтой зазхæссæны тыххæй, раздæр, дам-иу, цы куыстаиккой, уый нæ уыд, свет нæ уыди, æмæ, дам-иу, бадтысты.

Абаева Людмила: Гъе ныр алы рæтты… Алагиры иу цыдæр ис, уæртæ Суададжы та – æндæр цыдæр.

Хабалова Залина: Гъе ныр мæнæ абон куы сцæттæ кодтам, уæд мын мæнæ не ‘фсинтæй иу афтæ зæгъы, чашкæ æмæ, дам, блюдце æрцæттæ кодтай? Гъе уый æз, например, никуы зыдтон. Нæ фыды рæстæджы дæр мын æй ничи загъта. Æмæ ацыдтæн, æмæ æнæхъæн Алагиры чашкæ æмæ блюдце никуыуал ардтон. Иу ссардтон æмæ, дам, мин сомы. Æмæ гъе ныр чашкæ æмæ блюдце уыцы аргъæй куыд балхæнон? Гъе ныр уый та цы у?

Абаева Людмила: Вæййы. Зæронд нæй, хæргæ дзы бакодтай уже. Федтай, зæгъæг дын нæ уыди, ферох вæййы. Гъе ныр та дын æй загътой, æрхъуыды йæ кодта.

Хабалова Залина: Фæлæ куыд дарддæр, афтæ ацы æгъдæуттæ ничиуал кæндзæн.

Абаева Людмила: Ныртæккæ церковы ‘рдæм фесты, æмæ церковь та адæттæ нæ уадзы кæнын.

Текст № 22–23

22. Бекузарова-Басиева Зинаида Тимофеевна, 1934 г.р., пос. Мизур. 23. Бекузарова Зоя Леонидовна, 1950 г.р. г. Владикавказ. 23 а. Дарчиева Зарема Тимофеевна, 1958 г.р., г. Алагир. Текст записан в г. Алагир 10 апреля 2009 г.

Басиева Зинаида: Зазхæссæн − йæ ном йæ уæлæ, зазхæссæн, зæгъгæ. Чи æлæм скæны, æлæм та мæнæ ахæм ковёр, адджинагæй йæ байдзаг кæн. Чи та къалиу скæны, цырагъдарæнтæ. Сладкитæ,

кæсæгтæ, кæрчытæ – зазхæссæны вæййы гъе уыдæттæ. Ælæм мæнæ гъе ахæм ковер, алыхуызон къафеттæй чырынтæ скæнынц. Æмæ ныртæккæ никуыуал федтон, фæлæ æз мæхæдæг арæх кодтон.

– *Ælæм сылгоймагæн кодтой æви нæлгоймагæн?*

Уæлдай нæ уыди уый. Дæ зæрдæ куыд тынгдæр риссы, гъе афтæ-иу скодта лæг, йæхи-иу ныххæрдзтæ кодта, фæлæ пайда та ницытæ сты. Гъе ныр уæлæ скодтам, æмæ цы пайда сты? Уыдонæй Валикмæ цы хæццæ кæны? Фæлæ афтæ. Гъе ныр цырагъдарæн рахастон æз, рон рахастон, стæй адон сæхæдæг лæдзæг скодтой, зазы къалиу скодтой. Сладкитæ цы дæ бон у, гъе уыдон та дуканийæ рахæсс, базарæй.

– *Цырагъдарæнтæ чи хъуамæ скæна?*

Мæнæ æз скодтон, дæлæ Зоя скодта, мæнæ чызджытæ сæхæдæг скодтой.

– *Цал скодтат цырагъдарæнтæ?*

Басиева Зинаида: Цал уæм и, цал?

Бекузарова Зоя: Æртæ нæм и. Æз кæй скодтон, иннæ та… копна куыд у иронау… мæкъуыл скодта. Мæнæ афтид къафеттæ, мæнæ ёлкæйы хуызæн чи сты.

Басиева Зинаида: Мæкъуыл, зоныс, цы у?

– *Æмæ йæ цæй тыххæй фæкæнынц?*

Кæмæн куыд йæ зæрдæ зæгъы, афтæ йæ скæны – æз хуыздæр скæнон, æз рæсугъддæр скæнон.

– *Цырагъдарæны та цал къалиуы вæййы?*

Æз фондзæй рахастон, кæмæндæр та цыппар у. Фæндзгæйттæ фæкæнынц æнæуый, æмæ чи фæткъуытæ сæвæры, чи цырæгътæ, свечкæтæ сæвæры. Афтæтæ.

– *Æмæ уый цы нысан у, цырагъ, свечкæ?*

Чи амæлы, уымæн, дам, мæрдты кадджын у, рухс ын у.

– *Зазы къалиу та?*

Зазы къалиу дæр афтæ. Цин, дам, ыл фæкæны: мæнæн афтæ сарæзтой, мæнæн афтæ бакодтой. Чи дзы рацыди, уый нæ федтон, фæлæ гъе афтæтæ фæдзурынц.

– *Хæлар та кæд фæкæнынц зазхæссæны?*

Мæнæ гъе ныр абон байрæджы кодтой, фæлæ часыл кæнæ дыууæйыл. Гъе уæд зæрæдтæ æрбацæуынц æмæ йын сæ ныххæлар кæнынц, цæхх байтауынц сыл, стæй йæм кардæй февзидынц, мачи дын дзы сахода, зæгъгæ. Гъе афтæтæ, уый куыд баззади, уымæ гæсгæ.

– Хæлар кæнгæйæ дзургæ та цы фæкæнынц?

Рухсаг у! Дзæнæты фæбад! Кæимæ дæ фæнды, гъе уыйимæ дæ хæрд, дæ ноз. Цъæх нæууыл дын бадыны бар уæд, суадоны донæй дын нуазыны бар уæд! Афтæтæ.

– Мæнæу дæр нæ разайын кæнынц?

Мæнæу… гъе ныр уый цæй тыххæй у, уый нал хъуыды кæнын. Абондæргъы дæр æй хъуыды кæнын, мæнæу цæмæн кодтой, гъе ууыл. Нал æй хъуыды кæнын. Æз мæхæдæг-иу арæх кодтон.

Бекузарова Зоя Леонидовна: Гъе уыцы мæнæу афтæмæй ныуадзынц мæрдты куадзæнмæ. Æмæ йæ ахæссынц уæлмæрдтæм. Æмæ уыцы рæстæг памятник йедтæ нæма вæййынц, æмæ зæххы гъе уый бæрц, мæнæу цæййас у, уый бæрц бынат скæнынц, æмæ йын æй сæвæрынц. Фарон нæ мадæн куы скодтой, уæд ын ахæм ныхæстæ загътой: «Мæнæ дæ мæнæуы хай, мæнæ дын хæлар уæд, æмæ дæ цæмæн хъæуы, цæмæн дæ бахъæудзæн, гъе уымæн дын уæд».

Басиева Зинаида: Арæх кодтон! Гъе ныр цал зианы æрцыди, алкæддæр-иу мæнæу кодтон. Æмæ-иу чи бæрзонд ссыди, чи… куыд-иу байтыдта лæг, афтæ. Æнхъæлмæ, дам, фæкæсынц, уæдæ мын чи хуыздæр æрбахæсдзæни, чи мын хуыздæр ныххæлар кæндзæни. Гъе ныр больницæйы уыдтæн, æмæ мæм уæртæ къуыдарæй иу ус тынг амыдта, афтæ дæр кæнын хъæуы. Омæ йæ радзур, афтæ. Куыд афтæ кæнын хъæуы? Гъе æмæ-иу уый загъта, хæрынæн куы ‘рцæттæ кæнай, уæд сæм æвналæн нæй, цалынмæ сын рухсаг нæ зæгъай, уæдмæ.

Бекузарова Зоя Леонидовна: Гъе ныр ма æз цы зæгъынмæ хъавыдтæн, цæхх та сыл цæмæн фезæрдынц. Афтæ фæзæгъынц, уыдон зæххы бынмæ нæ цæуынц, æмæ хæйрæджытæ дæр. Æмæ, дам, сæм лæбурдзысты. Уыдон та цæххæй тæрсгæ кæнынц, æмæ алы йедыл дæр… адджинагыл дæр, хойрагыл дæр калынц цæхх.

Ома сæм цæмæй мацы бар дара æмæ сыгъдæгæй хæццæ кæной, кæмæн сæ ныххæлар кодтой, уымæ.

Басиева Зинаида: Стæй йæм уæд кардæй дæр бавзидынц, цæмæй сæм мачи мацы бар дара, сæхи йеддæмæ.

−Фылдæр зазхæссæны адджинаг вæййы, нæ?

О, адджинæгтæ.

− Цымæ цæмæн?

Афтæ йæ кæнынц. Ницы кусарт дзы вæййы, æрмæстдæр кæрчытæ æмæ кæсаг, стæй адджинæгтæ, дыргътæ.

− Мæнæ цырагъдарæн, зазбæлас − уыдон уый фæстæ цы фæвæййынц?

Иу цырагъдарæн ныууадздзысты куадзæнмæ, мæрдты куадзæн æрбацæудзæни, æмæ гъе уæдмæ йæ ныууадздзысты. Стæй уæд æй куадзænимæ уæлмæрдмæ ахæсдзысты æмæ йæ уым растъигъдзысты.

−Цæмæй конд вæййы?

Æз æй æфсæйнагæй скодтон.

− Æмæ уыцы æфсæйнаг та цы фæвæййы?

Гъе уым æй нывæрдзысты уæлæ могилæйы раз.

− Тырыса нæ кодтой мыййаг?

Тырыса кодтой, æлæм куы скæнай, гъе уæд уымæн. Стæй ласгæ мард куы вæййы, уæд уымæн дæр скæнынц тырыса.

− Æлæмимæ иумæ вæййы?

Æлæм ын куы скæнай, гъе уæд ын вæййы тырыса дæр, æлæмыл æй æрæвæр уый дæр, тырыса. Æмæ гъе ууыл йæхиуыл бакæнынц мæйы ‘рдæг. Стæй тамакотæ, спичкæтæ, носкитæ − чи йæ хæсса, уымæн подарок.

− Куыд-иу сæ хастой æлæм, тырыса?

Æлæм батух, æмæ-иу æй цæгъдгæ уынджы хастой. Сывæллæттæ йæ фæдыл æмбырд кодтой, фæцæуы бæхыл, æмæ афтæмæй йæ фæдыл æмбырд кодтой.

− Тырыса та æндæр исчи хаста?

Иумæ, иумæ-иу сæ хастой. Бæхтыл-иу сæ хастой хæсгæ дæр.

− Зазхæссæнмæ ма ног дзаумæттæ дæр нæ балхæнынц?

Уæртæ сынтæгыл гъе ныр ногæй скодтой… бандон, стъол æмæ йæ уæлæйы дарæс. Гъе уым сты.

– Дзабыр дæр вæййы?

Уæлæдарæс, дзабыртæ нæ. Стъол ын, бандон æмæ йæ сынтæджы свитер.

– Æмæ ног дзаума та цæмæн фæкæнынц?

Мæгъа, гъе ныр гъе афтæ баззад, нæ йæ зонын. Фæлæ гъе уый искæмæн ратдзысты, кæнæ йæ мæнæ йæ фырт дардзæн. Йæхицæн та ног дарæс, зæрæдтæ йын нал сæвæрдтой, фæлæ.

– Мæнæ бæгæны ведрайы конд нæ вæййы? Уый та цы у?

О, æмæ дзы фæткъуы ныппарынц, уыцы фæткъуы та… куыд æй зæгъон… нæ йæ зонын.

Неизв.: Рынчын адæймагæн æй бахæрын кæнынц. Втихоря взять, чтобы никто тебя не видел, æмæ йæ рынчын адæймагæн бахæрын кæн, особенно мæнæ сывæллæттæн, йæ быны чи фæмизы, уыдæттæн. Говорят, помогает. Сусæгæй йæ райс.

– Зазхæссæны фæстæ мæрдты куадзæн, нæ?

Гъе ныр адон райсом цырагъдарæн ныууадздзысты, куы ‘рцæуа уæртæ мæрдты куадзæн, гъе уæдмæ. Æмæ уæд æйчытæ сахордзысты æмæ…

Бекузарова Зоя Леонидовна: Ныртæккæ дæр дзы ис æйчытæ, æмæ гъе уыцы æйчытæй ныууадзæм мах куадзæнмæ. Æмæ хæрынмæ почти нал фæбæззынц, æмæ сæ гъе уым ныууадзæм ингæны алыварс. Æмæ гъе ныр цы фæвæййынц? Может, æмæ сæ… кæм куыйтæ æрбатæхынц, кæм фос… Чи зоны, æмæ афтæ чи зилы уæлмæрдты… мæгуыртæ сæ æрæмбырд кæнынц.

Басиева Зинаида: Ностытæ дæр дзы чи вæййы, уыдæттæ дæр зæрæдтæ æруидзынц.

– Цæттæ кæнын та кæд байдайынц зазхæссæнмæ?

Гъе ныр ай къуыримæ ацæттæ кодта, æз хæдзары нæ уыдтæн, фæлæ. Адон та горæт йедты зылдысты рæсугъд цъарджытыл, асламдæртыл. Махмæ та Мызуры ахæм йедтæ ницы и. Æмæ сæ майрæмбонмæ сцæттæ кодта, æмæ рацыдыстæм ардæм. Гъе ныр райсом та уæлмæрдмæ ацæудзысты.

Бекузарова Зоя Леонидовна: Къуырийы дæргъы вæййы, раст

куы зæгъон, уый тыххæй æмæ сыхæгтæм фæдзурынц, рон чи кæны, мæсыг чи кæны – уыдоныл бирæ куыст и. Гъе ныр цæмæй чисмис æндæхтыл бакæнай – бирæ рæстæг ын хъæуы. Махмæ гъе ныр нæ сыхæгты устытæ цалдæр изæры бадтысты. Æмæ-иу ныхасгæнгæйæ иу изæр, иннæ изæр, цырагъдарæнтæ дæр… Æххуыс кæнынц зианджынæн, взаимопонимание, взаимопомощь.

Басиева Зинаида: Цæмæй йын æнцондæр уа зианджынæн, гъе уый тыххæй йын сыхæгтæ æрбамбырд вæййынц, æмæ йын чи чисмистæ фæкæны, чи къафеттæ халыл фæкæны, чи фæткъуытæ ныхсы, чи дыргътæ ныхсы, афтæтæ – феххуыс ын кæнынц.

– *Уый фæстæ та вæййы зæрдæвæрæн?*

Зæрдæвæрæны та уæрыкк аргæвдынц, æмæ гъе уымæн махмæ Мызуры йæ къах, йæ зæрдæ, йæ хъус – гъе уыдон ын уæлмæрдмæ ахæссынц йæ тугимæ. Æмæ сæ гъе уым баныгæнынц, æмæ фæстæмæ æрбаздæхынц, æмæ гъе уæд… Кæрдæг дæр кæд вæййы, уæд ыл кæрдæг дæр сæвæрынц – нæуу, скъахынц æй, æмæ йыл гъе уыцы нæуу сæвæрынц. Æмæ цъæх фæдары ингæн. Кусарт акæнынц, æмæ куыддæр æй аргæвдой, афтæ йын йæ туг, йæ къах æмæ йæ зæрдæ – гъе уыдон уæлмæрдмæ тагъд-тагъдæй, хъармæй цæмæй уæлмæрдмæ ахæццæ уой, ингæны сæ баныгæнынц, гъе ныр зиан кæм вæййы, гъе ууыл скъахынц æмæ сæ уым нывæрынц. Æмæ фæстæмæ раздæхынц. Æмæ гъе уæд ныххæлар кæнынц, æмæ сбад æмæ хæр.

– *Дзургæ та цы фæкæнынц?*

Гъе уым дæр афтæ: «Рухсаг у! Мæнæ дæ зæрдæвæрæны хай». Афтæтæ.

– *Кæсаг дзы нæ вæййы?*

Уым дæр кæсæгтæ вæййы, абон мæнæ зазхæссæны дæр карк æмæ кæсæгтæ.

– *Ныгæнгæ нæ фæкæнынц æгас кæсаг?*

Зоя, зæрдæвæрæны кæсаг баныгæнынц?

Басиева Зоя Леонидовна: Люди разные по социальному сословию: иутæ хъæздыгдæр сты, иннæтæ мæгуырдæр сты, ис та кæцытæн сæ къух нæ амоны, сæ зæрдæ зæгъы, сæ къух та нæ амо-

ны. Æмæ ирæттæм раджы дæр æмæ æрæджы дæр кæсаг уыди кадджын. Уæлдайдæр, мæнæ Хъаспийы красная рыба кæй хонынц, уый. Кæф æй хуыдтой. Фыс кæмæн йæ бон нæ уыди, уыдон-иу афтæ кæсаг балхæдтой. Æмæ кæсаджы ныгæнынц æнæхъæнæй, цардудæгасæй. Мæн рæстæджы афтæ уыди, æмæ кæф нæ уыди, фæлæ уыдысты мæнæ ахæм дыууæ гыццыл кæсæгтæ. Æмæ сæ ахастам, æмæ гъе ныр куыд вæййы, афтæ ракъахтам æмæ сæ гъе уым баныгæдтам. Куыд дынджыр нæ уыди кæсаг, афтæ дыууæ уыдысты, дыууæ гыццыл кæсаджы. Æмæ йын сæ бавæрдтам, æмæ йын сæ ныххæлар кодтам. Æмæ йын загътам: «Цæмæн дæ бахъæудзысты уыцы царды, кæд æцæгæй дæр исты и, уæд дын хæлар уæнт, æмæ нæм мацы бар дар, кæд истæмæй фæрæдыдыстæм». Уый тыххæй æмæ йæ мах дæр хъусгæ фæкодтам. Æмæ гъе ныр афтæмæй зæрдæ не ‘хсайдта, истæмæй фæрæдыдыстæм, æмæ мах æдзæллаг… что мы материально не можем, не небрежность, а вот именно материально мы не обеспечены…

– *Кæсæгтæ дæр зæрдæимæ баныгæнынц?*

Бекузарова Зоя Леонидовна: Нæа! Целиком они были, удыгæстæ. Æнæ уæрыччы зæрдæйæ, йæ бæсты, вместо него. Иутæ кæнынц афтæ, æмæ кæсаг дæр скæнынц, æмæ уæрыкк дæр. Уæрыкк та… Я так думаю, это символ чистоты моральной. Æвæццæгæн æмæ сæ хъæуы гъе уым ахæм сыгъдæг уды… как жертвоприношение. Моральной чистоты, именно æнæчъизи…

Басиева Зинаида: Æнæтæригъæд, æнæчъизи. Æмæ уæрыкк куы аргæвдай, уæд ын йæ туг, йæ къах æмæ йæ зæрдæ…

Бекузарова Зоя Леонидовна: Вот что это означает, почему именно къах, зæрдæ æмæ йæ туг, уый дын нæ зæгъдзынæн. Æмæ гъе уым дæр сæ ныххæлар кæнынц: «Рухсаг у! Хæлар дын уæнт! Мæнæ дын дæ зæрдæвæрæны хай», зæгъгæ. Фæлæ ныр цы нысан кæнынц?.. Нæ зонын. Ахæм сæры хицау нал и…

– *Нæуу та?*

Гъе уый дæр скъахынц, кæм вæййы кæрдæг, уырдыгæй цыппæрдигъæттæ скъахынц, четырехугольныйтæ. Æмæ гъе уый ингæныл сæвæрынц.

Бекузарова Зоя Леонидовна: Ома мæнæ дын дæ кæрдæджы хай

дæр. Это же мы все в течение года делаем поминальное. Æмæ гъе ныр кæнæ фæззæджы чи фæзиан, кæнæ зымæджы, уый… «Мæнæ дын дæ кæрдæджы хай. Уæлæуыл дæ бон нæ баци дæ кæрдæгыл абадын, æмæ дын мæнæ дæ кæрдæджы хай. Цæмæн дæ бахъæудзысты, уымæн дын…»

– Зæрдæвæрæн афтæ цæмæн хуыйны?

Бекузарова Зоя Леонидовна: Уый тыххæй æмæ зæрдæ бавæрынц.

Басиева Зинаида: Зæрдæ ингæны нывæрынц. Скъахынц æй, æмæ сæ уым нæ бавæрынц.

– Зазхæссæн дæр афтæ?

Уый дæр афтæ. Свечкæтæ дæр цырагъдарæныл сæвæр, кæннод та сæ куыд дын æнцондæр у, афтæ хæринæгтыл сæвæр. Æмæ рухс вæййы, дзæбæх. Æмæ уыдон дæр хæринæгтимæ ныххæлар кæнынц: «Мæнæ дæ рухсы хай, мæнæ дæ зазхæссæны хай!» Афтæтæ. Фылдæр дзы хъæуы адджинæгтæ, кæмæн йæ къухы куыд æфты, афтæ, дыргътæ.

Бекузарова Зоя Леонидовна: Символ зазхассана, знаешь, в чём еще может быть? Это опять мои какие-то догадки. Кæс-ма, афæдзæй-афæдзмæ фæцæуынц бынатмæ. Афтæ фæзæгъынц, сорок днеймæ уд ам и, хæдзары и. До определенного пути он доходит в этом путешествии йæ мæрдты бæсты. Æмæ, дам, дарддæр куы цæуа, уæд йæ размæ сывæллæттæ уайы, æмæ сæ барæвдауын фæхъæуы. Æмæ йын уыцы зазхæссæн куы скæнынц, уæд дзы вæййы фылдæр адджинæгтæ – кæм æнгуз, кæм къафеттæ. Гъе уыдон, дам, сты сывæллæттæн. Райста йæ, кæмæн æй скодтай, уый, æмæ, йæ размæ цы сывæллæттæ тæхынц, уыдонæн сæ уары. Вот приблизительно я так мыслю. Сывæллæттæ дæр бирæ фæзиан вæййы, афтид Бесланы сывæллæттæ цас уыдысты! Уыдон та æнæтæригъæд, сыгъдæг…

– Горæты фæкæнынц зазхæссæн?

Махмæ нæ фæкæнынц, мах сыхы бадæнтæ фæкæнынц.

Басиева Зинаида: Бадæнтæ та зымæджы фæкæнынц, январы.

Бекузарова Зоя Леонидовна: Уыдон дæр афтæ кæнынц. Æрмæст дзы зазбæлас нæ вæййы, цыма. Ног дзаума та цæмæн,

уый зоныс? Гъе ныр фæндагыл и, цы дзаумæттæ йыл и, уыдон гъе уыцы даргъ фæндагыл кæм скъуынгæ акодтой, кæм рыг систы, кæм нычъчъизи сты, æмæ дын мæнæ ног дзаума, ивæн. Кæм дæ бахъæуа, гъе уым дын… Смысл такой, я думаю, глубокий. Сылгоймагæн − сылгоймаджы дзаума, нæлгоймагæн − йæхи. Нæ фыдæлтæ зондджын уыдысты. Афтæ йын исты куы скæнай фынджыдзаг, уæд цалынмæ кæныс, уæдмæ йемæ ныхас кæныс, кæмæн æй кæныс, уыйимæ. Æмæ йын кæм рæвдауæн ныхас кæныс, кæм ын… чувство заботы, как будто он еще с тобой рядом. Æмæ йемæ ныхас кæныс: «Æмæ мын æй ныххатыр кæн, кæд дын исты афтæ нæ кæнын…». И идет какое-то облегчение. Вот эта тяжелая утрата, допустим, для нас − вначале мать, а потом брат. Но вот эти все дела − это большая нагрузка, это большие траты, но это моральное удовлетворение. Зæрдæйæн фæрогдæр вæййы. Зæрдæйы рыст фæцæуы. Ноджы ма сыхæгтæ куы æрбамбырд вæййынц, хæстæджытæ куы æрбамбырд вæййынц, æмæ куы уыныс, иунæг нæ дæ, ис ма дын къабæзтæ. Насколько становится легче, что ты о нем не забыл, что ты о нем заботишься. Гъе ныр мамæйы мæнæ мæ гыццыл чызг йæ фыны федта. Йæ афæдзы бон куы нæма уыди, иу мæйы размæ йæ федта. Æмæ йæ куыд федта? Кæмдæр, дам, автобусы фæцæйцыдыстæм, æмæ, дам, кæсын, мæнæ бабу. Æмæ, дам, æм бауадтæн æмæ йын ахъæбыс кодтон, уый дæр мын ахъæбыс кодта. Мæ чызг куыдта. Æмæ, дам, ба, куыд дæ, бабу, куыд дæ? «Дзæбæх дæн, мæ чызг. Валик та, дам, куыд у?» Ме ‘фсымæр Валик. «Уый дæр, дам, дзæбæх у». «Бабу, зоныс, Ирæ, дам, ам уыди, уый, дæ зианы ам уыди?» Æмæ дам: «Зонын, алцыдæр зонын». Æмæ та йæ фæрсы: «Ба, æмæ Валиккы ды акодтай?» «Нæа, æз, − дам, − æй нæ акодтон, йæхæдæг, − дам, − ацыди». Вот если бы мы видели, сказали бы, что мы сочиняем. А то вот она её видела. Æмæ йын мæ чызг афтæ зæгъы: «Æнкъард, дам, дын нæу?» «Нæа, мах, − дам, − бирæйæ стæм. Цъæх нæууыл, − дам, − фæбадæм». Æмæ йын мæнæй афтæ зæгъы, уый дæр, дам, рауадз мемæ. Æмæ, дам, æй, мамæ, цыма ды фехъуыстай, æмæ, дам, мæм бакасттæ æмæ агæпп кодтай автобусæй. Фиг тебе, не пойду пока! (Смеется.) Æмæ та йемæ ныхас кæны, æмæ та йын афтæ зæгъы: «Ба,

уæдæ иунæгæй куыд дæ?». «Тагъд, – дам, – чындзы цæудзынæн». «Тагъд, – дам, – чындзы цæудзынæн, ма тыхс…»

Басиева Зинаида: Стæй гъе ныр марды хæринагæй бахæрдзынæ, ныттыппыр кæндзынæ дæхи, минутмæ цыдæр фæвæййы. Гъе ныр уый дæр цыдæр нысан кæны.

Дарчиева Зарема: Между прочим, не первый раз я слышу такое. Гъе ныр-иу мæ мады мад афтæ загъта: вот уже после весеннего равноденствия, это 23 марта. Гъе уый фæстæ, дам, кæрдæг змæлын байдайы, æмæ, дам, уæд уыдон дæр мæнæ афтæ куыд æргом цæуджытæ, афтæ вæййынц ома. Æмæ-иу афтæ загъта: «Тæрсын сæ нæ хъæуы, зæдтæй, мæрдтæй – уæлдай нæй». Фæлæ уыдонæн дæр… Гъе ныр зæдтæн табу кæн, уыдонæн та рухсаг зæгъæм. Вот весь смысл. И вот если заметить, мæнæ Мæрдты бон Ног азы размæ нæ вæййы. Æмæ-иу афтæ загъта: уæд та, дам, сæ адæймаг фæуыны, уæдæмæ семæ фæархайы, фæдзуры, уæдæмæ сæ хай фæагурынц уæддæр. Зæронд мæрдтæн гъе уæд дыууæ кæрдзыны фæкæнынц. Гъе ныр æй куы уынай, ома мæ ма ферох кæн, мæнæ бæрæгбон уыдзæни, ма мæ ферох кæн, зæгъгæ.

Басиева Зинаида: Зæрдыл гъе уæд арæхдæр лæууынц, цалынмæ сын нæ базмæлай, гъе уæдмæ.

Дарчиева Зарема: Бауырнæд дæ, афтæ-иу уыди æмæ сывæллæттæ, зæрæдтæ, хæдзар, фос, ноджы ма цыдæртæ, æмæ-иу мæ айрох и. Я вот забывала. Но всё равно что-то мне обязательно напоминало об этом. Стæй-иу афтæ загътой, мæнæ, зæронд нымадмæ гæсгæ, Цыппурс до 25 декабря. Æмæ гъе уый дæр кæнын хъæуы до 25 декабря зæронд мæрдтæн. Не позднее. Гъе уыцы рæстæг дæр сæ хай фæагурынц, загътой-иу.

Басиева Зинаида: Алцæмæн дæр, æвæццæгæн, рæстæг и, æмæ афæдзы кæрон æрбацæуы, зæгъгæ, гъе уæд мæ зæрдæйы баддзæн: цæй тыххæй дыууæ кæрдзыны ма акæнон? Амбырд кæнын хъæуы цыдæртæ. Кæмдæр цыдæртæ и… Æз-иу тынг æлгъыстон. Æмæ уæртæ Беккуызарты зæронд ус мын афтæ зæгъы: «Цæмæн афтæ фелгъитыс?». Омæ уæдæ мæн мæ Хуыцауы хай цæмæн афтæ рауагъта? Æмæ мын афтæ зæгъы, уый, дам, дæ амонд афтæ у. Гъе ныр, дам, дæ Хуыцау сфæлдыста, æмæ, дам, ма дын цы бакæна?

Уый дын дæ фæндæгтæ сыгъдæг кæна? Ма, дам, ælгъит! Æмæ гъе ныр Верæйы къухтæм куы бахауис, уый дын радзурид! Æндæр æз цы зонын адæттæн? Кæуын йеддæмæ ницы зонын. Цы ма дын зæгъон, уый зоныс? Раджы авд сабатизæры кодтой, сорок дней нæ кодтой. Сорок дней мæнæ кæмдæр фæзынди… Æмæ уыцы авд сабатизæры та-иу афтæ: зианы куы бавæрдтой, уæд цалынмæ йæ бынатмæ хæццæ кæна, уæдмæ йын-иу сабатизæр скодтой, цæмæй йæ фæндагыл хæргæ цæуа, æндæр мацы фенæд! Æмæ та-иу ын иннæ сабатизæры дæр афтæ. Афтæмæй авд сабатизæры. Æмæ гъе уæд сорок днеймæ бахæццæ вæййы йæ бынатмæ.

Текст № 24

24. Дзерасса Цагараева, 1937 г.р. Текст записан 3 мая 2011 г. в сел. Згид во время праздника, посвященного *Аларды.*

Ацы дур ахæм дур у, раджы ма… Ацы дурыл бирæ æнустæ цæуы. Æз дæр ыл ахуыссыдтæн, дæлæ ахæм, хъæбысы сывæллон, куы уыдтæн, уæд. Гъе æмæ мæныл уже 74 азы цæуы, знон мæ 74 сæххæхст и. Цæргæ дæр ам кодтон, Цæгæраты чызг дæн, æмæ ма йæ гъе уæдæй нырмæ хъуыды кæнын, ам скъоламæ дæр нæ цыдтæн, ардыгæй Ставддуртæм алыгъдыстæм. Æмæ гъе уæддæр гъе уыцы гыццылæй хъуыды кæнын, куыд уыди, уый. Дæлæ-иу уым уæлæмæ бæгъæввадæй цыдысты, мæнæ-иу ам сывæллон, гъе ныр мæнæ йер сывæллон æрæвæр, мæнæ ацы сывæллон дæлæ гъе уым æрæвæр æмæ йæ ауз, дæ къухæй йæ ауз, æмæ йæ Алардыйыл бафæдзæхс. Уæртæ уым кувинæгтæ скувынц, ам та сывæллоны Алардыйыл бафæдзæхс, æмæ-иу æй иннæ абонæй иннæ абонмæ байед кæ. Гъе ууыл бирæ æнустæ цæуы, æмæ ууыл æнустæ цæуы, фæлæ ды цы сывæллон аузай, уый та сæдæ азы куыд фæцæра, йæ мад, йæ фыды фæндиаг куыд уа, афтæ йын скув. Дæ зæрдæ йын зæрдиаг куывдтытæ цыдæриддæр зæгъы, æмæ зоныс, гъе уыдон скув, гъе уый дзы и…. Лæууæн дæр ыл нæй, ма йыл ныллæу, лæугæ дæр. Фæлæ зæрдиагæй скув!

Уæртæ уым та дæ кувинæгтæ бахæсс уырдæм, æмæ дын сæ, кувæг лæгтæ и, æмæ дын сæ скувдзысты. Ай Алардыйæн йе ‘цæг

Дзуар у. Дæлæ уым та кусæрттæ фæкæнынц, дæлæ уыцы цардахъыты. Цардахъытæ хуындысты – кувæндæттæ, æмæ дзы алы мыггаг дæр йæхицæн кувæндон скодта, æмæ йер æз Цæгæратæй дæн, ды кæмæй дæ?

– *Дарчитæй*.

– Дарчитæй. Æмæ йер махæн дæлæ нæ кувæндон, æмæ нын уæртæ уым æмбæлттæ и, æндæр хъæуæй æрбацыдыстæм, мах Красногорæй æрбацыдыстæм, Бæрæгъуынæй (*название сел. Красногор). Æмæ гъе ныр уым кусарт акодтой, мæ цæгат фысым сты æмæ кусарт акодтой, æртæккæ фæбаддзысты, алчидæр йæ мыггагимæ фæбаддзæн æмæ ацæудзысты. Йер 23-ийы та сын арфæгæнæн уыдзæни. Уæд та йер ам цардахъытæ чи и, дæлæ алы мыггаг дæр, гъе уыдон иу ранмæ сæ хойраг æрхæсдзысты, иу ранмæ сæ мысайнаг æрхæсдзысты æмæ балхæндзысты кусæрттаг, æмæ æнæхъæн хъæумæ арвитдзысты, хъæутæм арвитдзысты, йæ зæрды кæмæн уа, уый чи æртæ кæрдзыны æрбахæсдзæн, кæмæн нæ уа, уый афтидæй дæр æрбацæудзæн, уымæн æмæ гъе ныр алчидæр мысайнаг дæтты, æмæ 100 сомæй къаддæр ничи дæтты, æз æй афтæ хуымæтæджы нымайын, æндæр уымæй уæлæмæ дæттынц, фæлæ ма куы нæ уа æххæст, уæд ма ноджыдæр бафтауынц æмæ балхæнынц.

– *Уый ацы мæй уыдзæн?*

– О, мæнæ йер 23-ийы. Уæд та æнæ ницæмæй фæцæуынц. Уæд мысайнæгтæ дæр нал вæййы.

– *Уый цавæр мыггæгтæ сты, Цæгæратæй фæстæмæ?*

– Томæтæ, Габолатæ, Бесолтæ…. Гъе афтæ сæ нымайынц, ам чи царди раджы заманы, гъе уыдоны. Ам цал йеды и, цардахъы, уал мыггаджы. Æмæ дын æз куы зæгъын, 46-ой æмæ 47-ой азы ралыгъдыстæм мах ардыгæй. Æмæ гъе ныр иу-фондз азы æрбацæуын ардæм, фадат-иу мын нæ уыди, дояркæйæ фæкуыстон фондз æмæ ссæдз азы, æмæ мын нæ уыди, ныр та зæронд бадæн, æмæ мæ бон нал у. Афтæтæ. Æмæ дзы мæнæ иудыууæ сывæллоны аузтон, дыууæ сывæллоны. Мæнæ уæртæ уый мæ чызг у, мæнæ иннæ дæр, дыууæйæ иумæ лæууынц, уыдон мæ чызджытæ сты, æмæ, дам-ма, нын фенын кæн, куыд кодтой, уый.

Æмæ мæм диссагмæ кæсæгау ма иннæтæ дæр кастысты. Фарон та дзы иу сывæллоны аузтон, мæнæ ахæм сывæллон, æмæ та йæ ныр дæр æрбахуыдта, æмæ йæ аузтон ныр дæр, æмæ лæг, аййас лæг у, дынджыр лæг у.

Женщина с ребенком: Æртæ азы йæ хъæуы фæд-фæдыл хæссын, нæ?

– О, æртæ азы йæ хæсс, куы уа, уæд. Афтæ. Æри-ма, æз дын æй аузон.

Женщина с ребенком: Æртæккæ мæнæ…

– Скувой? О. Æмæ йæ фена, куыд вæййы, гъе уый. Табу йын уæд! Æргом Дзуар у, тынг æргом Дзуар у ацы Дзуар! Хонгæ дæр æй Зджыды Аларды кæнынц. Афтæтæ.

– Раздæр ма-иу зарджытæ дæр нæ кодтой, Алардыйы зарджытæ?

– Кодтой. Гъе ныр ам дæлæ йеды... цардахъы кæд зарой, æндæр ам – нæ. Уым хъазт дæр вæййы, фæндыр дæр нæм и. Дæлæ уый, мæ чызг, фæндыр æрбахаста, æмæ, дам, кæд кафой, уæд, дам, сын ацæгъддзынæн. Заргæ дæр фæкæнынц Алардыйы зарæг. Фарон та дзы йед уыди... ансамбль. Ансамбль дæр дзы уыди, дохтыртæ дæр дзы уыдысты, фæлæ дзы ацы аз нæ уынын. Афтæтæ.

– Иннæ кæмтты ма фæкæнынц ацы бæрæгбон?

– Нæ. Ахæм… ацы бæрæгбон... Чи ма кæны – д***а***лæ Куырæйттæ (*название местности), Садон æмæ д***а***лæ уым, дæлæ ма уым, ам комкоммæ куы кæсай, уым. Æргъайджын æй хонынц, æмæ гъе уым дæр цыдæр адæм зыны. Æмæ, дам, уым дæр гъе афтæ фæкувынц. Фæлæ уæддæр æппæтæй хуыздæр – амæй стылдæр (*стырдæр) Дзуар нæй, табу йын уæд! Амæй стылдæр Дзуар нæй!

– Куырттаты комы дæр ма куы и кувæндон?

– Æмæ уый нæ зонын. Алы хъæуæн дæр хицæн кувæндæттæ и, алкæмæндæр, табу сын уæд се ‘ппæтæн дæр! Алкæмæндæр хицæн йед и... алы хъæуæн дæр, хицæн. Стæй хицæн æгъдæуттæ дæр, афтæ фæзæгъæм ирон адæм... сыхæй сыхмæ дæр æндæр æгъдæуттæ и, уæд ма хъæуæй хъæумæ та!

– Æмæ-иу раздæр дæр афтæ уыд, ам кæдæй нал цæрыс, уæдæй нырмæ? Уæд дæр дзы Дзуары лæгтæ уыд ам?

– Дзуары лæгтæ, о. Фæлæу-ма, фæлæу, мæнæ ам уыди, Цæгæратæй у, иу лæг, цыдæр фæци уыцы лæг. Æмæ гъе уый райсомæй дуар бакæны, ничи йæм цæуы, иунæг лæг йеддæмæ ничи цæуы. Æмæ йæ чъырæй дæр сцæгъддзæн, ædde дæр æй афæдзæй афæдзмæ сцæгъды, мидæгæй дæр æй сæрды… Ничи йæм цæуы: нæлгоймаг дæр æм нæ цæуы, сылгоймаг дæр æм нæ цæуы, æрмæстдæр иунæг лæг æм цæуы. Æмæ йæ дуар байгом кæны, Цæгæратæй иу лæг, æмæ дуар байгом кæны, æмæ мидæгæй сыгъдæггæнинаг куы уа, уæд æй ныссыгъдæг кæндзæни. Йер мæнæ ам истытæ куы баззайа, уæд сæ сæмбырд кæндзæни изæры, адæм куы аивылой, уæд, æмæ сæ гъе уырдæм бахæсдзæн, æмæ иннæ ацафонмæ та лæудзысты гъе уым, уыцы ран. Ничи йæм цæуы. Дуар ыл бахгæндзæн, ардæм дæр цæугæ дæр ничи-уал фæкæны. Афтæтæ вæййы. Ахæм бæстон кувæндон вæййы. Уæгъдæй йæм... Мæнæ афтæ исчи куы фæцæйцæуа, уæддæр æй раздахдзæни, кæдæм цæуыс, зæгъгæ, кæдæм цæуыс, зæгъгæ... Ахæм хорз Дзуар у. Табу йын уæд, табу! Сывæллæтты Дзуар у, сывæллæтты. Алардыйыл æй фæдзæхсыс, уæд хъуамæ дæ дзабыртæ дæр раласай, хъуамæ зоныгыл æркæнай, æмæ афтæмæй йæ Алардыйыл бафæдзæхс сывæллоны. Афтæтæ гъе…

– *Æмæ уæд дзурын та цы фæхъæуы?*

– Скув æй гъе афтæ, мæнæ кувгæ куыд фæкæнынц, афтæ скув, Алардыйыл æй бафæдзæхс: Алардыйы хорзæх уæд, Алардыйы фæдзæхст уæд! Йæ мад, йæ фыды фæндиаг бахъомыл уæд! Дынджыр лæг уæд… Ахæм цалдæр ныхасы йын зæгъ, зæрдиаг ныхæстæ, уый афтæ хуыйны – Алардыйыл æй бафæдзæхс. Йер дæлæ уыцы урссæр лæг у… йеды хицау… (*Подошел ребенок.) Ме ‘фсымæры чызг у ай, ацы дыууæ дæр – лæппу æмæ чызг. Æмæ нæм мæнæ хорз кæсы, æмæ сæм æнхъæлмæ кæсæм. Мæ райгуырæн бæстæ у, æмæ хæхтæм кæсын уæлæ, хъæдтæм кæсын. Уырдыгæй бирæ суг фæхастой мæ мад æмæ мæ фыд, уæд-иу суг састой, уæд-иу сæнар (*спрессованный навоз, используемый в качестве топлива) кодтой, сæ фысты бынæй-иу сæнар лыг кодтой æмæ гъе уымæй сыгътой. Фæлæ ныр гыццыл фæхуыздæр сты æмæ сæ… сæр нал хъæуы.

– Афæдз иу хатт йеддæмæ нæ вæййы ацы куывд?

– Нæа, афæдз иу хатт йеддæмæ нæ вæййы. Йер æй сæхгæндзысты, дæлæ йын йæ дуар дæр бахгæндзысты изæры, куы ничиуал дзы уа, адæм куы нал цæуой. Уыдæттæ сæхгæндзысты, æмæ иннæ абонмæ …

Хъæбысы сывæллон уыд, гыццыл сывæллон, йер ыл цас цыдаид, тынг гыццыл сывæллон, æмæ йæ дæлæ гъе уым аузтон æмæ…

Женщина с ребенком: Мæнæ мах.

– Сымах уыдыстут? Æмæ дзæбæх дынджыр лæг сси. Афæдзмæ къахæй сыххуытт ласта! Дынджыр лæг суæд, Аларды йын [ахъаз кæнæд]. Сымахæн чызг уыди?

Женщина с ребенком: Кæд зæгъын, гъе ныры кой кæныс.

– Нæа, уый фароны кой, фарон кæй аузтон, уый.

Женщина с ребенком: Æмæ уæдæ иннæ азмæ мах дæр къахæй ауайдзыстæм?

– Мæнæ ам бадтысты æмæ æз хабар куы дзырдтон, мæнæ ацы чызгæн куыд дзурын, афтæ, уæд иу сывæллонджын æрбацыди æмæ, æри-ма, зæгъын, дæ сывæллон, æмæ, зæгъын, æз адонæн фенын кæнон, ай цавæр авдæн у, уый. Мах ардыгæй алыгъдыстæм. Æмæ йæ, зæгъын, феной. Æргом Дзуар у, æргом Дзуар, тынг æргом Дзуар. Дæлæ ма коммæ акæс – цас машинæтæ лæууы, уый ма ноджыдæр уæддæр цæуынц.

Ардæм-иу чи цыди, уый-иу, чындз-иу чи æрхаста, уый-иу ног чындзытæ мæнæ ам лæууыдысты, афæдзæй афæдзмæ чындз чи æрхæсса, уый, уæд ын хъалон дæр схæсс, æмæ йæ мæнæ ам æрлæууын кæн. Стæй йын исты куы райгуыра – лæппу, уæд дæр ын кусарт акæ æмæ йæ… æд тохъыл… Мæнæ æрдæбон дзы иу лæппу сцæйхаста йе ‘ккойы, бант ыл бабаста йедыл… фыркъайыл, æмæ йæ дæлæ æндæр цардахъмæ бахастой, йер сæхи йедмæ… сæхи мыггагмæ. Æмæ йын лæппу куы райгуыра, цыппар азы, дам, ын лæппу нæ уыдис, æмæ, дам, ын йер лæппу райгуырди, сывæллон сын нæ уыди æмæ. Æмæ фыс сластой, цæмæй Алардыйыл бафæдзæхсой сæ сывæллоны. Афтæтæ. Ныртæккæ йæ чындзы дæр ничиуал хоны, æндæр гъе ныр фарон ацафонæй нырмæ…

Вновь подошедшие: Алардыйы хорзæх уæ уæд!

– Ахъазгæнæг уын уæд!

Табу сын уæд! Зæрдиаг куывдтытæ кæнынц! Йер кæсыс, мæнæ ай дынджыр лæг у, æмæ слæууыд, æмæ рацыд. Йер æй уый зонгæ куы кæнид, уæд ыл уый слæууид? Не слæууид. Фæлæ йæ нæ зонынц, æмæ сын йед дæр нæй… Нæ йæ ‘мбарынц, нæ йæ зонынц, цы у, уый.

Адæм ма… Йер-иу изæры фондз сахатыл дæр ма адæм афтæ цæудзысты æмæ цæудзысты. Дардæй чи цæуы, уыдон æрæгмæ æрбафтынц. Сихорæй, дыууадæсæй фæстæмæ цæуын байдайынц. Дыууадæсыл æй… Цалынмæ йæ байгом кæной, уæдмæ ардæм цæуæн нæй. Дæлæ уым дуар. Дæлæ уый кувæндон у, æмæ гъе уый куыддæр байгом кæной, иунæг лæг ын и, чи у, уый дæр дын бацамонин – нал зыны, иу урссæр лæг, æмæ йæ гъе уый байгом кæны, æмæ йæ изæры дæр йæхæдæг сæхгæны. Æмæ уырдæм нæй, цæугæ йæм не ‘мбæлы. Йер, дам, бафæлладтæн, бирæ азты, дам, дзы дæн, æмæ, дам, бафæлладтæн, йер æй кæмæ ратдзæни, мæгъа. Уый дæр… Гъе уымæ чи кæса, уый… Мидæгæй æфснайын хъæуы, сыгъдæг æй дарын хъæуы. Сыгъдæг, дуæрттæ дæр ын сахорын, æмæ гъе уæд байгом кæн. Йер æй абон д***а***лæ уырдыгæй кастысты, æмæ мæнæ ам дуæрттæ байгом кодта, стæй дæлæ кувæндон хæдзар дæр байгом кодта, йæ дуар дæлæрдыгæй и.

Хорз кувæг адæм дзы и, дыууæ лæджы дæр хорз зæрдиаг куывдтытæ кæнынц.

Фарон мæ гыццыл чызг дæлæ уым фæцæйцыд æмæ дзæвгар фæбырыдис, æмæ азылди къуыбылеццытæгæнгæ-къуыбылеццытæгæнгæ æмæ пысыратæм ныххауди, æмæ ма йæ, дæлæ уым быругонд и, æмæ ма йæ телтæ баурæдтой…. пысыраты ‘хсæн. Нæдæр пысырайæ басыгъди, нæдæр цъæрæмыхст фæци, мæнæ, мæнæ дæ фарсмæ бады. Фæбырыдис æмæ къуыбылеццытæгæнгæ азылди – цъæрæмыхст дæр нæ фæци, цъæрæмыхст! Æмæ ма йæм лæгтæ ратахтысты, уæлæ, дам, иу сывæллон разылди, зæгъгæ, æмæ йын ницы уыд æппындæр. Дæлæмæ цæуын зын у, æмæ фæбырыди.

Вновь подошедшие: Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!

– Ахъазгæнæг уæд, ахъазгæнæг! Алардыйы хорзæх уæ уæд!

Афтæ цæудзысты æмæ цæудзысты…

Вновь подошедший мужчина: Алардыйы хорзæхтæ уæ уæд!

– Ахъазгæнæг дын уæд, ахъазгæнæг!

Он же: Æртæккæ дæм сывæллон схæсдзысты.

– Аларды уе ‘ппæтæн дæр ахъазгæнæг уæд! Дзæбæх ут! Дзæбæх ут!

Текст № 26

26. Цопанов Таймураз, 1927 г.р., сел. Горный Дзуарикау. Текст записан 17 декабря 2010 г.

– Алардыйы кувæндон махмæ уæлæ рагъæны и, афтæ сæрдыгон æм фæцæуынц, майы мæй. Уæлæ уыцы фæндагыл, гъе уым фалейы уæлæ ахæм къуыбыр и, ахæм, æмæ гъе уырдæм фæцæуынц.

– Æмæ куыд арæзт у? Хорз арæзт, ног арæзт у?

– Ницы арæзт дзы и æппындæр, афтæ у, фыццаг заманы куыд уыд, афтæ, просто къуыбыр, и всё, æмæ йæм цæуынц сылгоймæгтæ æмæ сывæллæттæ.

– Æмæ кæд вæййы уыцы бæрæгбон?

– Уый вæййы майы фæстаг бонтæ йедты, афтæ. Афтæ вæййы Аларды.

– Сывæллæтты бæрæгбон у?

– О, сывæллæтты. Аларды – сывæллæтты бæрæгбон у.

– Æмæ куыд вæййы уыцы бæрæгбон?

– Иу-дæс сахатыл ацæуынц æмæ гъе уæд сцæттæ кæнынц уæдмæ: чъиритæ скæ, дзыкка скæ, йед куы уа, кусарт, уæд уæрыкк аргæвдынц, урс уæрыкк, æмæ дзы æртæ фæрсчы, гъе фондз фæрсчы чъириты сæр сæвæр, æмæ физонæг, æмæ сæ ахæсс. Æмæ сæ гъе уым скувынц, ам дæр сæ скувынц, уым дæр сæ скувынц.

– Уырдæм цæуынц æрмæстдæр сылгоймæгтæ æмæ сывæллæттæ?

– О, æндæр ничи фæцæуы. Лæгтæ нæ цæуынц.

– Дзуары лæг дæр дзы нæ вæййы?

– Нæ, нæй, цæй дзуарылæг!

– *Уæдæ сылгоймæгтæ скувынц?*

– Сылгоймæгтæ скувынц сæхæдæг.

– *Ам, хъæуы, фæкæнынц бæрæгбон?*

– Хъæуы – иууылдæр, уæдæ. Алчидæр йæ сывæллæтты [бафæдзæхсы].

– *Исты æнæфæччиаг дзы вæййы, зæгъæм, айк хæрын?*

– Айк хæрæн мæйраздæр дæр нæй, стæй йæ кой кæнæн дæр нæй. Гъе уыцы бæрæгбон хъуамæ афтæ уа, æвналгæ дæр сæм ничи кæны, куы сæ фенай, уæддæр дæ цæстытæ бацъынд кæ.

– *Æмæ цæмæн у цымæ афтæ?*

– Уымæн æмæ гъе уый нæ кувынц, æмæ уый та сыгъдæг у, уымæй хуыйæ уæлдай ницы и, каркæй. Æз ын йæ дзидза хæргæ дæр нæ кæнын, куы райгуырдтæн, уæдæй нырмæ.

– *Æмæ ма ноджы исты ахæмæй ис, цы нæ фæччы?*

– Хæрын алцыдæр и, стæй хæрын… Кæмæн цы йæ… уый кæй тыххæй ныууадздзæн, фæлæ… Æмæ мæнæ Джеоргуыба нæ вæййы, Джеоргуыбамæ мæй ма ис, зæгъгæ, уæд уже æйчытæ йедты кой, кæрчытæ йедты кой ничиуал кæны, хæргæ дæр сæ ничи кæны. Фæхæрынц сусæгæй тедты, фæлæ, æвæццæгæн. Фæлæ бæрæгбоны рæстæджы нæй уыдон… Фæлæ Аларды та – уый бынтон…карз, уый тынг.

– *Æмæ кувгæ та куыд фæкæнынц?*

– Чи куыд кувы, чи куыд, чи хуыздæр дзуры, чи – къаддæр дзуры, чи – цы. Фæдзæхсынц сæхи, сæ сывæллæттæ дзæбæх цæмæй уой, чи райгуыра, уый амонджын, æнæнизæй куыд хъомыл кæна, зæронды бонмæ куыд цæра, афтæтæ йедтæ сын фæкувынц, Алардыйæн фæдзæхсынц. Афтæтæ йедтæ сын фæкувынц.

– *Раздæр ма-иу зарджытæ дæр куы кодтой?*

– О, кодтой.

– *Æмæ ныр нал?*

– Нал, тæккæ ма дын… рæстæг ивы, фæлтæр фæлтæры ивы, æмæ рохгæнгæ цæуынц.

– *Ам ма ноджы исты кувæндæттæ ис?*

– Кувæндæттæ цæуыннæ! Ис дзы бирæ кувæндæттæ…. Уалæ уыдон дæр кувæндæттæ сты. Уæлæ уыцы бæлас дæр. Уый дæр

Уациллайы кувæндон у. Богъаты уыди уый, Богъаты. Богъатæй ам цæрæг дæр нал и фондзыссæдз азы дæр, фæлæ сæ бæлас уым лæууы æмæ йæм искуы-иу хатт исчитæ кæд æрбацæуы, фæлæ ничитæ цæуынц. Мæнæ адон хорз цæуынц, иуæй-иутæ хорз цæуынц.

– Æмæ уый та кæй кувæндон у?

– Уый та – Гуыдиаты.

– Алы мыггагæн дæр хицæн кувæндон уыд?

– Алы мыггагæн дæр хицæн кувæндон уыд.

– Æмæ бæлас дæр афтæ хуыйны – Богъаты бæлас?

– О, Богъаты бæлас. Абæттынц, уæдæ… Лентытæ йедтæ. Сырх фæдары. Фæлæ дымгæ тыхджын у, æмæ уыдон дæр ахæссы. Молодежь æй зонгæ дæр нæ кæны. Фарон-æндæраз иуаздзыд чызг æрбацыд æмæ, дам, Богъаты куывддон кæм и, зæгъгæ.

– Æнæуый уæд æртæ чъириимæ цæуын хъæуы, куы цæуай, уæд?

– Уæдæ! Æртæ чъириимæ, физонæгимæ, уæдæ! Бæгæны.

Текст № 28

28. Джимиева Тима, 1947 г.р., г. Владикавказ. Текст записан 12 июля 2010 г.

А потом уже, когда медицина открылась, вот помнишь, нам прививки делали, чтоб мы не болели, и люди не стали болеть. Но пока медицина не была так развита, люди же знали только молитвами лечиться и чистотой. Ну как… Чистотой такой… и телом и душой чтобы были чистые. Ни колбасу, ни свинину – ничего в дом нельзя было приносить. И вообще, раньше наши предки свинину не ели. Вот я сколько себя помню, в Гизели мы жили, хъæуы цардыстæм, æмæ-иу нæ сыхæгтæм дæр уыди. Æмæ нын иу хатт нæ мады фыд хуы балæвар кодта, заинаг хуы, æмæ йæ нæ фыд кæуылты исты фæкодтаид, уый нæ зыдта. Æмæ, дам, дзы мæнæ бæрæгбонмæ аргæвд, куыддæртæ… æмæ куыддæр фæзындысты, афтæ иу гуырдзиаджы æрбакодта æмæ хуы дæр æд хъыбылтæ ауæй кодта. Уæдæй фæстæмæ мах хæдзары йед никуы уыди. Уый

та йер мæ мады фыд зæронд лæг, æмæ сиахс уыд, æмæ йæм не сдзырдта, не сфæрæзта зæгъын, æндæр мах хæдзары хуыйы фыд дæр никуы уыди, йед дæр… Уымæн æмæ куывтам Уацилламæ, Джеоргуыбамæ, Рекоммæ. Все праздники отец очень почитал, и вот я сколько помню, уынджы нын уыди палисадник, æмæ нын дзы дидинджытæ уыди. А двор у нас тоже, знаешь, как? Мæнæ ардыгæй уæртæ уынг цæй уæрæх у, уыййас, ардыгæй мæнæ тигъмæ – ахæм кæрт нын уыди, æмæ нын дзы уыди йæ иу фарс хæдзар æмæ саратæ, иннæ фарс та – зæронд хæдзар, самандурæй хæдзар, дзæбæх хæдзар. Æмæ нæ фыд хæстæй инвалидæй ссыд, æмæ авд сывæллоны та схæссын хъуыди, æмæ йæ уый фæстæ, куы бахъомыл стæм, уæд æй кирпичæй облицеват скодтам, йеры онг дæр афтæ у, æмæ йæ ничи зоны, мидæгæй самандур у. Мæ фыд-иу афтæ загъта, самандур хъармдæр у, стæй… здоровее. Уымæн æмæ самандуræн йæ хуылфы ис хъæмп, æмæ хъæмп хуынкъ нæу – воздух проходит, вот из-за этого он всегда говорил, что это дышит, остальное не дышит. Æмæ афтæ у. Æз дын æй цæй тыххæй дзурын – всё они чисто делали так, что и морально, и физически, и материально чтобы было в доме чисто, когда… Алардыйæ-иу куы фæрынчын, уæд.

– Мады Майрæмы кувæндон кæм уыди, уырдæм-иу цыдысты Джызæлæй?

– О, алы ранæй дæр æм цыдысты, фæлæ сæ бон куы уыди, уæд. Æмæ чи уæрдæттыл, чи цы, чи цæм, алы хъæутæй дæр цыдысты.

– Алардыйы стырдæр кувæндон Зджыды уыди?

– О, Зджыды уыди, фæлæ… Йер Уациллайы кувæндон ис Дæргъæвсы комы, фæлæ мæнæ Джызæлы дæр æмæ Уæллаг Санибайы дæллаг кæрон, къуыбырыл, Джызæлы кæрон, скодтой Уациллайы кувæндон. Æмæ къуыбырыл ис, æмæ къуыбырыл скодтой, асинтæ йæм скодтой Джызæлы лæппутæ, уым сæхгæдтой сеткæйæ, асинтыл куы схизай, уæд дæр дуар байгом кæн æмæ мидæмæ бахиз, æнæуый æм хъом дæр куыд нæ цæуа, æмæ дзы йед скодтой… Алкæмæн дæр афтæ нæ уыди уырдæм цæуæн, æмæ скодтой сæхицæн иу ран, æмæ уырдæм куывтой. Уым та уыди… вроде æрмдзарм уыди, æмæ уым дæр кувæндон уыди, фæлæ-иу

уым скодтой Уациллайы кувæндон. Джызæлы ис *галзилæн* дæр, кæддæр арв æрцавта бæлас, æмæ йын хæлттæ сæппæрстой, æмæ кæй галы хал схауа, нæ (хал куыд æппарынц, уый зоныс?), уый-иу аргæвстой. Йер уыцы бæрæгбон Джызæл йеддæмæ ничиуал кæны, мæнæ йæ телевизоры нæ феныс? Йер уый Джызæлы ис, æндæр æй никуыуал кæнынц, Джызæл та йæ нæ рох кæнынц. Они всегда, никто не скажет «нет», йæ хал куы схауа, йер фос кæмæ и. Кæд афтæ нæ уа, уæд та йер ацы аз мысайнæгтæ нæ сæвæрдтой, æмæ уыцы мысайнæгтæй уый фæстæ гал балхæндзысты, æмæ йæ хъæуы уынгты ракæндзысты, æмæ йыл лентытæ, уынджы куы фæцæуы, уæд æй адæм фæзонынц, æмæ, ома, йер уымæй хуыздæр цы и?

Нæ хъæуы рох кæнын. Это всё очень хорошие дела. Кувынæй хуыздæр ницы и. Уымæн æмæ раздæр нæ уыдис дохтыртæ, æмæ-иу адæмæн сæ рынчынтæ… стæй адæм афтæ дæр нæ рынчын кодтой. Фæлæ-иу куы фæрынчын сты, уæд-иу куывтой æмæ куывтой, æмæ-иу сæ куывд Хуыцаумæ фехъуыст, сыгъдæг зæрдæйæ кæй куывтой, уый, æмæ-иу сæ сывæллæттæ дæр сдзæбæх сты. Йер мæнæ Алардыйæ рынчын, йер дæр ма æмбисондæн баззад, зæронд устытæ куыд фæзæгъынц: «Алардыма дæ макуы адава!». Æмæ-иу Алардыйæ чи фæрынчын, уый-иу тыхст рынчын уыдис, агъуыстæй-иу æй æддæмæ нæ уагъой, мидæмæ дæр æм никæйы уагътой, мад кæнæ бинонтæй исчи. Стæй куыд уыди, йæ буар-иу рафаста, дзуарæй… мæнæ ма йедтæ хъуыды кæныс, цæсгомыл дæр куы вæййы, молодойтыл никæуыл вæййы, фæлæ ма зæрæдтыл. Мæнæн мæ фыд хæстæй куы ссыдис, уæд афтæмæй фæрынчын, æмæ цас адæймаг, сывæллон стырдæрæй фæрынчын уа, уыйас уæззаудæр вæййы. Æмæ йæ цæсгомыл… йеды хуызæн баззади. Не сильно, но все равно, посторонний не замечал, фæлæ чи йæ зыдта, уыдон. Стæй ма Джызæлы бирæ кæмæндæрты уыдис афтæ, и не то, что Джызæлы, но и в других местах в Осетии так было. Уымæн æмæ уый та-иу куыд бахъахъхъæдтаис… С прикосновением воздуха эти болячки воспаляются, а когда в комнате…. æмæ сывæллон та все время рвется на улицу, как проследишь, так и будет. Сывæллоны-иу куы нæ рауагътой, уæд-иу… Но редкие бывали

случаи, когда воспалялись болячки. Мæнæ æртæккæ дзуарæй уымæн нал кæнынц, искуы-иу хатт ма фæрынчын вæййы.

– *Уый-иу рынчын куы фæци исчи, фæлæ æнæуый дæр ын бæрæгбон нæ уыди?*

– Алчидæр, йæ хæдзары сывæллон кæмæн уыди… уый уыди сывæллæтты бæрæгбон. Уый вæййы майы райдайæн. Уый æртæккæ числотæ кæнынц, фæлæ раджы нæ фыдæлтæ нымадтой афтæ: иу бæрæгбонæй иннæ бæрæгбонмæ уал къуырийы. Поэтому я всегда прислушивалась. Йер-иу нæ сыхы лæгтæ куы бадтысты, уæд дæр-иу æз хъуамæ сбадтаин ахæм ран, цæмæй мæм истытæ хъуыса, цытæ дзурынц, цæй кой кæнынц. Æмæ йер цæй кой кæнынц, лæгтæ цæй кой фæкæнынц – бæрæгбæттæ, цыдæртæ, куыддæртæ. Адæм æй куыд кодтой, уый растдæр у, чидæр та йæ æндæр… Никогда не надо писать числа, уымæн æмæ нæ мадæлтæ æмæ нæ фыдæлтæ къуыригай нымадтой, мæнæ Уациллайæ Хетæджы бонмæ дыууæ къуырийы, стæй та Кæхцгæнæнтæм – къуыри… Æмæ-иу афтæ рауад, æмæ Кæхцгæнæнтæ æмæ йед… баиу сты, уымæн æмæ високосный год, короткий год.

– *Æмæ-иу бæрæгбон та куыд скодтой?*

– Ацы бæрæгбон вæййы майы райдайæн, в первых числах мая. Сывæллæттæ кæй хæдзары уыди, всегда делали æртæ чъирийы. Стæй ма-иу мæнæ ахæм гыццыл гуылтæ. Вот такие малюсенькие. Сæ хуылфы – ницы. О, æртæ, æртæ чъирийы æмæ æртæ гуылы – гъе уыдон дæр ма-иу скодтой, æмæ-иу сæ скуывтой Хуыцаумæ. Æмæ-иу ахæм адæймаг агуырдтой кувынмæ, се ‘ртæ чъирийы сын чи акува, йер мæнæ дзуæрттæ йедтæ кæй уырны. Мæнæ иуæй-иутæ æртæ чъирийы скæны, фæлæ йæ уырнгæ нæ кæны. Но всегда старались такого человека позвать, который действительно верит в Бога, в эти праздники, и кто от души помолится, не губами, а душой. Вот тогда… гъе уыдоны куывд фехъуысы.

– *Куыд-иу скуывтой?*

– Абон, Аларды, дæ бон у, æмæ дын мæнæ ацы хæдзары æртæ чъирийы барст уæнт. Сæ сывæллæттæ дæ фæдзæхст уæнт, дæ фарн æмæ амондæй хъахъхъæд уæнт, низ сæм хæстæг

куыд никуы ærцæуа, æмæ дæ арфæйæ æнæнизæй куыд бахъомыл уой.

Æмæ ма дæ зæрдæйы цы и, уый. Афтæ зæгъæн нæй, ацы æртæ чъирийы дæуæн сты. Абон дæ бон у, æмæ дын ацы хæдзары æртæ чъирийы барст уæнт. Мæнæ куыд фæкуваем, мæнæ Лæгты Дзуар, мæнæ афтæ… Там не так, а вот именно вот так. Барст уæнт. Æмæ-иу æз мæ мады нал уагътон: барст, цæмæ сæ барын хъæуы? Я думала вот измерять.

Йер ма-иу нæ мад куыд кодта, уый зоныс, йед-иу куы уыд, уæд? Мæнæ чындз куы æрхæссынц, уæд ын сæрызæдæй йæ сæрыл нæ сисынц, æмæ йæ уый фæстæ искуы агъуысты атъыссынц. Уый-иу уый фæстæ…не всегда в доме это красиво смотрится, потому что и плохой глаз, и хороший глаз. Æмæ-иу сæ нæ мад систа æмæ-иу афтæ загъта, зонджын адæймаг æй цары бавæры: фæлтау счъизи уæд рыгæй, чем искæйы чъизидзинадæй. Æмæ-иу æй уый цары сæвæрдта. Нæ мад уыцы хæдзармæ æрцыд, æмæ уыцы хæдзары сывæллæттæ ныййардта. Æмæ-иу схызти, сæрызæд кæм уыди, уырдæм, æмæ-иу мæнæ уыцы æртæ чъирийы, йед… гуылы – сæ хуылфы сын æппындæр мацы бакæ – просто гуылтæ, дзул-гуылтæ, цæхх дæр дзы айзæрд. Кроме соли и сахара туда ничего не положи. Æмæ-иу уæд бакодта, æмæ-иу сæ мæ мад уым бахордта. Уый амыдта уый: уæ рынтæ ахæрон, дæ рын бахæрон, ома дæм Алардыйы рын дæм куы ‘рцæуа, уымæн æмæ бирæ азты бирæ сывæллæттæ амардысты. Æмæ-иу афтæ – дæ рын дын бахæрон, йер дæр афтæ зæронд устытæ куы фæзæгъынц: дæ рын бахæрон, уымæн, ома ды мæ хъæбул дæ, æмæ ма фæрынчын уай, фæлтау æй æз бахæрон, æмæ æз фæрынчын уон. Йер уый амоны уый, æмæ-иу нæ мад схызт цармæ æмæ-иу уым цыдæртæ дзырдта. Æмæ-иу æз асиныл сбырыдтæн æмæ-иу æм хъуыстон, æмæ та-иу ын: ахордтай та сæ сусæгæй. Ай, Аларды дæ макуы адава! Ныр мæ мад афæдз æмæ ærдæгы размæ амард, æмæ-иу мæ мадмæ куы уыдтæн, æмæ-иу куы бадтыстæм, куы ныхæстæ кодтам, уæд-иу ын куы дзырдтон, ды, зæгъын-иу, цармæ куы схызтæ, уæд-иу, зæгъын, дæм æз куыд хъуыстон, уым цытæ дзырдтай: «Æ-æ-æ,

мæ сывæллæттæ, æз уын уæ рын бахæрон! Фæлтау æз, æмæ мын сымах дзæбæхæй бахъомыл уат. Æмæ мæнæ ацы æртæ гыццыг гуылы уæ рын уæд, низæй уæм чи и, уыдон, æмæ сæ æз æртæккæ бахæрдзынæн, æмæ мæ сывæллæттыл низ мацы æрцæуа».

– *Уый-иу куы скуывтой, уый фæстæ, нæ?*

– О, куы скуывтой, уый фæстæ. Мæнæ-иу уыцы куывд куы скодтой, уæд-иу уыцы æртæ мæ мад систа æмæ-иу сæ йæ сæрызæдмæ сæвæрдта, уырдæм æркуывта, æмæ сывæллæттæ уым ныййардта, йæ хæдзарæй сæ не ‘рбакодта, æмæ уый тыххæй-иу йæ сæрызæдмæ схызт æмæ-иу сæрызæдмæ куывта. Сæрызæд æй цæмæн хонынц – уымæн дæр ис зæд, æмæ-иу мæ мад куывта: «Уæ рынтæ бахæрон, æмæ уыл ницы ма ‘рцæуа». Гъе уыцы æртæ гыццылы… æртæ чъирийы-иу куывтой, æмæ ма-иу æртæ гыццыл гуылы. Æмæ уыцы æртæ гуылы сылгоймаг схæссы йедмæ… æмæ Алардыйæн бакувы йæ сæрызæды цур. Ныртæккæ та сæ ныззыввыт ласынц æмæ кæмдæр бамбийынц. Йе ‘фсин зæронд уыд æмæ йæ зыдта, куыд хъæуы, раздæр-иу йе ‘фсин куывта, ‘фсин куы нал уыд, уæд та мæ мад куывта. Æмæ æз йе ‘фсины йедтæ нал хъуыды кæнын, æз уæд гыццыл уыдтæн, куы амард, уæд мыл 3–4 азы цыд, æмæ мæ мад дæр йе ‘фсинæй цы федта… Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, æмбисондæн баззад, йæ хæдзары чи цы федта, æдде дæр уый кæны, афтæ у. Æмæ мæнæ лæгтæ дæр, устытæ дæр куы дзурой, уæд не то, что ныхæстæм хъусын, а открыть для себя что-то.

– *Сывæллон-иу куы фæрынчын, уæд-иу сырх хъуымац баппæрстой дуарыл?*

– Уый фадынæг хуыйны, мæнæ афтæ куы рафады, когда прыщики, уый фадынæг хуыйны. Ну стараются что-то красное, или раньше не было такого, сæхæдæг-иу сæ хъуымæцтæ ахуыдтой, чисто красное никогда не шили, исты хъулон-мулонтæ. Ныр та и штанишки есть красные, и маечки красные есть – всё есть красное, и уже такого не надо. Фæлæ раздæры заман та хъуыд, æмæ-иу куы нæ уыди, уæд ын-иу исты сырх йед йæ уæлæ атыхтой – сырх прастинайы, сырх сæрбæттæны, цы уыди-иу сырхæй хæдзары, уый, уымæй йæ буары йед райса. Вроде красное убирает это… Вот в медицине еще процесс, когда белокровие бывает, когда бе-

лые капилляры переборят красные, то кровь становится белой. Врачи часто людям предлагают красные яблоки есть, бурак есть, чтобы в организме вот эти белые не перебороли красные.

Тексты песен об *Аларды*, не публиковавшиеся ранее

Алырдыйы зарæг

Табу, Аларды, табу
Дæ хорзæхæй!
Хуыцауы раз цытджын зæдтæ!
Стыр хохыл куы рахызтæ,
Стыр хæрзтæ нын куыд æрхæсса!
Табу, Аларды, дæ хорзæхæй!
Нæ сабитæн дæ хорзæхæй ратт,
Хуссары хуымæй дын хуымæллæг!
Табу ‘мæ табу, рухс Аларды!
Алы сæндыл дæ хуымæллæг,
Бурхъус нæл фыс дæ нывондаг!
Табу ‘мæ табу, рухс Аларды!
Хъалдзаны сæгъ дæ нывонд акæ!
Табу ‘мæ табу, рухс Аларды! [НА СОИГСИ. Фольклор, п.15, д.23, с.68]

Алаурдий зар

Рохс Алаурди Изгиди бæстæбæл рацæйцудæй,
Хуарз Уаскергибæл оми ранбалдæй!
– Кумæ цæуис, рохс Алаурди?
– Далæ мбудури федуинагтæ мæ æз ку цæун.
Уæд имæ Уасгерги дзоруй:
– Дæ ницудмæ орс гал нивæндтæ кæнунцæ.
Хонсари мæнæуæ дæ керехуар,
Цæгати хуар дæ бæгæни аг.
Мисираг æвзестæ дæ æвæрæн!
Сувæллæнти де ‘зæлу дусæй расæрфæ, рохс Алаурди! [НА

СОИГСИ. Фольклор, п.7, д.14, с.217]

Алаурдий зар

Изгиди бæстæбæл рохс Аларди рацæйцудæй.
Хуарз Уасгергибæл оми фемæлдæй.
– Ой, дæ фæндаг раст, сугъзæринæ базургин Аларди!
– Ой, дæ гъуддаг раст, ой, дæ гъуддаг раст, хуарз Уасгерги!
– Кумæ цæуис, рохс Алаурди?
– Дæлæ будури ифедуйнагтæмæ æз ку цæун.
– Будур дæуæн кæнунцæ
Хонсари мæнæуæ дæ керехуар,
Цæгати хуар дæ бæгæниаг,
Мисириаг æвзестæ дæ æвæрæн.
Мередаг банбæг дæ нисайнаг,
Де ‘зæлу дусæй сæ ду расæрфæ, рохс Алаурди! [НА СОИГСИ. Фольклор, п.54, д.333, л.229]

Алардыхъан

Табу йæ мадæн, Алардыхъан,
Табу йæ фыдæн, Алардыхъан,
Чысылты тыххæй табутæ, Алардыхъан,
Табу дæ хорзæхæй, Алардыхъан!
Табу де ‘стырдзинадæн, Алардыхъан,
Аларды буц у, Алардыхъан,
Аларды хорз у, Алардыхъан,
Мæнæ нæ сабитæ де ‘уазæг, Алардыхъан!
Бурæ хъус нæл фыс дæ нывонд, Алардыхъан,
Фардæгкаг мæнæуæй дæ чъирийаг, Алардыхъан,
Кувгæ, лæгъстæ дын кæнæм, Алардыхъан,
Гыццылты дын фæдзæхсæм, Алардыхъан!
Табу дæ хорзæхæй, Алардыхъан,
Алы къуыппыл дæ хуымилийæгтæ, Алардыхъан! [НА СОИГСИ. Фольклор, п.71, д.21, с.103]

Аларды

Æй, табу, табу, лæгъстæ, Аларды,

Табу, лæгъстæ, Аларды!
Уæлæ уæларвæй рараст,
Уырдыгæй рæгъаумæ бараст.
Гыццыл уæныг
Ой, табу, ой, табу!
Дардмæ дæм кувдзыстæм,
Ой, табу, табу, табу,
Лæгъстæ, Аларды!
Ой, табу, ой, табу, лæгъстæ,
Хъилсы уæныг рараст.
Ей, табу, лæгъстæ, Аларды!
Уæларвæй рараст,
Уырдыгæй рæгъаумæ бараст,
Зæлдаг синаг йæ къухы,
Хъилсы уæныг дæ нывонд!
Табу, Аларды!
Гыццылтæ де ‘уазæг!
Дардмæ дын кувдзыстæм,
Хæстæгмæ нæм ма æрцу!
Табу дæ мадæн, Аларды!
Табу дæ фыдæн, Аларды!
Уæддæр табу дæхицæн, Аларды! НА СОИГСИ. Фольклор, п.71, д.21, с.104]

ИЛЛЮСТРАЦИИ

Святилище *Аларды (Алардыйы дзуар)*
в сел. Горная Саниба. 26.08.2010 г.

Святилище *Аларды (Алардыйы дзуар)*
близ сел. Дагом (Алагирское ущелье). Фото сер. XX в.

Святилище *Аларды (Алардыйы дзуар)* в сел. Згид (Алагирское ущелье). 03.05.2011 г.

Камень у святилища *Аларды* (*Алардыйы авдæн* – Колыбель *Аларды*) в сел. Згид (Алагирское ущелье). 01.05.2012 г.

Ритуал перекатывания младенцев на камне *Алардыйы авдæн.* Сел. Згид (Алагирское ущелье). 01.05.2012 г.

Праздник *Аларды* в сел. Дигора. 23.04.2012 г.

Молитва у святилища *Аларды* в сел. Згид. 01.05.2012 г.

Праздник *Аларды* в сел. Згид 01.05.2012 г.

Праздник *Аларды* в сел. Горная Саниба 2010 г.

Мелкие предметы из сладостей (зонт) 10.04.2009 г.

Зазбæлас **(ритуальное древо). 10.04.2009 г.**

Мелкие предметы из сладостей (*мæсыг* – башня) 10.04.2009 г.

Цырагъдарæн **(ритуальный подсвечник). 10.04.2009 г.**

Оформление кровати умершей. На кровати – *куатæ/раздарæн* (передник), *сæрбæттæн (платок)*, на стуле – макет швейной машинки из сладостей. 10.04.2009 г.

Мелкие предметы из сладостей. 10.04.2009 г.

Прор*о*щенная пшеница. 2008 г.

Научное издание

ДАРЧИЕВА МАДИНА ВЛАДИМИРОВНА

ВЕРБАЛЬНЫЙ КОД
ОСЕТИНСКОГО ОБРЯДОВОГО ТЕКСТА

Технический редактор – *А.Ю. Цопанова*
Компьютерная верстка – *А.В. Черная*
Дизайн обложки – *Е.Н. Макарова*

Подписано в печать 20.12.12.
Бум. офс. Формат бумаги 60×84 $^{1}/_{16}$. Печать цифровая.
Гарнитура «Times». Усл. п. л. 18,6.
Тираж 300 экз. Заказ № 103.

ИПЦ СОИГСИ им. В.И. Абаева ВНЦ РАН и Правительства РСО-Алания
362040, г. Владикавказ, пр. Мира, 10

Отпечатано ИП Цопановой А.Ю.
362002, г. Владикавказ, пер. Павловский, 3